Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

**ГIАБАСИЛ МухIамад:**
**«Анищазул хурзал, хиялазул ах,**
**Унго, кида телев нужеца дун сах?»**



2/2022
март - апрель





# ГЬУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агенство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана
1952 соналда
Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

# 2
# 2022
**март - апрель**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гьудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургьалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## Номералда руго:

**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**

ГIабасил МухIамад, хIикматаб дур хатI.........................................................3

**МАГIАРУЛАС БЕТIЕР КЪУЛУЛАРЕЛЪУЛ**

**МухIамад АхIмадов.** ГIабасил МахIамадил аслиял асарал…........................5

**РОКЬУЛ ТАВАТУРАЛ**

**ГIабасил МухIамад.** Саба Меседо *(трагедия)* …........................................ 17

**ДУН РОСУЛЪА ВАС ВУГО…**

**ГIабасил МахIамад.** МугIрузул гIадат .......................................................32

**ХВАЛИЛ УНТИ ЧIВАРАВ ШАХТАМАНОВАС**
**ХВЕЛ ГЬЕЧIИН АБУНА ГЬЕБ АСАРАЛЪЕ**

**ГIумар-хIажи Шахтаманов.** ГIаздакь гьалдолел иццал…..........................58

**ЛЪАГIИЛУХЪ БАТАРАБ БИЛИЗЕ ТЕЧIО**

**ТубхIат Зургьалова.** РекIел сахаватлъиялъ ракIазулъ чIарав шагIир….......64

**МАЦI БИЛИЗЕ ТАНИ, БИЛУЛА МИЛЛАТ**

**ГIабасил МахIамад.** Авар мацI цIунизе ккани…........................................71

**КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ…**

**Манарша ГIисаева.** Мухтарил магIил ахир.............................................…91

---

*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №2 2022 г.**
*март - апрель*
*На аварском языке*

Выход в свет 21.04. 2022 г.
Тираж 750 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 1198 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул калам

## ГIАБАСИЛ МУХIАМАД, ХIИКМАТАБ ДУР ХАТI...

Исана 90 сон тIубала Дагъистаналъул халкъияв шагIир, драматург, хъвадарухъан, публицист ГIабасил МухIамад гьавуралдаса. Гьеб ккола нилъер магIарул халкъалъе кIудияб кIвар бугеб лъугьа-бахъин.

ГIабасил МухIамад вукIана дир мугIалим, кIудияв вац. Гьес авар адабияталъе гьабуна кIудияб иш. МагIарул халкъ лъиданиги цебе налъулаб бугилан дица абиларо, амма ГIабасил МухIамад гIадал къанагIатал гIадамал ккола нилъер халкъ цIунунел ва гIуцIулел нартал.

ГIабасил МухIамадил асарал лъугьана унго-унголъунги халкъияллъун. Гьесул рагIабазда кучIдул ахIана магIарулазул машгьурал, гьунар тIокIал кочIохъабаз. «Анищазул хурхал, хиялазул ах…» абураб кечI ва цоги асарал, Даку Асадулаевасул такрарлъи гьечIеб гьаракьалъ цIиял куркьбалги гъун, халкъалъухье роржана ва миллаталъул гIумруялъулъ ва тарихалъулъ хутIана.

ГIабасиласул лирикиял асарал руго рекIел тIиналда тункулел, унго-унгояб рокьуда тIирщарал. Лъида лъаларел гьал хIикматал рагIаби:

**Ихдалил бакъ борхана, хиялазул си гIадин;**
**Дур лага чIурканлъана, чIорлъун араб гьветI гIадин.**
**Дир бераз мун йосула, нусгоялъа йищула;**
**Йокьулилан щурула, щвеларилан хIинкъула.**

Авар адабият цебетIезабиялъулъ ГIабасил МухIамадил асараз кIудияб бакI ккола. Гьес квер бачIеб кьуруги, кьолочIеб айгъирги, нилъер литератураялъулъе бачинчIеб жанрги къанагIат батила. Амма бищун камилал ва халкъалъе хириял асарал ГIабасилас тана драматургиялда: «Саба меседо», «Камалил Башир», «ХъахIабросулъа МахIмуд» абурал гьесул трагедиял ккола унго-унгояб классика. Авартеатралда спектаклялги лъуна, гьел асаразда рекъон.

**Махил гъутIби руго Гъуниб магIарда,**
**МагIие гъенолел гьалалги гьурщун.**
**Гьарчил кьуру буго балал рагIалда,**
**ГIунараб щцидае цабиги къирщун.**

**Къояли букIараб борхалъиялда,**
**Борхатаб щобдасан Шамил кIалъараб.**
**НакIкIлъун солдат лъураб сверухълъиялда**
**Досул тари гьечIеб таваккал лъараб.**

Кавказалъул рагъул хIакъикъат рагьулел чанги гъваридал асарал руго ГIабасиласул. ГIумрудул ахирал соназда гьес хъвараб «Хунзахъа Ахъбердилав» абураб къисаги буго тарихияб прозаялъулъ кIудияб бакI кколеб асар.

**Расул ХIамзатовас къимат гьабулаан ГIабасиласул.**
**ГIабасил МухIамад гIабсаз восулев**
**ГIадан гурев вугев нилъер ТIалъидал.**
**Москваялда гIемер лъагIелал рана,**
**ЛъагIилухъ батараб билизе течIо.**

Гьединал мухъал хъван руго ХIамзатовас ГIабасиласе кьолеб тIехьалда.

ГIабасил МухIамадица гIуцана хасаб адабияб школа. Гьесул хIакъалъулъ асарал хъвачIел, гьесдехун бугеб адаб загьир гьабичIел аваразул хъвадарухъаби дагь ратила. ШагIир камидал, гьадинал мухъал хъвана Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъул авар мацIалда рахъулел асаразул редактор, шагIир ва прозаик ГIайшат ГIалиеваль:

**ГIабасил МахIамад, мунго хваниги,**
**Хвел гьечIеб цIар тана дуца ракьалда.**
**Махщел камиллъиялъ, халкъиявилан**
**КIодолъи кьуна дуй дур гьунаралъухъ.**

**Дуца кьураб гIелму гIадахъ босарал,**
**Дур мутагIилзабаз сиял рахана.**
**Адабияталъул дур дарсал щварал,**
**Чан шагIирасул цIар тIатинабураб.**

**ГIадамазде бугеб рекIел рокьиялъ,**
**Кьоял лъуна дуца гьудуллъиялъул.**
**Дуца гьабунщинаб лъикIлъиялъул гъветI,**
**ТIегьалеб, тIегьалеб букIина даим.**

**Дунялалда дуца барабщинаб мех**
**Дур гIаданлъиялъул роцен батана.**
**Дур гIумру, унгоха, ун батараб хех,**
**Хваниги, халкъалъе ирс тана дуца.**

**Дур юбилеялъул кьо тIубалелъул,**
**ТIокIав нижгун гьечIо мун, ГIабасилав.**
**Росдае камурав шагIир гуро мун,**
**Дагъистаналъего камурав вуго.**

Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъул магIарул мацIалда рахъулел тIахьазул редакторлъун гIемер соназ хIалтIана ГIабасил МухIамад. Гьес тIоцебе бахъана Инхоса ГIали-хIажиясул тIехь, кIудияб хIалтIи гьабуна ХъахIабросулъа МахIмудил ва цоги нилъер шагIирзабазул тIолго асарал ва гIумруялъул хIужаби лъазариялъе.

**Хасало гьавурав ГIабасиласе**
**Хасалихъе гъутIбуз тIанхал щущана.**
**ТIогьилаб юргъан бан, шагIирасул хоб**
**ТIабигIаталъ жакъа тIупулеб буго.**

**Панаяб магIарул мацIалъул кIалгIа**
**МагIид босун буго жакъа ЛъагIилухъ.**
**ГIабасил васасул машгьураб гъасда**
**Пашманлъиялъул цIа парпалеб буго.**

**Пагьмуги, гьунарги, рухIияб ирсги**
**РахIматлъун чвахула халкъалъухъе дур.**
**ГIабасил МахIамад, хIикматаб дур хатI**
**ХутIила гIасрабаз магIарулалгун.**

Аллагьас мунагьал чураги ГIабасил МухIамадил, алжан насиблъаги гьесие. Амин.

## ГӀАБАСИЛ МАХӀАМАДИЛ «АСЛИЯЛ АСАРАЛ»

Гьаб 2022-абилеб сон Дагъистаналъул халкъияв поэт ГӀабасил МахӀамадил сон бугилан абизе бегьула: 90 сон тӀубала гьев гьавуралдаса.

Дида, жакъа гӀадин, ракӀалда буго тӀоцеве Гъуниб магӀарда ГӀабасил МахӀамад дандчӀвараб риидалил къо.

«Ралъдал карачел» абураб, дие жакъаги бищун бокьулеб, гьесул тӀехьалда бахъараб суратaлдасан лъана дида гьев шагӀир, вихьаравго, ватӀа вахъизе.

Дун, жеги школалда цӀалулев вугев, гьанжего-гьанже кучӀдул хъвазе байбихьарав гӀолохъанав шагӀир гьесда аскӀовегӀан ана ва хӀинкъадго гьикъана: «Мун ГӀабасил МахӀамад гурищ?» - абун.

«У, дун ГӀабасил МахӀамад вуго» – ян жаваб кьуна гьес. Гьеб букӀана шагӀир, хадуб тӀолабго халкъалда лъараб ва кӀудияб рокьигун къабул гьабураб, «Камалил Башир» абураб трагедиялда тӀад хӀалтӀулеб заман.

Дун цадахъ вачана ГӀабасил МахӀамадица Камалил Баширил ватӀаналде – ЧӀохъе.

Нухда ГӀабасил МахӀамадица цӀалана дие, гьеб нухалъ Гъуниве щведал хъвараб, жиндирго цӀияб кечӀ. Гьадин байбихьулеб букӀана гьеб:

> **Махил гъутӀби руго ГъунимагӀарда,**
> **МагӀие гъенолел гъалалги гъурщун.**
> **Гъарчил къуру буго балал рагӀалда,**
> **ГӀунараб ццидае цабиги къирщун...**

БитӀараб бицани, жакъаги рекӀее кӀудияб асар гьабулел гьел жугьаби хъвазе доб заманалда рухӀияб бахӀарчилъи къваригӀунаан, Шамилилги гьесул къадруяб къеркьеялъулги бицарал кучӀдул хъвазеги, цӀализеги, рахъизеги киназулго гуро таваккал гӀолеб букӀараб, жакъа Шамил веццизе лъугьарал, доб мехалъ, кӀалдибе лъим босарал гӀадин, гӀенеккун чӀун рукӀунаан, ГӀабасил МахӀамадицайин абуни, щибго бахчичӀого кочӀолъ жиндирго пикру рагьулеб букӀана.

Гьеб къоялдаса нахъе гьале 50 сон ана поэзиялдаги, гӀумруялдаги, гӀадамаздаги, гӀаданльиялдаги, гьудуллъиялдаги, лъикӀлъиялдаги, чилъиялдаги аскӀоб, щибго нечечӀого, чӀухӀадго борхун бетӀерги ккун, керенги ракӀги рагьун, гьунарги кечӀги кунчӀун: «Дун ГӀабасил МахӀамад вуго» абун жаваб кьолеб бугелдаса дир гьудуласги, мугӀалимасги, шагӀирасги.

Гьесул хӀакъалъулъ хъвазе къалам кодобе босарабго, шагӀирасул гӀумруялъулги тӀахьазулги тӀамчазде тӀаде къуларавго, рагӀулеб буго гьесул цо жиндиего хасиятаб гьаракь: «Дун ГӀабасил МахӀамад вуго!»

Гьеб гьаракьалъ гьудулзабазе рохел кьола, магӀарул халкъалъ гьеб гьаракь рокьигун къабул гьабула, тушбаби гьеб гьаракьалъ, кьерги тӀун, тӀуркӀизарула.

Унго-унгояв, халкъги бугев, халкъалъеги вугев, поэзиялъул мацІги бугев, мацІалъулъ поэзияги бугев, Аллагьас кьураб гьунаралъул гьундул риххизе течІев, кочІол цо жугьа цІаларабго цІарги хатІги лъалев шагІирасул гьедин букІуна.

Гьудуллъиялъги, гьитІинав вацасдехун гІадин гьесул дидехун букІараб ва бугеб даимаб бербалагьиялъги, гьес дир гъажалдаса, кигІан захІматал къоял рачІаниги, кигІан къваридал сонал рукІаниги, вацлъиялъулги гьудуллъиялъулги квер нахъе босичІо, дица гьесул гъажалдасаги босичІо.

Гьал арал соназда гІемерал гьурал пуна, гІазу бана, буран бахъана ниж кІиясулго нухда, амма гьудуллъиялъул чирахъ нижеца свине течІо, дир гІолохъанлъиялъулги сабру гІунгутІиялъулги гьалатІал гьес тІаде гІакълудул гьалайги тІун ритІизаруна.

Жакъа, ГІабасил МахІамад гьавуралдаса тІубалеб буго 90 сон, гІумру анагІан гІадамал гьесие, хиралъун гурони, рихунел рукІинчІо, гьев вукІана кутакалда гьудулзабиги хирияв, гьезул къиматги гьабулев инсан.

МагІарулазул шагІир ГІабасил МахІамад гьавуна 1932 соналъ Хунзахъ районалъул ЛъагІилухъ росулъ. Гьоркьохъеб школа лъугІун хадув, гІемерал соназ хІалтІана учительлъун, 1971 соналъ гьес лъугІизабуна Москваялъул М.Горькиясул цІаралда бугеб Литературияб институт.

Аваразул адабияталде ГІабасил МахІамад вачІана жиндирго хасаб нухдасан, тІоцебесеб кечІ бахъараб къоялдаса нахъего гьесул гьаракь батІа бахъизе лъана цІалдолезда.

ГІадада гуро поэтас 1965 соналъ бахъараб кучІдузул тІоцебесеб тІехьалда «Дерец» абураб цІар лъун букІараб. ГІаздакьаги баккун, дунялалъе гьимулеб дерецалъул гІадаб хІеренлъиги, берцинлъиги, рекІел къвакІиги цолъарал шагІирасул асараз асар гьабуна магІарулазул ракІазе, ракІалда чІезабуна гьесул цІар, цІумурлъун звангъизабуна гьесул гьаракь, роцІцІараб, бацІцІадаб магІарул мацІалъ кверде росула цІалдолезул ракІал.

Гьунар кидаго халкъалъе хІажатаблъун лъугьуна, гьелъ гІумруги гІадамалги берцин гьарула, гьеб такрарлъи гьечІеблъун лъугьуна.

Рохалилаб хинлъигун, талихІаб асаргун рагьулел руго дица жакъа шагІирасул тІахьал. Гьезул тІанчаз нилъее рагьула гьайбатаб дунял: гІаданлъиги, рокьиги, гІадамал рокьиги, рохел-пашманлъиги, лъикІлъиялъул хІухьелги, хІасраталъул гьаракьги, рокьул кьералги, рокьукъабщиналде ццинги, ВатІаналде, халкъалде бугеб гьалдолеб асарги – гьеб кинабго цолъун буго рекІел канлъиялъ къалъизабураб ГІабасил МахІамадил поэзиялъул улкаялда:

**Дирни дир цІарги буго,**
**Дир инсул цІарги буго,**
**Миллатги халкъги буго,**
**Халкъалъе дунги вуго.**

Гьедин хъвана поэтас цо кочІолъ. Халкъалъе шагІирги шагІирасе халкъги хІажатаб гьечІони, дунялалда кочІохъанас бараб гІумру гІадада буго.

ГІабасил МахІамадие магІарул халкъги, халкъалъул къисматги, къарнуялъул къварилъи-рохелги хирияб бугеблъи дида лъикІ лъала, гьев халкъалъе хІажатав вугеблъи заманаялъ бицина ва борцина.

Поэзия кидаго букIуна рекIел канлъилъун, каранзул хIухьеллъун, хIасраталъул цIалъун. РекIел мацIалдаса магIарул мацIалде руссинарурал ГIабасил МахIамадил рагIабаз, накъищаз кинигин, мухъал къачIалел рифмабаз, накъищазул маххал гIадин кенчIолел сонетазул гораз, цIалулаго бакъналлъун лъугъунел шигIрабаз, пикрабазул карачелаллъун гъелчолел поэтасул назмабаз, пашманлъиялъул магIу ххуларал элегиябаз, балъголъи бахчарал сариназ, рагIаби рекIкIун гьарурал гьазалабаз, гъваридаб магIнаялъ цIурал рубагIиятаз, шагIирасул гIумруялъ ургъарал кицабаз, биценаз, бицанкIабаз, рокьул цIар рагьулел цIарубакIаз, гIасруялъул гьаракь босарал къотIалабаз, магIарул халкъальул къисмат къалъарал къасидатаз, шагIирасул гьунаралъул гьулбасал гIадал анлъжугьабаз, микьжугьабаз, ункъжугьабаз, кIижугьабаз нилъее изну кьола ГIабасил МахIамад унго-унгояв халкъияв поэт вугилан абизе.

Цо лахIзаталъ гIенеккизин живго шагIирасухъ:

**Диргияли ургъел гъугъалеб бугеб,**
**Гъарим МахIмудида рагIулеб хIалалъ.**
**ХIасратаб рекIеда рекIун цIа бугеб,**
**ЦIуллъун Муицини юхIулеб хIалалъ.**
*(Элегиябаздасан)*

**Басанде кагътиде, тIухьидул къалам,**
**Къо щванин рагIизе ракIалъул калам;**
**Кодой босаниги, босичIониги,**
**БитIизе ккун бугин кватIараб салам.**

**Угье магIарулалъ гIищкъудул гъазал,**
**Гъаримаб дир рекIел рагъе алифлам.**
**Рекъезе мех щванин барщараб рокъи,**
**Кьурун гъетIарабги битIулин жулам.**

**ГIабасил МахIамад, хIеле дур шигIру,**
**ГIищкъудай къулулин гъаб халкъул гIалам.**

* * *

**Сардил зодире рахун рахчирукъ хIалел цIваби,**
**Щвабзазде хIалхъублъиялъ хIапдолел ругел гъаби.**
**Хьухъазул гIаздадасан хъущтIун нахъе цIалеб моцI,**
**МацI лъалареб лъимерлъун руцIцIун**
**дир тIармил чIчIваби.**
*(РубагIиятаздасан)*

**Ана нилъер къоял, къана сардил их,**
**Сон букIараб рии нахъе щвеларо;**
**Макъилъ бихьаниги бачIеб цIадал ихх**
**Асар ссвараб рокъул кьотIе ккеларо.**
*(ЦIарубакIаздасан)*

Гьеб цIарубакIалъул балъголъи рагьизе ккани, щибаб жугьаялъул тIоцебесеб хIарпги босун, тIасагъоркье цIализе ккола. Гьеб шагIирасул хIай гуро, рокьул цIар рагьизе батараб цIияб къагIида буго. Гьединал цIарубакIаз гьесул шигIрабазулъ букIине кколеб бакI ккун буго.

Бищун захIматаб иш буго къокъаб кечI хъвазе. Гьелъие цIакъ кIудияб устарлъиги, гьварилъиги, рагIул борхалъиги къваригIуна. ГIабасил МахIамад вук1ана кицабиял алфазазул устар, гьесухъа бажарана пикру, цо лахIзаталъ лъалхъизеги гьабун, абадиялъего цIунулеб къагIидаялда кьезе:

**Херлъи свакай буго, сихIкъотIи буго,**
**Ссунеб чирахъалъул чучаб нур буго.**
*(Жугьабаздасан)*

**Чармил хвалчадулги рухI чармил гуро,**
**Черхалъул къвакIиялъ къотIарула гьеб.**
**БахIарчиясулги ракI ганчIил гуро,**
**ВатIан хиралъиялъ тIуркIуларо гьеб.**
*(Ункъжугьабаздасан)*

**Гъале дунял, доле Бакъ:**
**Дида хабар лъаларо.**
**Бачунге дихъе Буракъ,**
**Дун зодове щвеларо.**
**Ракъалдасан вижидал –**
**Ракълъун лъугъина хведал.**
*(Анлъжугьабаздасан)*

**ГIумруялъ хIелкилгIан гьудул гьечIеца**
**Гъудуласул бицун къисаби хъвала,**
**Жидер лъадухъгицин рокьи ккечIеца**
**Рокьул кучIдулги хъван хъала бахъула.**

**Я тIадегIанаб зоб, дур гьаваялда**
**Гьерсил гьурал руго рагIулел дида.**
**Огь, бакъул дуниял, дур гъумералда**
**Гьал артистал руго релъулел дида.**
*(Микьжугъабаздасан)*

**Мун херлъун вихьулилан щурана гъудуласда,**
**Гъале барщана дунгун.**
**Мун хвезеги вугилан абуна дица гъесда,**
**Гъале барщана дунгун.**
**Цинги хобги билулин малъана гъудуласда,**
**Гъале барщана дунгун,**
**Хадуб ракъацин ракълъун лълъунин бицана гъесда,**
**Гъале барщана дунгун.**
**Огь, мун къогIаб битIараб!**
*(ИчIжугъабаздасан)*

Мисалал жеги гIемер рачине бегьула.

Нилъеда бихьулеб буго лъиданиги релълъинчIеб хатIги, хвел гьечIеб пикруги, пирилъун кунчIулеб кочIол рагIиги, рагIизе бокьулеб насихIатги, рокьул цIураб ракIги, ракIалдаса унареб дарсги, дурусаб каламги, камилал жугьабиги цолъун лъугьараб ГIабасил МахIамадил поэзия аваразул адабияталъул борхалъуде бахун букIин.

ГIадада гуро Расул ХIамзатовас поэтасул хIакъалъулъ гьадин абураб:

«Поэзиялъул ралъдал рагIалда гIодов чIун, даимал пикрабазда вуго дун. Дир халкъ, дир ракь, рокьулел мугIрул, гIагарал щобал, щолеб буго нужехъе дир пикру. РакIалде рачIуна шагIирзаби, гIалимзаби, гIагараб халкъалъул рекIелъ лъалкI тарал, тезе бугел гIадамал. ГIумруялъ, къисматалъ, къарнабаз цIунун хутIана нилъее гьезул гьаракьги рагIиги.

ГIабасил МахIамад... МагIарулазда лъикI лъала гьеб цIар, цIалула гьесул асарал, асир гьарула шагIирасул «МахIмуд» ва «Камалил Башир» абурал трагедиябаз.

МагIарул халкъалъул къисматги, жакъасеб къоялъул кунчIиги, чIужугIаданалде, гIумруялде, гIадамазде, ВатIаналде бугеб рокьиги, рокьукъабщиналде ццинги, талихIалъул хIухьелги, хIалхьи гьечIеб рекIел кIутIиги, кIудияб ВатIанги, гьитIинаб росуги, росдал сухъмахъалги, гIасруялъул гIатIидал нухалги цо лахIзаталъ цолъула пикрабазулъ ГIабасил МахIамадил тIахьазул тIанчал рагьулаго, гьесул поэзиялъул улкаялде льугьаралго.

РагIула рацIцIадал иццазул чили, чвахулел лъаразул бакънал, гьалагал гIоразул хъуди, хъахIилаб ралъдал гьалдей. Бихьула магIарухъ рештIараб рогьел, улкаялъул гIатIилъабазда тIибитIараб бакъ. Бакъ гIадин къалъарал шагIирасул рагIабаз рагьула хIикматаб дунял.

ГIабасил МахIамадил асарал цIалулаго цIидасан бичIчIула рагIул берцинлъиги бицине рес гьечIеб кочIолаб къуватги. Гьесул поэзиялъ гIадамал гIагар гьарула, гIамал берцин гьабула, гIумру гIатIид гьабула.

Аваразул поэзиялда ГIабасил МахIамад вукIана гIицIго ГIабасил МахIамадида релълъарав поэт. Гьесул букIана жиндирго нух, жиндирго хатI, жиндирго рагIи. Гьесул кучIдул цIалулаго нилъеда рагIула ГIабасил МахIамадил гьаракь, бихьула ГIабасил МахIамадил къисмат, якъинлъула ГIабасил МахIамадил гIумру, рагIула гьесул рухIияб дунял, кIалъала даимаб хIалхьи гьечIолъи, хIакълъула рекIел бахIарчилъи, бичIчIула чилъи цIунизе, инсанлъун хутIизе поэтасул жугьабаз балеб ахIи.

Аваразул кочIолъ рифма букIинчIолъи лъиего балъголъи гуро. Гьеб гьечIониги магIарул кочIол пасихIлъи борхалъуда букIинги лъалареб жо гуро. Амма якъинаб буго ГIабасил МахIамадица магIарул мацIалъе гьелъул хIикмалъи рагьи, поэзиялъул гъастIа цIиял хIенхIал кинигин, гьел кунчIизари, камиллъизари. Гьедин мухъазул ахир рекъезаби хIажатаблъун лъугьана ГIабасил МахIамадил жиндирго кочIол дунялалъе:

**Анищазул хурзал, хиялазул ах,**
**Унго, кидал телев нужеца дун сах,**
**Дир квер гIунтIулареб гIищкъуялъул тах,**
**Щиб къоялъ бачунеб дуца дие ахх?!**

БитIараб бицани, гьадинаб бечедаб мацI бихьулел ргIабиги ргIизе рекъарал рифмабиги тIоцере ргьана ва жиндирго кочIолаб гIадатлъун лъугьинабуна ГIабасил МахIамадица.

**Йокьулилан щурула,**
**Щвеларилан хIинкъула...**

Жакъа нужеца рагьулеб тIехьалдаги гIемерал дандчIвала гьадинал ракI хIайран гьабулел жугьаби. Гьезул хIакъалъулъ хIакъаб ргIи абизе заман цебего щун буго. Божула жакъа нилъеда цадахъ ругезеги хадур рачIунезеги поэтасул каламалъ кидаго асар гьабизе букIиналда».

КигIанха ракI бохизабулеб жиндирго творчествоялда поэтас законлъун гьабураб рифмаялъ, кидаго авар мацIалда букIараб гIадин, эркенго, цIалеб хIухьел гIадин хIажалъун гьеб бихьараб мехалъ.

Гьесул рифмаялъ, магIарул кочIол чваххиялъеги хIеренлъиялъеги цIияб кунчIи кьун гуреб, кидаго квалквал гьабулеб гьечIо:

**ГIодоса эхеде нилъ рорхилалде**
**РагIадги тIад бетун ратулел берал.**
**ГIанчIаб гIолохъанлъи – дир хъудараб гIор,**
**ГIадиллъараб херлъи – дир хIалхъараб хIор.**

ТIад квартIа кIутIизе бакI гьечIел гьадинал мухъал дагь гьечIо поэтасул кочIол улкаялда. МагIарулазул кочIое рифма гъечIониги гIолеблъи лъидаго лъала, амма жиндирго хатIалъе хасслъи кьезе, мацIалъул хIикмалъаби загьир гьаризе, батIи-батIияб къагIидаяль кочIол мухъал къачIазе поэтас бахъараб жигар нилъер адабияталъе хIажатаб буго, рифмабаздалъун хъварал ГIабасилил кучIдуз кечI хириял рохизарула.

«Бищун кIудиял пикраби руго рекIелъ рижулел пикраби», – ян хъвана Лев Толстояс. Гьел ргIаби ракIалде щвана дида ГIабасил МахIамадил «Холареб цIва» абураб рокьул кучIдузул цIияб цикл цIаларабго. ГIищкъуялъ кьураб пикруги пикруялъ рагьулеб гIищкъуги буго гьениб.

Зодихъ цIва кидаго гвангъараб букIуна, амма кочIол зодихъ гьеб гвангъиялъе щивав шагIирас жиндирго рухIияб канлъи кьола, каранзул хIухьел кьола, гьеб канлъи кочIолъ шагIирасул гьунаралда рекъон я цIикIкIуна, я дагьлъула.

МагIарул кочIол киналго ргIаби магIарул тIокIкIарал иццазда релълъине ккола, тIаде къуланщиназул къеч буссунел, жанисан гьумерги бихьулел.

**Дунгун гаргадарал долго бераца,**
**Бальголъиги рагьун, ялагъула мун.**
**Гьимиго батIиял долго кIутIбуца**
**КIалги рахан бицун, берцинлъула мун.**

«К1алги рахан бицараб берцинлъи» хIажалъула рухIалъеги яхIалъеги. ГIабасил МахIамадида магIарул мацIги магIарул мацIалда ГIабасил МахIамадги лъикIго лъала.

ГӀабасил МахӀамадил творчествоялъе цоги хасиятаб рахълъун ккола хӀалхьи гьечӀолъи, батӀи-батӀиял жанразда асарал хъвай, кочӀол гӀорхъаби гӀатӀид гьаризе хӀаракат бахъи, магӀарул мацӀалъул бечелъаби гьесул асаразулъ загьирлъулел рукӀин.

Гьесул шигӀрабазулъ тӀатуна тӀармил хӀайранлъиги, аргъаналъул гъугъайги, пианиноялъул хӀеренаб гъварилъиги, зурмил къвакъвайги, къолол гьаракьги, гитараялъул пашманаб угьиги, чагъанаялъул хӀалимаб гӀодиги – гьеб кинабго цолъараб мехалъ лъугьуна кочӀохъанасул рекӀел гӀажаибал бакънал, бакъ щварал щобал гӀадин кунчӀула рухӀияб дунялалъул даимаб бечелъи. Бачунеб бакъан рекъарав, тӀабигӀаталъулги гӀумруялъулги нуралъулги кьерал цолъизарурав, жакъасеб къоялдаги къисматалдаги, жиндирго рекӀелъги, дунялалдаги ритӀухълъи балагьулев, арал къарнабазул гьаракь цӀилъизабулев шагӀирлъун вукӀана магӀарулазе ГӀабасил МахӀамад. РагӀула поэтасул рагӀаби:

**«Гьаб дунял пайда гьечӀеб гьоболасул рукъ буго,**
**Гьогъомизе гьоркъ чӀараб гьветӀалъул рагӀад буго».**
**ШагӀир, мун витӀун вуго, тӀад кӀалъазе бакӀ гьечӀо,**
**Амма дие дуниял дуйгӀан къваридаб гьечӀо.**

**Дунялалъул гӀатӀилъи бараб буго ракӀалда,**
**БакӀабги эркенабги бачӀараб заманалда.**

ГӀабасил МахӀамадица хъвана гӀемерал литературиял маргьаби. Гьезул цояблъун ккола нилъеца бицен гьабулеб бугеб «Макьил рокьи».

«Макьил рокьиялъ» жанибе бачун буго шагӀирасул философиял рахъал: инсанасул гӀумруялъул магӀна, магӀаруласул яхӀ, инсухълъиялде, ватӀаналде бугеб рокьи, бокьулеб ракьалъ кьолел дарсал.

Маргьудал герой ГӀакарол рокьи ккола макьилъ йихьарай ясалъухъ. ГӀадатияв вехь гӀадаллъула гьеб макьу бихьаралдаса. Амма гьев, цо сабабалъ сахги гьавун, гӀемерал къварилъабиги нахъа тун, щола макьилъ йихьарай йокьулелъул маргьуял гьундухъе, ячуна гьей, вукӀуна алжаналда гӀадаб гӀумру гьабулев, херлъиги хвелги гьечӀеб гӀумруялда.

ГӀабасил МахӀамадица хъвана лъабго трагедия, лъабго рокьул таватур: «МахӀмуд», «Камалил Башир», «Саба Меседо».

«ГӀицӀго рокьи ккарав чиясул ихтияр букӀуна инсанилан абураб цӀаралъе» – ян хъвана гӀурусазул поэзиялъул къиралзабазул цояв Александр Блокица.

ГӀабасил МахӀамадида МахӀмуд вичӀчӀана.

...РагӀулеб буго дида кӀиабилеб гьаракь. Гьеб «Камалил Баширил» буго. Гьеб трагедия ГӀабасил МахӀамадица хъвана ХъахӀабросулъа МахӀмудил гьудулас гӀадин.

МахӀмуд – цо чӀужугӀадан йокьарав. Камалил Башир – киналго руччабазе вокьулев. КӀиялго талихӀалги, кӀиялго талихӀ къаралги. КӀиялго руччаби сабаблъун чӀваралги.

МахӀмудие йокьулей щвечӀо, Башир руччабазул рокьуца чӀвана.

КӀиго къисмат, кӀиго къиса, кӀиго къисас.

Нилъ жакъасеб къоялъ гьелъие нугӀзаллъун рукӀин нужеда гьел трагедиял цӀаларалго бичӀчӀила.

...РагIулеб буго дида лъабабилеб гьаракь. Гьеб «Саба Меседол» буго.

ГIабасил МахIамадилги дирги гьудул мунагьал чураяв ГIумархIажи Шахтамановас, хвалилаб унтиги чIван больницаялда живго вугеб мехалъ, дун кIиго-лъабго нухалъ цIализе тIамуна ГIабасил МахIамадил «Саба Меседо» – лъабабилеб рокьул таватур.

Дица гьесда абуна: «ГIумархIажи, дица гьеб цебего цIалана». Гьес дие жаваб кьуна: «Жанисан цIалун батиларо дуца гьеб, гьениб цо батIияб балъголъи бихьулеб буго дида, цоги нухалъ цIале».

Дица цIалана…

…Нахъа-нахъа, кIудияв гIураб мехалъ, гIезегIан жо бихьун ва цIалун лъараб ригьалда, даимаб гIаздакь гьалдолел иццазда релълъунаан дие согIаб жагьиллъиялъул бецIлъуда пирхараб, амма мурадалде щвечIеб гIищкъу, гьеб гIищкъу сабаблъун гIажал насиблъаразул къисмат, гьезул чиякълъи ва ияхIалъул шулалъи: Кьурулъ хутIарав Палиги гьесул гурхIелги; анлъкилищги, гIаздакь гьалдолеб иццгIан бацIцIадаб гьесул ияхIги, Камалил Баширги балагьалде гъураб гьесул берцинлъиги, гьесул гIищкъуялъул, хиялазул бацIцIалъиги: инсуца – аваразул кIудияв нуцалас – жий кьоларесухъ рокьи ккунилан абун, гIаздал магIарде йитIун тIад цIерчIван хварай ясалъул лебаллъиги.

ГIабасил МахIамадида жиндирго нух батана рокьулъги, гIумруялъулъги, кучIдузулъги, трагедиязулъги. Гьеб нухда гьес гара-чIвари гьебулеб буго бадиса бадибе, нечечIого, хIинкъичIого, къуличIого, чIухIичIого, гьесда гIумруги бичIчIун, гIумруялда гьевги вичIчIун. Гьесда гIадамалги лъан, гIадамазда гьевги лъан, гьесда гIасруги кIалъана, гIасруялда гьевги кIалъана.

Гьедин букIинеги ккола.

Дица нахъеги регулел руго ГIабасил МахIамадил тIахьал: «Дерец», «Сардил чирахъ», «КьуртIа цIум», «Ралъдал карачел», «НакIкIутIа мугIрул», «МагIарухъ», «Иргаби», «Рохьил маргьаби», «Рохьил бакънал», «Рохьил балъголъаби», «ЦIадулал ракIал», «КъатIраби», «Милъирщодул куркьбазда», «Асарал», «Рокьул таватурал».

БитIараб бицани, аслиял гурел асарал ГIабасил МахIамадил творчествоялда цIакъ дагьал руго, гьесул щибаб асаралъулги гьесул гIумруялъулги аслу цо буго.

ГIабасил МахIамадица абулаан: дие дирго кучIдул цохIо магIарулаз цIаланиги гIелилан. КIвелаан гьесдаги, цогидаздаго гIадин, гIурус мацIалда гIемерал тIахьал рахъизеги, амма гьес гьелде киданиги кIвар кьечIо. Гьебги букIана шагIирасул гIамалалъул цоги жиндиего хасиятаб рахъ.

КучIдулги трагедиябиги гурелги, ГIабасил МахIамадица хъвана гIемерал лъималазе кучIдул, гьесул къалмикьан ана жинцаго ургъарал маргьаби, гьес гIемерал соназ гIурус ва цогидал мацIаздаса руссинаруна нилъер мацIалъ риун тIурал гIадин ккарал гIемерал хъвадарухъабазул, классиказул асарал. ГIалимчиясул гьунарги, гIакълуги, гъварилъиги бихьизабуна гьес Инхоса ГIалихIажиясул тIехьалъе хъвараб цебергIиялда.

ГIабасил МахIамадица ахирал соназда хъвана гIемерал цIиял кучIдул. Гьунаралъ заман борцани, заманаялъ гьунарги цIунула. Гьунаралье заман букIунаро, пагьмуялъе сонал рукIунаро.

МагIарул щибаб росулъги, рокъобги, рукъалъул гъасдаги ахIулеб цо кечI буго ГIабасил МахIамадил:

**Дир бераз мун йосула,**
**Нусгоялъа йищула,**
**Йокъулилан щурула,**
**Щвеларилан хIинкъула...**

Гьединал, тIад квартIа кIутIизе бакI гьечIел мухъазул цIун руго ГIабасил МахIамадил шигIраби.

ГIабасил МахIамадил лирикаялъул хаслъабазул бицунаго, берцинго ва ритIухъго абулеб буго гьесул творчествоялда тIасан тIоцебесеб диссертация хъварай филологиял гIелмабазул кандидат Маржанат ХIажиахIмадовалъ: «БацIцIадаб иццул чили букIа, гьогьомараб гьорол гьели букIа, хъахIмиккиялъул бахьинлъи букIа, эркенлъиялъул гIаламатлъун къадада бараб ханжар букIа – гьеб кинабго квербакъиялъе батула поэтасе – шигIрияб цIаялъул хIенехIги хIасратаб пикруги балагьизе. Щудудаса бортараб хIулиялъгицин тIамула шагIир гIумруялъул къисматалда тIад ургъизе.

...Жиндирго дунял бичIчIиялъги, дунял бихьиялъги, сверухъеб дуньялалде бугеб бербалагьиялъги, жамгIиябгун гIаданлъиялъул рахъалъги ГIабасил МахIамад ккола лирикияв поэтлъун. Кинал темабазде, гьел рагьизе кинал формабазде вакканиги, гьес кинабго жин– дирго рекIелъан биччалеб буго, цIаги пирхизабулаго.

...Поэтас гьересияб берцинлъиялдаса инкар гьабулеб буго, жанисеб берцинлъи бихьизе жигар бахъулеб буго.

Поэтасе берцинлъи гьелъул жанисебги къватIисебги хIакъикъат цолъизабиялъулъ батулеб буго...»

Гьеб цIакъ битIараб буго, хасго жакъасеб къоялъе хIажатаб пикру буго.

ГIабасил МахIамадил пагьму-гьунаралъе къимат кьун абурал берцинал рагIаби рукIана жидер мунагьал чураял МухIамад Сулимановасги Муса МухIамадовасги абурал. Рихьана лъикIал пикраби Сиражудин ХIайбулаевасги Чакар Юсуповалъги хъварал, руго къиматал рагIаби Фазу Палиевалъги МухIамад ТIагьировасги хъварал, дагьал гьечIо гьел поэтазул цIияб гIелалъ хъваралги. Амма лъицаниги ва киданиги гьесул асаразе лъикIаб гуреб къимат кьолеб букIинчIо.

БачIун буго цIакъго захIматаб замана. Бихх-биххун ана кIудияб улка. Каранда ракI унтулеб, бухIулеб, инагьдулеб буго шагIирасулги. Гьединал къоязул авалалдаго бижараб буго «Ц1ияб суал» абураб кечIги. ЦIиял суалал кьолел руго гIасруялъги, гIумруялъги, гIадамазги.

ЦIиял жавабал ралагьизе руго нилъецаги…

**...Президентазул цIад балеб бугин,**
**ЦIиял ханзабаца хур бекьиладай!**
**Спекулянтаца квер биххун бугин,**
**Бохалда бох лъураз бокь бахъулебдай!**

ЗахIматаб заманалда суалалги захIматал рукIуна. Гьаниб политика халкъалъул, ватIаналъул ургъел гьабиялде, гьел цIуниялде сверун буго, рахIат хварав шагIирасул суалал киналго яхI-намус бугел чагIаз такрар гьарулеллъун лъугьун руго.

Абизе бокьун буго ГIабасиласул рагIабаздалъун:

**Дир къоял унел руго**
**Эркенаб гIумруялда,**
**Анищаз хиялал ккун,**
**Хиялаз анищал ккун.**
**Сардал рогъунел руго**
**Гъуинаб макъуялда,**
**Рокьиялъ гIищкъу ахIун,**
**ГIищкъуялъ рокьи ахIун.**
**Сонал лъедолел руго**
**Даимаб талихIалда,**
**ГIадамазда дун ватун,**
**Дида гIадамал ратун.**

Гьелдаса кIудияб талихI шагIирасе гIумруялъ кидаго кьезе рес гьечIо.

Биччанте кидаго гьедин букIине – рекIел канлъиялъ къалъизабураб къисматалъ кунчIизабураб гьесул кочIол дунялалда.

ШагIирасул кочIол дуниял кидаго бараб букIуна гьесул рекIел дуниялалда. РекIел дуниялги нилъее загьирлъула шагIирасул гIумруялъул нухалдасан. ГIабасил МахIамадил гIумруялъул нухги гьесул рекIел хIалги цоцазда бухьараб буголъи бихьана тIоцебе Расул ХIамзатовасда, гIадада гуреб кIудияв шагIирас гьеб жиндирго пикру гьадинаб кочIодалъун загьир гьабунги букIараб:

**ГIабасил МахIамад, жахIда ккана дир –**
**Жакъаги щуго яс дур таксиялда.**
**Цинги дун хIинкъана, гъезул сверулъа**
**Сах–саламат шагIир ворчIиладаян.**

**Гьеб букIана битIун КГБ-ялъул**
**Клубалъул кIалтIа сагIат цоялда.**
**Площадь бакъулъан, ХIажиев къватIчIван,**
**ДахIаби учу-чу... ана мун паркъун.**

**О, гIищкъул дирижер, гьаб дур оркестр,**
**Ясазул гурони музыка гьечIеб.**
**Гьеб дур матIуялъуб гьурщанщинаб гьал, –**
**Гьезулъ вахчичIого бачIунареб кечI.**

**Дулъ бугеб Баширил махщел щванани,**
**Дица шигIрабазде квер хьвагIилаан, –**
**Щибилеб, кIудияб жахIдагун цадахъ**
**Жакъа гьитIинаб тIехь битIулеб буго…**

Диеги бокьун букIана шагIирасул гIищкъуялъулги, гIумруялъулги, къисматалъулги хIакъалъулъ рекIелъ рахчарал пикраби загьир гьаризе.

ГIабасил МахIамадица цебего гьадин хъван букIана:

**Йохъ, дун пасихI гуро, пасихI вукIине**
**РакIалде гъесарав поэтцин гуро.**
**Амма лъиданиги дунго рельлъине**
**Релъаби рищулев шагIирги гуро.**

**Дирго пегасалда дирго квелъги бан,**
**Кивехун аниги, унев вуго дун.**
**Дирго парнасалда дирго хъощги бан,**
**Нахъа хутIичIого чIезе вуго дун.**

**Дуруслъи куцарал дир жугьабазул**
**Жидеего хасаб хинлъи лъаладай?**
**РекIелъан рецIцIарал дир аятазул**
**Аслу баянлъулеб бицен ккеладай?**

Нилъеда бихьулеб буго гIадамаздаса тIокIавлъун, гьунаралдаса чIухIаравлъун, цIаралдаса пахруявлъун вукIине гьесул ракIалъ къабул гьабулеб гьечIеблъи, амма шагIир гIадамазде гIагарлъанагIан, гIумруялда цадахъ чIчIанагIан, халкъалда рекъон кколеб бакъан бачанагIан бечелъула, тIокIлъула, кIодолъула. Гьединлъидалин ГIабасил МахIамадил гIемерисел асаразе хасиятаблъун кколеб гIакъилаб сабурлъиги сабураб гIакъиллъиги.

Поэтасул гIумруялъул роцен борцуна берцинлъиялъе, лъикIлъиялъе, гIаданлъиялъе, гIадамал рокьиялъе, гьудуллъи хиралъиялъе, гьоболлъи цIуниялъе гьесул кочIол жугьабаз гьабулеб ракIбацIцIадаб хьулухъалъ.

РагIабаз рагIабазе цIурмалги кьабун, рифмаялъ рифмаяльул балагьунги рагьун, гIумруялъул гIемерал рахъалги жанире рачун, жугьабазде чучулеб ракIалъ чияр гIумруги бигьа гьабун, къисматалъул къваридал дарсал замана цоял нухлулазе мисалалъеги тун, унтиги угьиги бигьа гьабизе кочIол тIалъиялда тIавапги гьабун вачIунев шагIирас, «Йохъ, дун пасихI гуро» абун хъваниги, цIалдолесда лъала гьелъул батIияб магIнаги, магIнаялъул магIдан бахъараб рагIул гIакъиллъиги букIин, «дуруслъи куцарал жугьабазул хасаб хинлъиги», «рекIелъан рецIцIарал аятазул аслу баянлъулеб биценги» гьесул асаразулъ цебего лъанги хутIунги бугеблъи...

ШагIирасул асарал цIалулаго нилъее рагьун рачIуна араб таварихалъул тарихалгIан мухIканал лахIзаталги, къоялги соналги, гьел лъалхъизарун руго къасидатазул магIнаязги пасихIлъиялъ рахъарал суратазги, сипатазги, дандекквеязги.

Щибав поэтасул букIуна жиндирго заманги, талихIги, рохелги, пашманлъиги. Гьеб заманалъул кунада рарал чIумалги цIалулаго вачIуна гьев цIалдолесухъе. Унго-унгояв шагIирасул рагIи дугIалъун лъугьуна, гьесул каламги къаламги къадруялда хутIула. Гьелъие нугIлъи гьабуна ГIабасил МахIамадица.

ХутIараб кинабго буго ГIабасил МахIамадие сайгъат гьабураб гьаб дирго кочIол мухъазулъ:

**Цо нухалда гуро дица абураб**
**«ГIабасил МахIамад, хIал лъугIун бугин».**
**Гьеб дуда бичIчIана...ГIабасиласул**
**Суал букIунаро, жаваб гурони.**

**Жаваб кьуна дуца мацIихъабазе,**
**МацIалда нацI барал гъерсихъабазе,**
**ХисичIо кидаго гьудуллъиялъе,**
**Гьудуллъи цIунана гьеди кинигии.**
**Гьудул, дур тIехьалда тIаде къулани,**
**КъулгIа буго гьениб магIарул кочIол:**
**Назму, шигIру, сарин, рисалат, сонет,**
**Сонетазул гор щун чIухIун рихьула.**
**Элегия буго гъасда гIодоб чIун,**
**Гъазалгун кIалъала цIияб анлъжугъа.**
**ЦIарубакIаз цIарал рагъулел руго,**
**РубагIият гIакълу гъикъулеб буго.**
**Кициялъ борцунеб берцинлъиялъе**
**Биценгун бицанкIо хIажалъун буго.**
**ХIажатаб мехалда мисал босизе**
**Баснягун сатира свакалел гьечIо.**
**Рокъул таватураз толаро хIалхьи,**
**МахIмудил хIухьелалъ цIигъабула ракI,**
**Камалил Баширил берцинлъидул нур,**
**Нусго сон аниги, ссун ине гьечIо.**
**Дур «Саба-Меседо» ц1алараб мехалъ**
**ЦIавуцIуна аскIов цIум гIадав шагIир:**
**Хвалилул унти чIварав Шахтамановас**
**Хвел гьечIин абуна гьаб асаралъе.**
**БахIарчиял къасдал къасидатазул,**
**Къосине рес гьечIеб хатIалъ цIунарал...**
**Ма, рифма, баче квер, такрар гьабула**
**Гъанже мун магIарул годекIабахъги.**
**МагIарул мацIалъул цIваби кенчIолеб**
**КочIол бокал дуца бегъана дихъе.**
**Дица гьеб гьекъана, шагIирас гIадин,**
**Дуе баркала кьун, дуниялалда.**
**ГIабасил МахIамад, гьавураб къоцин**
**Хасалил нухазда хасаб буго дур:**
**Гьеб – цIияб соналъе цеберагIийин,**
**Гьеб – араб соналъе хадурагIийин.**
**Халкъияв вукIуна халкъалъул шагIир,**
**ГIумруги рокъиги цолъараб мехалъ.**
**Мех щвана абизе: Халкъияв шагIир,**
**Халкъалъ цIунаги мун халкъалъул нухда.**
**Хасел рещтIаниги, бетIер хъахIлъичIев,**
**ХъахIрас киданиги рекIелъ баккичIев...**
**МагIарул мацIалда рифма кенчIолеб**
**КочIол бокал дуца бекизе тоге.**

***МухIамад АХIМАДОВ, Дагъистаналъул***
***хъвадарухъабазул Союзалъул председатель.***

## САБА МЕСЕДО

*(трагедия)*

**ГIахьаллъулел:**
**Саба меседо** – ГIандуникIил яс.
**Анай** – Саба меседол рахьдал эбел, постIахъан.
**ГIандуникI** – Аваристаналъул кIудияв нуцал.
**Булач** – ГIандуникIил вацасул вас, нуцабег, назир.
**Арако** – нуцаласул гIакълучи, вазир.
**ГIалимирза** – нуцаласул мирза, улкаялъул къади.
**ХаритIон** – кIалгIаялда тохалчи, нуцаласул илчи-чапар.
**Баланур** – лагъ, суратчи.
**Турач** – нукарзабазул бетIер.
**НаникIо** – Саба меседол гъараваш.
**Хасипат** – лагъай, кьурдухъан, ахIухъан.
**Тату** – нуцалай, Саба меседол эбел.
**Лъугьа** – бахьин ккола Хунзахъ тахшагьаралда 1485 соналъул хасалихъеги хасалоги.

(…)

**V**

Хъалаялъул азбар. Азбар сверун къараб, бакI-бакIалда сиялги ругеб галмил свери. Цояб рахъалдасан азбаралъубе бачIараб гьундузул ццутIел-болъо, кIалтIу-къоно. Къасимех. Болъоялда гIодойги чIун гIодилей НаникIо.

**НаникIо**
Меседил баргъичаз чарлъанин абун,
Ал дир килщазухъе щвараб жого щиб?!
Хъвадаризе лъанищ? УстIар лъугьанищ?
Жалго халалъанищ? Малъал хъахIлъанищ?
Меседол божиги бичун росарал
Меседил баргъичаз дие кьураб щиб?!
Макьу тIурун арал риччарал берал,
РукIел рехун тараб ракIалъул кьабгIи!..
Гьаб хасалил сордо... Дарайдул гурде...
Гьорое рагьараб мугIрул тIаралъи...
ТIадго юссинадай Саба меседо?!
Дица гъаравашлъи лъие гьабилеб?
Долъул гурхIелалъул, хIалимлъияльул
ХIакъ чIеларищ дида долъул рухIалъул?

*(Хасипат ячIуна.)*

**Хасипат**
Мун гьаний щибулей?
**НаникIо**
Щибго гьабулей!
**Хасипат**
Сенкъелейги йиго. Дур хварав чи щив?
**НаникIо**
Хасипат... Нич гьечIищ гьедин абизе?
Анагури йитIун нилъер меседо!..
**Хасипат**
Айилан абеха! Мунагь батани,
Бугьараб магIарда гIунила Саба..
ГIайиб батичIони, ячIина метер.
РадаллъегIан йикIа магIу гьабизе.
Аллагьасул диван! Живго РахIманас
ХIукму къотIизейии дой йитIун йигей.
**НаникIо**
Аллагьасги къаси диванбегаллъун
Дарайдул гурдеги квачги тун руго.
**Хасипат**
Квачанги цIоронги хвей лъикI долъие
Хвалчаца къотIилеб бетIералдаса.
**НаникIо**
КкечIеб рокьи кьолей дур къотIулареб,
КъотIизе хъулухъ щиб меседол бетIер?
**Хасипат**
Меседо меседгIан яцIцIад чIайила,
Лагъги дун гIадинай гIабдалалъе тун!
**НаникIо**
Дун кантIун йикIинчIо. БичIчIун букIинчIо
МунгогIан чIегIераб дур рекIел хиял!
Гьелъищ Баланурил хIетIе чIараб бакI
Булачихъе кьолеб букIараб дуца,
Меседода хадуй лъугьарай жасус?!
**Хасипат**
Мунго щий? Меседил баргъичаз йосун,
Меседо йичарай чарай мацIихъан!
Дунни рокьул цциналъ гьалаг гьаюрай!
**НаникIо**
Мун жасус!
**Хасипат**
МацIихъан!
**НаникIо**
Булачил жасус!
**Анай**
Гьаб щиб ножор ахIи?

**Хасипат**
Гьай мацIихъаналъ...
**НаникIо**
Гьале гьай жасусалъ...
**Анай**
Жибго те хабар!
Рагьагийин ножор гьодорал гунгрул!
Доб гьаракь рагIанищ?
**Хасипатги НаникIоги**
РагIичIо щибго.
**Анай**
РагIизеги гьечIо гIадан гурезда!..
Сабаца ахIулеб хIайранаб кочIол
Карачелал руго гордухъе щолел.
**НаникIо**
ЧIаго рагIулаха!
**Хасипат**
Халат кквеларо.
**Анай**
Керен бакъвайги дур, ричIчI кунеб кету!
**НаникIо**

*(Рахъун баргъичалги хъатинир ккун.)*

Гьаз рухIулел руго дир кверзул килщал...
**Анай**
ГIадамазегIаги месед щибизе?
ГIадамал рихараз ххайилан абе!

*(НаникIохъа росун, баргъичал хьуризарула.)*
*(ГIандуникI вачIунев халлъидал, лъабалго риха-хочун уна.*
*Нуцал вачIуна. Азбаралда рахIатхун хьвадула.)*

**ГIандуникI**
Дица гьабураб жо... Гьанже гIунани,
ГIумруялъ кIочене кIвелищ дирго яс!
Аллагьасул хIукму кинаб букIунеб,
Канал пицIалдаги цIер чIвалеб заман!..
Дунго гIинкълъунгIаги вукIарав ани,
Азул рагIи гIинда багъилароан.
Унго, ханлъунгIаги ватичIев ани,
Яс лагъасе аян изну кьелаан.
Араколги гьечIеб гьунар бихьанищ,
Балагь бачунев дун ккун бажаричIев!..
ХаритIоницаги, цо балъго-гIатIго,
Хъабарча-жогIаги цадахъ инчIодай?!
Хадув чи витIани, нахъе ячине? –

Чучанин нуцалил яхIан абила,
Бода цеве щиван цинги вахъинев?!

*(Тату ячIуна.)*

**Тату**

*(гIодилаго.)*

ТалихI кьун вохаяв, хирияв дир рос,
Рокъой дунги тоге, турулей йигин! –
Гъурмада цIерги чIван ясалъул сипат,
Сардил макьилъ гIадин,  цебе чIун бугин.
**ГIандуникI**
ЛъикIай йиго мунги, гьанже гIодизе,
ГIакълу кьезе ккедал дарран сорорай,
Сабру дир батулеб рагIи батичIей...
**Тату**
Нахъ юссинайизе чигIаги витIе,
БетIер чIван гьарула, гьалагав дир рос,

*(Накабазда ккола.)*

ЦохIо дуе кьураб дир гIумруялъухъ,
РагIи данде буссун дун кIалъачIелъухъ!
Аллагьасе гIоло...
**ГIандуникI**
Аллагь гуресе
Къулулареб гIадат магIарулазул!
Хекко тIаде яхъа! Бихъун унеб ракI
РекIараб цIадухъе цIаге дуца дир!
**Тату**
ВитIе, бетIерчIахъад, яс ахIизе чи,
Чанил хъабчилъ жемун эхей хъамизе...

*(Лъалхъи.)*

**ГIандуникI**
АхIе ГIалимирза.
**Тату**
ТIокIав бахIарав
Бихьинчийищ гьечIев, гьурилъун ине?!
**ГIандуникI**
Дица гьабулеб жо дидаго лъала!
ГIалимирза ахIе!
**Тату**
АхIанже, нуцал...

*(ГIедегIун уна.)*

**ГӀандуникӀ**
Гьав ГӀалимирзаги-гӀажаибав чи,
ГӀакълуйилан абун, балагь ургъарав...
Аралъул бицунев дун вихьуларищ,
РакӀбухӀун хадубги хвел гьукъуларев...

*(Татуги ГӀалимирзаги рачӀуна.)*

**ГӀалимирза**
Я кӀудияв нуцал, тӀимугъ гьечӀого,
Гьанив мун щибулев, квачан холаго?..
**ГӀандуникӀ**
Квачан холей гӀадан – ГӀандуникӀил яс
ГӀакаро магӀарда дарайдул гордилъ!
Дуда гӀайиб чӀвазе дир нухги гьечӀо...
Гьаялда релълъараб жо буго амру...
Араб ун букӀуна, кӀвараб гьабула...
Гьанже а магӀарде, гӀалаги рекӀун...
**ГӀалимирза**
КигӀан лъикӀха, нуцал, хӀукму хисараб...
**ГӀандуникӀ**
Хисараб жо гьечӀо! Дуца Сабада
Диналъул рахъалъан хӀинкъи кьун абе,
ХӀакъаб жужахӀалъул богӀоло тӀаме,
ТӀад юссайин абе, инкар бачӀани,
ЧӀвазе жий ахӀараб рокьул макьиде...
Бицинещинаб жо дудаго лъала...
Хвел гӀагарлъаразул гӀамал хисула,
Хисизе бегьула Сабалги пикру.
**ГӀалимирза**
Хабар тун ячина...
**ГӀандуникӀ**
Йохъ, гьедин гуро!
**Тату**
ГӀанду?!.
**ГӀандуникӀ**
ГӀандуникӀил рагӀи холаро!
РакӀбухӀани - яче! Гурищ – доя те!
Ясалъе гьечӀеб цӀоб, дуй букӀинаро,
БакӀаб гӀамал буго ГӀандуникӀасул...
Дица малъадахъин!
**ГӀалимирза**
БичӀчӀана, нуцал.

*(Уна.)*

**ГӀандуникӀ**
Дида гӀайиб гьечӀо... Гьаб тӀалъиялда

Дунги абадалъе вугев чи гуро...
Дунго хвасарлъизе ватIан кьеларо,
Яс хвасар гьайизе яхI бичиларо....

*(Тату хIункъдиялда гIодилей.)*

Йилълъа, гьаний мунги гIунизе гурин,
Гордухъ рукIина нилъ нухтIе ралагьун.

*(Татуги ячун уна.)*
*(Анай, хъабарчаги нахъа чIван, гIадагIоги босун ячIуна.)*

**Анай**
Сордо унеб буго... СихI къотIун буго...
Сивунив хъаравул хъванулев вуго...
Гьанже щвана заман... ТIубайги мурад...

*(Гьалъ цойги кIалтIудахъан Баланурги къватIиве вачуна.)*

**Баланур**
Нижер Анай-баба, дица абураб?..
**Анай**
Гьаб Сабал хъабарча... Гьале гIадагIо,
ТIехги нахги бугеб... Гьале хвалченги...
Доб цолода нахъа лъун буго мали,
Дуцаго чIвай, ваха, къватIисанги лъе...
**Баланур**
Лъала, Анай-баба, дой гIунилалде...
**Анай**
ГIедегIине ккола. Амма гIенекке:
Турач цо лъукъун те, лъугIизавуге,
ХаритIонихъаги хвалчен бахъун те,
Турачги вачун нахъ вуссаян абе,
Дица абунилан гIинзуний щуре...
**Баланур**
Унеб нух?
**Анай**
Унеб нух – гьагъаб лъарги тун,
Доб кIкIалахъе инев. Доба батилеб
Дол магIарде араб лъалкI...
**Баланур**
Лъала, лъала.
**Анай**
Добасан, дозулго чуялги рачун,
МегIер къотIун инел... Бокъараб нухтIе
Щведал, чуял риччай, лъалкI къосинабе.
Къелдерил кIкIалахъе... БитIун Сомоде...

Энирги тIатани, ЛъамиралтIе а,
Будалаахъе а, эллъун рукIине...
БукIа ХъахIаб раса санамлъун ножор...
**Баланур**
Къомех лъикI, ана дун...
**Анай**
Салам Сабаде!

*(Булач къватIиве кIанцIун вачIуна.)*

**Булач**
РагIана, бичIчIана дида кинабго!
Кинха дида лъараб мун вахчун вукIин!
ГIадада ккечIебин хъаравуллъи кквей...
Хвалченгн гIодоб лъун, гьаниве цIцIая!
**Анай**
Гьанже хванагури кинациябго!
**Баланур**
Анай-эбел, махIги хIинкъуге, мун а,
Аб гъалмагъиралда гъорлъе ккечIого.
**Булач**
Хвалчен гIодой рехе...
**Баланур**
Рехила цинги,
Цин дур къваригIелги дирго мурадги
ТIубан бахъинегIан хъатикьго тела.
**Анай**
Аллагь! Аллагь! Аллагь! Дуца цIунаги!
**Булач**
Бугони, вачIаха, дикьа хIинкъичIев
Хваликьа хIинкъизе тIамулин дица.
**Баланур**
Хвел цIакъ бигьаяб жо!
**Булач**
ЗахIмат гьабила!
**Баланур**
ЗахIмалъула хвезе ханлъи бугезе,
Хазинадул цIурал рукъзал ругезе!

*(Хвалчадул рагъ. Булач ккара-ккараб*
*рахъалдеги йиссун гьесде хьанделей Анай.)*

**Анай**
...Я Аллагь бекаги кверги хвалченги!
...ХIетIе гIодочIваги! ЧIван таги! Амин!
...Бераздаса канлъи босаги! Амин!
...Чвархъан гIодов ккаги, гIебеде лъеги,

Лъавудаса аги, хIатIикь ракь тIеги,
ТIомотIаги лъеги! Аминго амин!..
**Булач**
Гьанже балагьила! Дица дур, хIама...
**Баланур**
ХIамил дур гIадинаб букIуна бетIер...
**Булач**
БетIер лагъасулин-багьа учузаб,
Упан абилалде дица бахъулеб!
**Баланур**
Дир бетIер бахъулев, нахъаса нахъе
БолъотIе инчIого, вачIа тIадегIан!

*(ДагIба-къецгун, рагъулаго, нахъе-нахъе къан, тIаде вахине болъодухъе къалев Булач, тIаде-тIаде унев Баланур.)*

Дица, дур бетIерги цин жахIабго тун,
Тувадахъав духъа хвалчен бахъилин!

*(Булачил хвалчен бортизабула.
Булач рохтIа гIодов ккола.)*

Цо сисиги гьабун тIадеги вахъа,
Вегахъин мун чIвазе нечолев вугин!

*(ДегIен чIараб гIадин довегIан гирун ккезеги ун,
Булач кIалтIудахъа жаниве ворчIула.)*

**Анай**
Же, Баланур, дуца хьвагIизе гьабе,
Гьалгъан чIезе гIураб заман духъ гьечIин!
**Баланур**
Ана, Анай-эбел, мун лъикIго йикIа!

*(Гьав уна. Булач туманкIгун вачIуна.)*

**Булач**
Кибе араб гьагъаб лагъ абулеб жо?!
**Анай**
Аллагьас буракъги бачIун, воржана!
**Булач**
Гьаб гIаркъабуз тункIил гулла боржунеб!
Дида лъалеб! Дихъа гьев ворчIуларев!
ВачIиндал бихьилеб, Анай, дур гьеб кIал!

*(Булач векерун уна. Хъалаялъуб ахIи-хIур бахъуна.)*

***Пардав***

## VI

ГІазуца бахчараб ГІакаротІа бакІ. РоцІараб сордо. Гьури. Цо ганчІитІе яхун чІезаюрай, дарайдул гордилъ йигей Саба. Хъубчулги ретІун тІвапи бачунел ругел Турачги ХаритІонги.

**Саба**
Борхатаб зодихъе цІвайил гІемерлъи,
ГІумруялъ рихьичІо къасигІан кунчІун.
Киналго къенкІола дун ялагьидал,
Дир хІал бичІчІараблъи лъазабулелдай?
Зодил моцІ хьухьалеб хьухьил тІадагьлъи,
ТІеренаб дарайдул гурдидасаги
Сири бан бихьула,.. бахьинаб моцІрол
ГІицІлъи бахчилилан хиялцинидай!
МоцІ щай, гІадамазул гІумру кинигин,
Баккун, рещалъулеб?.. щвалде щварабго,
Щобил рагІад гІадин, дагьлъун тІагІунеб?..
**Турач**
Саба, мун гьанжеги щай гІунуларей?
ГІазу, гьури, цІорой,.. дарайдул гурде!..
**ХаритІон**
ГІадалаб суал щай меседой кьолеб?
**Турач**
Рас керчаб хъабчилъе хъувухъаниги,
ХъахІаб гІазулъ лъураб хІалги дир чорхол.
ХІанкІичІазда жаниб жибго хІотолъги,
ХІортІа чІвараб цІерлъун, цІорон дир хІатІал.
ХІал лъазе зигара дир гьечІониги,
Гьал гвадачазулъцин гуглан дир кверал.
Кин хІикмалъиларев, хІал хисичІого,
Сирицин щвечІого чІун йигей гьалда?!
**ХаритІон**
Дур хІикмалъиялъул суал гІоларо,
ГІуничІогойилан мун гаргадизе.

*(Сабада аскІовегІан валагьизе уна.)*

Дур гьурмал кьерцини хисулеб гьечІо,
ХаритІонил михъал мартІил цІуниги?!
ЦІорой хъваларебдай хъахІал кверазда,
Квач рагІулаbooбдай дур гьумералда?!
**Саба**
Гьаб магІарда гІураб цІорой киб бугеб
ЦІа рекІун бухІулеб дир керемалъе?
Квачазе ихтияр лъица кьун бугеб
Рокьи гьелегьараб гьинал ракІалъе?

**ХаритIон**
Квачанги гьечIищха?
**Саба**
ГьечIо щибгIаги!
**ХаритIон**
ГIунизе гьечIищха?
**Саба**
ГьечIо кидаги!
Корохъ кин рукIунел рекIараб цIадухъ?
Гьедин йиго гьаний гьаб гIазул гохIтIа!
Боснор кин рукIунел роол сордоялъ?
Роол завал дие - гьаб гьорол свери.
**Турач**
Гьанже щиб гьабилеб, ХаритIон, дуца?
**ХаритIон**
Дун квачалев вуго...
**Турач**
Гьай хинлъун йиго!
Гьелъулин букIараб ургъел дида ккун...
**ХаритIон**
Щибилая?!
**Турач**
*(ишанагъун).*
Дагьав довегIан вилълъа.
Гьанже рагIиларо Сабада хабар...
**ХаритIон**
Бицея!
**Турач**
Бицани, бугьараб мегIер...
МагIарда гьалагал гьуразул руруй...
Рогьун бахъунареб хасалил сордо...
**ХаритIон**
Цинги?
**Турач**
Цинги мунги дунги хвезе бегьула,
Хъубчул рукIиналъухъ балагьичIого...
РачIа гIунуларей гIадан нилъеца
ГIанкъун хвезайизин, хехго руссине?..
**ХаритIон**
Неча!.. Бегьуларо!
**Турач**
БегьичIони, хва!
ХаритIон, дун эхе инехъин вуго...
**Гьаракь**
Гье-гье-гье-гьей! Гьал нуж киргIаги ругел?!
**ХаритIон**
Гьанир тIаса руго!

**Гьаракь**
Чу бахунебищ?!
**ХаритӀон**
Бахунаро!
**Турач**
Щивдай вачӀунев вуго?
**ХаритӀон**
ТӀаде щведал лъала...

*(ГӀалимирза ваккула.)*

**ГӀалимирза**
Салам гӀалайкум...
**Турач**
ВагӀалайкум салам...
**ХаритӀон**
Мун щай вачӀарав?
**ГӀалимирза**
Нуцалица витӀун...
**Турач**
Эб щиб гьабизе?
**ГӀалимирза**
Меседо кий йигей?

*(БитӀун Саба йигеб ганчӀихъ лъалхъула.)*

**Турач**
Йихьуларейищ?
**Саба**
Гьале, ГӀалимирза, гӀуцӀалтӀе яхун...
**ГӀалимирза**
Хекко гъоркье ячӀа...
**Саба**
Рогьун бугебищ?
**ГӀалимирза**
ХӀелкал рахъараб мех букӀине ккола.
**Саба**
Ккани, цудун буго гъоркье лъугьине.
**ГӀалимирза**
ГьечӀо, дир яс, гьечӀо! Мун гӀунилалде
ГӀодоре рилълъине къваригӀун буго...
**Саба**
РогьинегӀан буго дие лъураб шартӀ,
Аллагьасул хӀукму кодобе щвезе.
**ГӀалимирза**
РогьинегӀан тани, мун гӀунилилан,
ГӀандуникӀ-дадал цӀакъ рахӀат хун буго...

**Саба**
ГIунуларо гIищкъу рекIелъ букIаго,
РекIей вокьарасе йокьун йикIаго!
**ГIалимирза**
Гуро, гьебжо буго рагIуе рагIи...
Эмен духъ валагьун...
**Саба**
Инсуца гурищ
Ание йитIарай...
**ГIалимирза**
ЙитIун йикIана...
РакI бухIун, гьанже мун хвеялда хIинкъун,
Рокъое юссине йиччалей йиго...
**Саба**
Аллагьасул диван, досул доб хIукму?
**ГIалимирза**
Эб буго, Баланур тезе разилъун,
Рокьиялдаса дур ракIбухIичIони.
**Саба**
РакIбухIи лъаларо рокьи бугезда.
Рокьуца бухIулеб керен бугезда.
**ГIалимирза**
Гуро, Саба, хвезе лъикIаб жо гуро!
**Саба**
Лъие хвел бокьулеб? Рокьи ккаразе
АзарцIул батила гIумру хирияб!
**ГIалимирза**
Цингиха?!
**Саба**
Цингиха хирияб дие
ГIумруги рокьиги! Кьезе кIоларо
Цоябги тун цояб!
**ГIалимирза**
Цо хвалил кьогIлъи,
ГIасияб жо буго! Хабал гIазабги,
ГIазаналлагь! ГIагар гьабуге дуца!
**Саба**
Гьеб хабал гIазабги хвалил кьогIлъиги
Рокьул угьдиялде данде щиб кколеб?!
ХIалица кодоса рокьиги бахъун,
Нахъе кьолеб гIумру дие щибизе?!
Заназдулеб ракIгун, бакIлъун дунялгун,
Дир рокьи бахъараб ракьул гьумер щай?!
Дандияв восизе хасалил сордо
Синжидилалдаги рогьина дица.
**ГIалимирза**
РогьинегIан хутIи щакаб жо буго...

**Саба**
Щакаб рагIи босун мун вачIун вуго.
**ГIалимирза**
Вай аставпируллагь!
**Саба**
Аставпируге,
Мунго Аллагьасда щаклъулев вуго,
Аллагьасул диван диеги ургъун,
Эс хIукму къотIизе цин дунги йитIун!..
Дун дир рокьиялда божарай йиго,
Хвезе гьечIо рокьи, рокьи хвечIого.
Радакьлъулеб буго, гIунулей гьечIо...
**ХаритIон**
Дуй щиб, ГIалимирза? Тарулев вуго!
Турач, ккве гьасул гъеж! Кьерги тIун буго!
**ГIалимирза**
Кьижулев вугилан ккола дун гьанже...
**ХаритIон**
Хех гьабун тIад вусса! Вугьун хвезехъин,
ГIунизехъин вуго гьаб параялъ мун.
**ГIалимирза**
Гьанже кватIун вуго тIад вуссине дун...
Вуссина вижараб ракьалдего дун...
Къирбалалде вуссун вегизаве дун...
**(Гьаз гьев вегизавула.)**
**Саба**
Хоге, ГIалимирза, гIунизе чIоге!
РакIалдещвезабе букIарабгIаги
Дурго рокьи! Гьелъцин кквезе вуго мун.
**ГIалимирза**
Аллагьасул диван диего ккана...
Кквеларо дун гьанже... Бичасул х1укму...
**Саба**
ГIалимирза, рокьи рекIелъе биччай!
**ХаритIон**
Гьав хвана!
**Саба**
Мунагьал чурад...
**Турач**
Саба, мун жегиги гIунулей гьечIищ?
**ХаритIон**
ГIабдал, вуцIцIун вукIа! РакI гьечIищ дуда?
**Саба**
Гьеб рокьи ккечIеб ракI... Нуж гIедегIуге,
Радакьлъулеб буго. Рогьина сордо...
Дир Баланур киндай гьабсагIат вуго?
Гьуразул гIоди щиб? МагIу лъихьдай гьаз

Гьадин лъалхъичIого ахIулеб бугеб?
Доле цо-цо цIваби рахчулел руго,
Нечарал лъикьадай, я сундукьадай?
Дол хъахIал хьухьалги бецIлъулел руго,
Лъил мунагьазде гьел ралагьун ругел?..

*(ГIагарда гIасияб кьвагьи бахъуна.)*

Зобалищ гъугъарал хасалил бакьулъ?!
Аллагьищ кIалъарав хIукму лъазабун?!
**Турач**
Дуниялищ гьанже биххулеб бугеб?!
**Саба**

*(Соролеб гьаракьалъ халатаб бакъаналъ ахIула.)*

Вада-да-да-да-дай, дарайдул гурде,
Дандияв восулеб хасалил сордо!
Сордо рогьинегIан хутIуларейдай,
ХъахIлъи баккизегIан йорчIуларейдай?!
**ХаритIон**
Саба, щиб лъугьараб?
**Саба**
Дир хIал хисана...
**Турач**
ГIунулейдай йиго?..
**Саба**
Цо сири... гъаргъар...

*(Кодоб гIаркъабузгун Булач ваккула.)*

**Булач**
Турач!
**Турач**
Вай-гьайт, Булач!
Гьай чIаго йигищ?!
**Саба**
Щиб гьабураб дуца?
**Булач**
Баланур чIвана!
ГьабакIалда аскIов... Алъул бегьана!

*(ГIаркъабузалда хъат кIутIула.)*

Саба эхей яче!

**Саба**
Ячинарей дун!
ТалихIалъ накалде бахун буго цIер!

*(Гьалъухъги валагьун, Булач кIалагъоркье гIодов речIчIула.)*

**Турач**

*(Гьесде вортула.)*

Хвезедай гьав хварав?
**Саба**
ХвечIо! Хвелалде РокьигIаги ккезе ккеларищ эсул...
**Турач**
*(Сабахъ валагьидал.)*

Гьанже меседое лъугьунеб жо щиб?!
**ХаритIон**
Гьанжеха меседо гIунулей йигей...
**Саба**

*(Добго соролеб гьаракьалъ, добго халатаб бакъаналъ ахIула.)*

Вада-да-да-да-дай, дарайдул гурде,
Дандиявги хвараб хасалил сордо...
Сордо рогьинегIан хутIичIогури...
ХъахIаб цIер каранде баханагури...

*(Саба карандаса тIадехунги хъахIаб цIороца яцун уна.
МагIилаб бакъан бахъуна. Дандерижиялъ гьеб такрар гьабула.)*

***Пардав***



ГIАБАСИЛ МахIамад

## МУГIРУЗУЛ ГIАДАТ

Дир гIагарал гIорал, гIажаиблъи щиб,
ГIодой чваханагIан нуж тIагIунарин?
ТIокIкIарал дир лъарал, тамашалъи щиб,
Кидаго нужеца нух хисуларин?

Рорхатал мугIруца гIедегIугеян
ГIодизегIан накIкIал чIезе гьарундай.
Г1асиял кьурабаз берцинго аян
Абадиял кIкIалал рихьизарундай.

Дир мугIрузул васал, гIажаиблъи щиб,
Гьаб нужер яхIалъул хIетIе хъуштIичIин?
ХъачIал гIасрабазго умумулъ бижун,
БахIарчилъи рекIелъ бидулъ хьвадундай!

Дир мугIрузул ясал, тамашалъи щиб,
Нужер намусалъул мицIир чIинкъичIин?
Къарнабаз улбуца цоцахъеги кьун,
Кьаву хурхинчIого чIезабиялъдай?

## ДУН РОСУЛЪА ВАС ВУГО

Росдалаб гIадатлъиги,
Лъимадулаб божиги,
Вижун ватараб бакIги -
Дун росулъа вас вуго.

Гьобол вачIун вохулев,
Гьудул вачIун чIухIулев,
Гьалмагъзаби рокьулев -
Дун росулъа вас вуго.

Агьиян ракI гIодулев,
ГIагIаян велъанхъулев,
Лъилниги роль хIаларев -
Дун росулъа вас вуго.

Нечанн, багIарлъулев,
Ццин бахъани, хъахIлъулев,
Хеккого ракI батулев -
Дун росулъа вас вуго.

**Кваналелъув кваналев,**
**ХIалтIулелъув хIалтIулев,**
**Кьурдулелъув кьурдулев -**
**Дун росулъа вас вуго.**

**Гьереси бегьуларев,**
**БитIараб бахчуларев,**
**РагIи кквезе бокьулев -**
**Дун росулъа вас вуго.**

**Лъиего хIилла гьечIев,**
**Падамазе рекIкI гьечIев,**
**РекIелъ сихIирлъи гьечIев -**
**Дун росулъа вас вуго.**

**Рокьи ккарай ячунев,**
**Чидарай йихьуларев,**
**Бухьун тараб тIоларев -**
**Дун росулъа вас вуго.**

**Дирго бугеб бикьулев,**
**Бикъун балагьуларев,**
**Рахчирукъ букIунарев -**
**Дун росулъа вас вуго.**

**Халкъги ВатIанги кколев,**
**Ккани, ахIуд вахъунев,**
**БачIани, кечI ахIулев -**
**Дун росулъа вас вуго.**

## НИНА ЧАВЧАВАДЗЕ

*(Дирго Савдатие сайгъат гъабула)*

**АнцIила анлъго сон гIумруйищ кколеб,**
**Г1елалдего кьуна вокьарасе мун.**
**Берцинайин абун сипатищ лъалеб,**
**Суратал рукIана мун гIадай камун.**

**Рокьийищ букIараб, рекIел хIасралъи**
**ХIакъикъат букIана Нинал ракIалъе.**
**Г1ищкъуйищ тIатараб, тIогьол хIайранлъи**
**ХIеренго рагьана гьелъ ригьиналъе.**

**Ригьнал къисматалъе къоялищ гIолел,**
**Къарнудал бащалъи щваралги рихьун.**
**ЩвечIо, Нина, дуе, сонал кин щолел,**
**Щакал моцIал ана, цIаралде юхьун.**

**ЧIванин рагIун буго Грибоедов,**
**Г1урусазул гений, гуржиязул дурц.**
**«Рос вижулевгодай, дир Саша гIадав?!» -**
**Г1умруялъ къунареб рокьул магIил ицц.**

**Ана сонал...Нина, жийго хвезегIан,**
**ХабатIе хьвадана, росасе инчIо.**
**Рокьи гIемер ккана жакъалъизегIан,**
**Жинца ракI цIунараб, гьаб гуреб, лъачIо...**

**Какил дугIа гьабун гьаричIониги,**
**ГьитIинго кколаан гьадинай лъикIан;**

Лъадул ургъалида эргъечIониги,
Нигат букIунаан батилин ракIан.

Ятарай гурищха Нина гIадинай
МагIарулай дида дирго магIарухъ.
МагIнаги долъулай, дойго гIадинай,
ГIумру берцинлъизе борхараб байрахъ.

Нинал ригьалдаго ригьнал рухьабаз
Бухьана дур къадар дир къисматалде.
К1икъоялда анцIил урхъарал соназ
СвинчIо дуца чирахъ дир свериялде.

Дур дидехун бугеб рекIел гвангъиялъ
Гвангъана дир къоял къиралаcегIан.
Дие бокьаралде дур балагьиялъ
Рохел хвеларо дир дунго хвезегIан.

Рос асир гьавурал мусудулгIаги
Г1агарлъилъун тана дур сабурлъиялъ;
Мехталил гIадалаб дир гIамалгIаги
ГIакълулулъун рикIкIаиа рекIкIгьечIолъиялъ.

КIочене гьечIилан гьедичIониги,
Гьудул, мун гьечIони, гьечIев вуго дун.
РекIел чIухIи хIеккун хIеличIониги,
Дур хIеренлъиялъул хIелъун вуго дун.

## ЛЪАДИ, КВАТIАНА ДУН

Дица кучIдул хъвачIо дирго лъадуде,
Лъана дида рокьи кучIдул лъалалде.
КватIана регIизе дирго рукъалде,
Къойил гIащикълъана дун гIумруялде.

ГIакълулулъун бихьана гIадалабщинаб,
ГIелмулъун халлъана жагьилабщинаб.
Жадул бокалаца дир гукканщинаб,
Щакал гIищкъабаца дир бикъанщинаб.

Бикъана замана, зани чIвазегIан
Г1антаб дир ассалда унеб лъалареб.
Ун батана хIалтIи, мегеж кквезегIан,
Михъал ругеб къоялъ лъан бахъунареб.

**Лъади, кватIана дун кучIдул гьаризе,**
**Цадахъ унеб гIумру те къасидатлъун.**
**Къаси рачIа, гьудул, нилъ гIодор чIезе,**
**Г1умруялъ сасинчIеб сарин лъазегIан.**

## ПЕНСИЯ

**БекьичIого хур тун, хъвачIого ххер тун,**
**Тукен кунел чагIи гIемерлъун руго.**
**Пенсияби ургъун, гъурщие унтун,**
**АлапачагIазул улка цIун буго.**

**Бадиб цун бугеб рохь рикIкIалъун бихьун,**
**Бихьинаца ахал къотIулел руго.**
**Курак бичIине ккей чIамучIлъун рагIун,**
**Руччабаз гъотIокье гъине тун буго.**

**Бох къотIарав пакъир комиссиялде**
**Сон хисанщинахъе ахIулев вуго.**
**МахIниги унтичIев отставкаялда**
**Бутунаб пенсия босулев вуго.**

**ХIалтIуда корректор, беццав вугилан,**
**ХаржитIа пенсия сокIкIунев вуго.**
**Телефонисткаялъ, гIинкъай йигилан,**
**ХIалтIуде пенсия жубалеб буго.**

**Дун хIикмалъун вуго, хIукуматалъул**
**ГIарац къотIулеб бакI бухIуларищан?**
**Тамашалъун вуго, хIарамлъиялъул**
**ХIажизабазгIаги бицунарищан?**

**Бох бижулареблъи лъаларел чагIаз**
**Чидай бугеб сакъат сунца борцунеб?**
**Унарел унтаби ратизе кIолез**
**К1удияб гьереси сундухъ бицунеб?**

**ГIажаиблъи буго, нилъер гъурщиде**
**Щуго хъинтIулеб гIучI кингIаги щолеб?**
**Кири чиярлъарав чи рузманалде,**
**Рияалъул нух ккун, кингIаги кколев?**

## КЪВАРИДАБ САРИН

*(Сонетазул гор)*

*Ришват къурасеги - хIакъ,*
*гьеб босарасеги - хIакъ*
***Аварагасул хIадис***

**1**

**Жакъасеб къоялъул къваридаб сарин**
**КъватIибе бахъулеб буго гIадамаз.**
**Рагъул мех букIана, цебе дир сарин**
**Сордойил гIодеян тана гIадамаз.**

**Хурги, ракьан бахъун бекьичIонани,**
**ЧIунталий буссараб бакIин толаан.**
**ТIадго хутIараб мугь хIанчIица ани,**
**ХIилла батарабгIан захIмалъулаан.**

**Замана хисунищ, халкъ бечелъунищ,**
**Лъел базе хурул хьон хьвагIулеб гьечIо.**
**Кинабго билани, баракат лъелищ,**
**Баркат ракьалдаса босулеб гьечIо.**

**БачIиналъул къоялъ къулун бегьилищ,**
**КъватIибе рагIизе нич букIинарищ?**

**2**

**КъватIибе рагIизе нич букIинарищ.**
**Пекарас бежичIеб чед щун гьечIилан,**
**Ракъун къо биччазе бегьулеб жойищ,**
**Жибго алжаналъул нигIмат щвезегIан.**

**Щиб гьабилеб, гьудул, гьаб дунялалда.**
**Дида ражихинкIал рихьулел гьечIин.**
**Кин рукIинел, гьудул, гьаб гIумруялда,**
**БагIаргьалил чулпа базе рес гьечIин.**

**Цебени, хош бараб хурул сверигун,**
**Габани гъутIбузул мухъ бихьулаан.**
**ТIад цIурал гьиралгун, ун гьабихъегун,**
**Гьенисан ахIулел хIамул лъалаан.**

**Ракул гвайи гурин рекьул оц гурин -**
**Нилъецаго тIаде бачараб сури.**

**3**

**Нилъецаго тIаде бачараб сури -**
**Сардица бакъ къулчIун бихьулеб гьечIо.**
**ЧIунталий буссараб бецулеб ххарил**
**Хиялги ургъелги гьабулеб гьечIо.**

**БечIчIун бачIунеб рахь беццараблъидал,**
**Бокьоре лъугьине чIухIулел руго.**
**«Буренка» абулеб коробкалъидал -**
**ЛъикIаб гьечIониги, бегьулеб буго!**

**Хъандиро, харицел, отпускаги кьун,**
**КьагIдаца кваналел гьоразухъ руго.**
**Ххарил сум гьечIого, сас гьечIолъи хун,**
**Ххарилал гьоразухъ гьури бан буго.**

**БоцIцIи хьихьизеги «тюк» босиларищ!**
**Сордо биххун щолеб, щиб гьаб, хIикматищ!**

**4**

**Сордо биххун щолеб, щиб гьаб, хIикматищ?**
**ХIалтIуде вахъунев чи вихьуларо!**
**Амма, цебе гIадин, яслигин ахищ?**
**Аз, колхоз къайдалги, къан бихьуларо.**

**ХIалаллъи бокьарал бокьун хIалтIеян,**
**ТIаде шагьи щвезе щапелел руго.**
**«Гьерсионераца», хIалтIиго щаян,**
**Щвараб гIарац нахъе босулеб буго.**

**Мехтигун вагъизе кколев дибирги**
**Киналго шушбигун вагъулев вуго.**
**ХхарибакIал гIадин, тарал ахалги**
**Агрономлъиялда цIцIанигун руго.**

**Вехь гьечIеб боцIуца, хехаб гIарцуца,**
**Хур бекьулеб гьечIо гьал гIадамаца.**

**5**

**Хур бекьулеб гьечIо гьал гIадамаца,**
**ГIадада хIалтIизе телищ гIарцуца.**
**Хур чIаралеб гьечIо гьанже ясаца,**
**ГIарцуй рецц гьабула гьал кIвахIалаца.**

**КартощкIа бекьулеб гIадат бижана,**
**Жукал гIемерлъана, гIарцухъ щвеларищ.**
**Тамахьо росдалго цIарлъун букIана,**
**Бакъвалеб къагIида кIочон теларищ.**

**Бежун цIоросаролъ кунев чи гьечIо,**
**Хрушов бахилаб хун тана тIагIам.**
**Огород гьабулей пулан йихьичIо,**
**РечIарал охцераз хисараб тIагIам!**

**РуцIцIун чIчIарал шушби гIодулел руго,**
**ГIарац кьун босани, кинабго буго.**

**6**

**ГIарац кьун босани, кинабго буго,**
**КигIан хIалалабдай доб ришват ккола?**
**Киналго чагIазул чунтби цIун руго,**
**ЦIияб мажгитгIаги гьабизе ккела!**

**Мажгитал гьарула бикъарал чагIаз,**
**ХIакъ тIасса ккелилан, божи батила.**
**ХIеж борхун батула бечедал чагIаз,**
**ТIинцIидал махI гIураб гIарац бегьула.**

**Мунги гIодизавун гIарац бахъарал,**
**Рахъун хIежалде ун, руссин гIоларищ.**
**ХIажичи щивали берда бихьарал**
**Бахьинаб гIарцуца гIорцIун хвеларищ.**

**Ришваталъул гIарац гIемерлъараца -**
**Ххер бецулеб гьечIо чIухIун ругеца.**

**7**

**Ххер бецулеб гьечIо чIухIун ругеца,**
**ЧIвай-хъвеялде руссун руго цо тайпа.**
**Пемераб бугехъа бахъун толеца**
**Толеб дунялалъул босилищ пайда.**

**Жакъа бикъун щварас кваналеб буго,**
**Кинги метералде вакъулев вуго.**
**«Бикъила - вакъила » - кицигИ буго,**
**Кинавго гIадамги гIарацан вуго.**

**Ххер сундуе базе бецизе кколеб,**
**Бокьоб гIака гуро, гIиялжо гуро.**
**ГIанкIуцин гьечIони, хоно кин щвелеб,**
**«ХъахIал ханал» кванай - кепаб иш гуро.**

**ГIака букIинаан, кIвахI бергьун буго!**
**БоцIцIи хьихьичIого, гьан щолеб буго!**

**8**

**БоцIцIи хьихьичIого, гьан щолеб бугин,**
**Шагьабазул боял данде гьаруни.**
**Гьеб жо бегьулареб багьана кколин,**
**ГIарац, гIарацгIанги, бацIцIад гьечIони.**

**Хъулухъалъ босулеб харж бугониги,**
**ХIалтIуде унев чи вихьулев гьечIо.**
**Учитель вацIцIадав чилъун кканиги,**
**Чурулъе кIанцIани, ахират гьечIо.**

**Гьес босуларилан рагIаралдаса,**
**ГIедегIун ругеца ЕГЭ ургъана.**
**Институталь унеб гIарацалдаса**
**Пемерго эхеде бахун рагIана. –**

**Босулеб жоялъе гьечIеб роценалъ!**
**Ришваталъ босараб унтул кагъаталъ!**

**9**

**Ришваталъ босараб унтул кагъаталъ,**
**Унго, хIарамаб жо кваналебщинаб!**
**Кидаго ришват кьун, кьалуй буссаралъ**
**Басрияб бакIида кIусулевщинав.**

**Жиндир адрес кьедал унтиялъухъе,**
**КигIан хех гьеб щвелеб гьасда аскIобе.**
**Огьилан, агьилан, ракIгурхIилехъин**
**Гьанже зигардуге, зобалда абе.**

**Мунго дуцагойин  аби батана,**
**ТечIо дуца гIузру тIаде цIачIого;**
**ПалкъотIицин рекъон гьечIин бицуна,**
**БачIайин ахIараб унти дуцаго!**

**ГIумруялъго хIарам кваналеб буго -**
**Кидагосеб гIарац босулеб буго.**

**10**

**Кидагосеб гIарац босулеб буго,**
**ГIузру ккун бугилан, сахал чагIаца;**
**ХIарамаб гьебги кун, кепалда руго,**
**Киналго гуккулел руго гIарцуца.**

**Дарабицин гьерсил гьарулел ратун,**
**Таманаб жо бахъун бухIулеб буго.**
**«Гьерсионералги» хIалхьиялда тун,**
**ХIалтIул дагьлъараб квер камулеб буго.**

**ГIарац бакIарулез, гIадан гуккизе,**
**ГIемерал сихIраби ургъулел руго:**
**Тукен кваналезе хираго кьезе -**
**Загьруххарабщинаб бичулеб буго:**

**ГIарацилан гIемер гIодун ратиялъ!**
**«Гьерсионерлъуде» лъугьун рукIиналъ!**

**11**

**«Гьерсионерлъуде» лъугьун рукIиналъ,**
**БакIлъи тIаса анин ккаралги руго.**
**Кинабго рахъалъан чвахун бачIиналъ,**
**Барахщи биларал чагIиги руго.**

**Лъилалиго «хинкIал» кьейиланги ун,**
**ПираникIаз хинкIал хисун ратула.**
**Ханжуго щайила буцилеб абун,**
**Ицица кварабцин кампет босула.**

**УнтичIелги унеб бакъул дуниял,**
**Унтабаз цIун ругел гьал больницаби.**
**Берго гIорцIулареб гIадалаб хиял,**
**Хашанги гIоларел гIарцул пачкаби.**

**Беццаб гIарац гIодой базегIан буго,**
**Ришваталъул баркат кваналеб буго.**

**12**

**Ришваталъул баркат кваналеб буго,**
**КидалъегIан гIелеб гIадалаб гIарац?**
**ХIалаллъи хIалалалъ цIехолеб буго,**
**Бегьилищ хIехьезе хIарамаб гIарац?**

**Исламалъул агьлу къосунеб буго,**
**Къойилго ришваталъ квералги хъублъун,**
**ХIарамабщинаб жо «бегьулеб» буго,**
**ХIарамаб кванаялъ кинабго хъублъун.**

**Ришват кьурасе - хIакъ, босарасе – хIакъ,**
**Х1алалаб дуниял кибгIаги араб?**

**Кидаго гIадинан баккун буго бакъ -**
**Аллагьасул чирахъ, канлъи кин свараб?**

**Берал сундуйгIаги ругел рижулел?**
**Жалго цIунизедай цIарал хисулел?**

**13**

**Жалго цIунизедай цIарал хисулел?**
**Полиция лъунин милициялда!**
**Падамазда лъурал цIарал хисулев -**
**Щиб рагIи бицинеб цо дибирасда?**

**«Дир ракьалда кьалда гIадан холаро,**
**Хваразул цIар лъола цIигьаруразда...»**
**Гьал рагIаби хъварав шагIир «ккеларо»,**
**Гьикъун руго цIарал гIарабиязда.**

**Умумул роххула, лъимал гьаридал,**
**Гьез босун васасда инсул цIар лъола.**
**Умумул ратани нужер цогидал,**
**ГIагарал цIаралги хисизе ккела.**

**ЦIараз цIунуларо мунагьаз холел!**
**Халкъго гуккизедай гIарцал къотIулел!**

**14**

**Халкъго гуккизедай гIарцал къотIулел,**
**Къойил харжил гIарац гIемер гьабулеб?**
**Шагьабаз кванарал кире щун ругел?**
**Шагьабаз халкъ бугин къосинабулеб.**

**ГIарац къотIиялъул къо бухIад гурищ,**
**БухIун рагIулареб, гIорцIи лъалареб?**
**ЦIия-цIияб къотIун гIарац бихьулищ,**
**БачIанин рагIулеб, гIунин чIолареб?**

**Чай гьабулел чагIаз, гIарац щвеялъе,**
**ГIалагъважа тIамун тIамхал куцала;**
**Кофе ххенолелъул, гьебго ишалъе,**
**Элда рельлъанщинаб гъорлъе жубала.**

**Регун кваналезул камилаб сури -**
**Жакъасеб къоялъул къваридаб сарин.**

**15**

**Жакъасеб къоялъул къваридаб сарин**
**КъватIибе рагIизе нич букIинарищ?**
**Нилъецаго тIаде бачараб сури**
**Сордо биххўн щолеб, щиб гьаб, хIикматищ?**

**Хур бекьулеб гьечIо гьал гIадамаца,**
**ГIарац кьун босани, кинабго бугин.**
**Ххер бецулеб гьечIо чIухIун ругеца,**
**БоцIи хьихьичIого гьан щолеб бугин.**

**Ришваталъ босараб унтул кагъаталъ,**
**Кидагосеб гIарац босулеб буго.**
**«Гьерсионерлъуде» лъугьун рукIиналъ,**
**Ришваталъул баркат кваналеб буго.**

**Жалго цIунизедай цIарал хисулел?!**
**Халкъго гуккизедай гIарцал къотIулел?!**

## ЛЪАЛАРО

**Баккараб тIерхьунеб лъегIелдерил бакъ,**
**Босарабазде щун буго къо индал,**
**Къолощуабилеб декабралда -**
**Дун гьавураб къоян, кIалъала варакъ.**

**Бищун гьитIинаб къо цохIо минуталъ**
**ТIаде цIикIкIун буго къо халалъулеб.**
**ГьатIанкъо гьебилан тола абиялъ,**
**Анкьил свакалдаса инсан ворчIулеб.**

**«Гьеб - ЦIияб соналъе цеберагIийин,**
**Гьеб - араб соналъе хадурагIийин» -**
**Хъвана АхIмадовас, нилъер гьудулас,**
**Гьудуллъи биххизе хиял гьабичIес.**

**Кинан бицаниги, гьавураб заман**
**Зампари бихъараб хасел букIана.**
**Бигьалъи гьабеян гьарулеб аман**
**Дида рагIулареб гIумру букIана.**

**Лъебералда кIийилъ кIудияб балагь**
**БачIун рештIиналде щалдай лъутарал?!**
**Щаклъи рагьилалде, лъаларо, валлагь,**
**ВатIан, букIайилан, лъицадай тараб?**

**ВатIан тун аразухъ урхъуларо дун,**
**ВатIаналда хвезе хиял буго дир.**
**Чияраб ракьалда кьижиларо дун,**
**Вижараб бакIалда букIа зани дий.**

**Дун хвезе вуссарав росулъ рештIана,**
**Щвелищ мурадалде - дида щиб лъалеб?**
**БукIинесеб дие бахчун батана**
**Бичасул хIалкIвеялъ, дагIба кин балеб?**

## ДИЦАГО ДИДЕГО МАКЬИЛАБ МАГIУ

**ЛъегIелдерил хабзал, хваразул росу,**
**Сванагури хиял дур свериялда;**
**ХIалаллъи дурусаб дир «ХъахIаб росу»,**
**Восун лъунагури Лъарал рагIалда.**

**Лъарал гьаракьгIаги рагIулеб-ани,**
**Ракьул бусеналда дагIба букIинчIо.**
**МоцIрол канлъигIаги рештIунеб-ани,**
**ТIад рарал къаназул зулму букIинчIо.**

**Машааллагь, диде хъварабщинаб ракь,**
**Рокьоялъ борхана, хоб цIун хадубги.**
**Ххвелаб зоной чIвараб гамачIалда гъоркь**
**Гъарим дир бетIерги, тIамураб кверги.**

**Хабзалазул агьлу, саламгIалайкум,**
**ГIемерлъанагури цоги чияс нуж.**
**Нужецаго гIадин, дуниялги кун,**
**Цо-цоккун рачIунел ругогури ниж.**

**Нижер добаяли бергьараз къурал,**
**КъахIан щекъерги ккун, гъанкъулел руго.**
**Нужер анияли, илбис тIагIарал,**
**Ракълил байрахъалъул боял чIун руго.**

**Ясазул рацIцIалъи гьаниб гурони,**
**ГьечIилан чIчIаразул рагIиги доба.**
**Бикъиялъул хашлъи хабалъ гурони,**
**Хвезе гьечIиланги абула доба.**

**Добасеб хайир щай, хвезе гьечIилан,**
**ЧIухIун хьвадулезул дунял буго доб.**
**Дунцин вокьичIого, кьалги гьечIилан,**
**ЧIчIаразул чIегIераб гIумру буго доб.**

**Тухумищ дир кьогIаб, кьибилищ гIадаб,**
**ГIемеразе рихун хвезе дун ккани.**
**Квешлъийищ гьабураб, гьаглъийищ гIураб,**
**ГIиллаго гьечIого, чIалгIине ккани.**

**Вокьизейищ кколев? Кколаро, валлагь! -**
**ГьабичIелъул лъийго лъикIлъи гурони.**
**Кинабго бихьулеб цо вуго Аллагь,**
**ЦедергIан нух ккураб гIайиб батани.**

**Доз, росонивги лъун, чурун витIизе -**
**Дун вокьичIелда квер кида дир хъвараб.**
**ХъахIаб ракълил байрахъ, мусруян, базе -**
**Рекъел биххараб къо киб дир букIараб.**

**Дун чидар мугъалда ваччун вукIинчIо,**
**Молол гIучI ккуразе баркала буго.**
**Кинги мухь гьечIого хIалтIи малъичIо,**
**Гьаб хоб бухъаразе кириги буго.**

**Дун тIахьалъ ватана вижаралдаса,**
**Жибго тIехь бегицин буго хIалтIилъун.**
**ХIалтIизе регIана дун гIун хадуса,**
**Хъвараб нахъе тейги рикIкIе захIматлъун.**

**Росдай гьабунщинаб пайда рагIани,**
**ГIабдулхабириде гIадан вахинчIо.**
**ГIадамазе тараб магIишат гIуни,**
**ГIабасил МахIамад махсаро гьечIо.**

**Киналго тIахьалги тIаде рукъзалги**
**Рекъон букIинилан ракIалде ккана.**
**МагIарул чагIиги маданиятги,**
**Сурат гьабунгIаги, бихьизе тана.**

**Дир гIайиб ккараб жо - гIаданлъун вукIин,**
**Г1удгуяв васасда ццин бахъине кIвей.**
**Багьанаги - лъади гIодулей йикIин,**
**Гьелдасаги цебе дие ине щвей.**

**Дун шагIир кколилан, керен бухичIо -**
**Щакаб пишаялда дунго божичIо;**
**Жигарчи ватилин, тиятир тана,**
**Амма балагьараз магIу бацIцIана.**

**Дица дийго зани хIадурун течIо,**
**Дидаса халатаб хадуб чIвалилан.**
**Гьамущиве вахъин хъвараблъун ккечIо,**
**РакI хъахIазегIаги дун вокьилилан.**

**Гьанже щукру буго БетIергьанасе,**
**Гьадин, заман щведал, холел рижидал,**
**Вижа-вижарасе рикъзи кьурасе,**
**Бикьидал, ракьул тIанкI тIагIунеблъидал.**

**ТIаде рахъунеб къо - Къиямасеб Къо,**
**Килщил тIогьалцини цолъун рахъунеб.**
**Диваналъул къоги - МахIшаралъул Къо,**
**Бикъгин хIарамалъул хIасил бачIунеб.**

**Дун кьижила гьанже ахираталда,**
**Мунагьал цIазегIан гIазаб гьечIого,**
**ХIукму къотIизегIан дун тамихIалде**
**ЩIазе гьечIин абун, ургъел ккечIого.**

**Алжан-жужахIалъул каву рагьидал,**
**Кире кинал кколел берда бихьила.**
**Лъалел гIадамазул зигар рагIидал,**
**НечечIого, дунги гьезда гурхIила.**

**ДагIба-рагIиялда гьоркьов течIого,**
**Гьаниве дун цIарав цIобалъул Аллагь;**
**ЩIаларабгин лъараб, гIодоб течIого,**
**РухIгун цадахъ тарав дуе рецц, Аллагь.**

## ДИР УМУМУЛ

**Дир умумул рагIула ГIахьалчIисан рачIарал,**
**Доба ригь-миркги бичун, гьаниб босун рахъарал,**
**Шамилил байрахъчилъун чучичIого вагъарав,**
**Ругъун сахлъулареб щун, щокълъи жинца хIехьарав.**

**Гьев дир кIудадал эмен, эбелги ХIуризадай,**
**ХIалалаб инсул инсул цIар буго дида лъураб.**
**КIудил эбелгин эмен, нусил сонал радалдай,**
**Дир гIумру берцинлъизе лъикIаб хъизамлъун лъараб.**

**Гьев МухIумагъазил вас - МухIамадан абулев,**
**Узденазул васлъидал, бегавуллъун вищарав,**

Г1адлу битIараб букIун, тIолго гIумруялъ толев
Бегавуллъи гьабизе гьунар гIурав ватарав.

МагIарулал кIийиде рикьараб заманалда
ХIоцоса имамасул рахъалда жив вагъарав,
Мун жиндир гьоболлъидал, вукIунге гьеб рахъалда -
Абун, Атаевасул кагъат жинхъе бачIарав.

Имамасе гIололъун гIумру жинца бичарав,
ЧIван хадуб инсул росулъ ГIахьалчIибго вукъарав.
Г1арзаги кьун, гьесул вас вагъизе рагъде арав -
Эмен нахъ вуссинчIелъул бесдаллъун дун хутIарав.

БицанагIан гIемераб гIажаибаб гьаб хабар,
Паналъарав инсуда берчIвазе бокьилаан.
Бицунго бахъунареб рагъазул хаба-чIабар,
ЧIван хварал умумузул нух кквезе бокьилаан.

Дир эбелги - Болъихъа Зиккулазул ГIалил яс,
Харахьив щун, ГIабасил наслу цIехон вахъарав,
Дир эменги ватидал рацIцIадал чагIазул вас,
Яс кьезе рагIи кьурав, кьвари жидер рагIарав.

## ВАСАСДЕ

Дир эмен вуссинчIо сапаралдаса,
Свана гьесул чирахъ чияр ракьалда, -
Хвана, нечечIого гьев бусадаса,
Умумулго гIадин, гIассияб кьалда.

«Дир ракьалда кьалда гIадан холаро, -
Хваразул цIар лъола цIигьаруразда…»
Поэтас абураб рагIи хвеларо, -
Хирияв инсул цIар лъуна васасда.

Лъебералда хадуб хасел инегIан
АхIун щун букIинчIо гьеб ирсиласе,
Халатал хьулаца эбел тезегIан
Тун букIинчIо кьезе кьолбол чиясе.

Рукъ чIаго гьабурав дир цохIого вас,
Дуе букIун буго гьеб нахъе цIунун.
Дир инсул цIар лъурав гьитIинав ГIабас,
ГIезе ватаги мун мугIрузда цIумлъун.

ЦӀумал роржанхъула рорхалъабазда,
Борхатаб букӀаги дур рекӀел анищ.
Лъимерлъи талихӀаб гьаб улкаялда
Канаб гуреяб къо дуе бачӀинищ!

РачӀунгеги дуде, дир эменги ун,
Дида лъарал гӀадал лъимадул сонал;
Руссунгеги нахъе, кӀалтӀе рагъги щун,
Гъванки къотӀуларел къоязул сонал.

Амма ВатӀаналде ккани къо тӀаде,
Къан ярагъ борчинеб дурги дадаца.
Дуда рагӀулелъуй гӀагарлъилалде
ГӀодоцинабилеб гъугъай нилъеца.

Мун кинав вукӀинев кӀудияв гӀедал,
ГӀадамал хирияв дунго гӀадавищ;
Дуй цӀар тарав гӀадин, ахӀи бахъиндал,
Нахъа хутӀичӀого, цеве уневищ?

Бице… ЦохӀо вугев дир гагудал тӀинчӀ,
Дадаян гаргазе кидадай лъала?!
Хасалихъе щвараб дир ихдалил хӀинчӀ,
Данде векеризе кидадай гӀела?!

## ДУН ГӀОЛЕ-ГӀОЛЕЗУЛ ГӀОЛИЛАВ ВУГО

Дун гӀоле-гӀолезул гӀолилав вуго,
ГӀолохъанлъи гӀадаб гӀумру лъаларо;
ГӀанчӀал хиялазул нухлулав вуго,
НухтӀа вукӀин гӀадаб рохел лъаларо.

Дун, арал соназул сиялтӀе вахун,
Борхалъуда чӀечӀо чӀухӀун вихьизе;
ЧӀегӀерал пикрабаз керенги бухун,
Кидаго вукӀинчӀо копоца тезе…

Дун гӀоле-гӀолезул гӀолилав вуго,
ГӀолохъанлъи гӀадаб къуват лъаларо;
КъамартӀал ишазде урхъарав вуго,
Азинги визинги дида лъаларо.

Дун, рарал соназда нахъаги вахчун,
Чучизе чӀоларо ккараб къоялъе,
Къокъаб рахӀаталъе хӀалтӀиги бичун,
ХӀалхьуда чӀоларо рекӀелгъеялъе…

Дун гІоле-гІолезул гІолилав вуго,
ГІолохъанлъи гІадаб талихІ лъаларо;
Лъараб хІасраталъул хъаравул вуго,
Рокьи тІагІунезул магІна лъаларо.

Дун, сварал соназул свакайги босун,
Бадив къулуларо гІищкъул тІегьалде.
ТІаде къо банагІан, бакараб цІа сун,
Саву ккезе течІо дица ракІалде.

Дун гІоле-гІолезул гІолилав вуго,
Дун гІоле-гІолезул гІолилав вуго.

## Э Б Е Л

Эбел, дица дуе кечІ
кидаго хъван букІинчІо. –
Кинацаго бицараб
бицине дун лъугьинчІо.
Амма, эбел, дуде кечІ
гьечІого дун вукІинчІо,
Гьеб гьитІинго ахІараб
гьанжеги лъугІун гьечІо.

Эбел, лъай лъалелде дун
дуда хадув гІодана,
Хуриса юссиналде
дун чанги зигардана. –
Гьеб дица дуе гьедун
гьабулеб кечІ букІана,
Хасаб дирго мацІалда
цІалулеб кечІ букІана.

Хадуб, гІедал, гІоди тун,
гІагІаялда велъана. –
Гьебги дуе реццалъул
цо назмулъун букІана.
БакІал ургъелал ратун,
таманав пашманлъана. –
Гьелъул сихІкъотІиялъул
дуе шигІру гьабуна.

**Цояз буго ахIулеб:**
**хIалимай эбелилан.**
**Цоял руго гIодулел:**
**гIазизай эбелилан.**
**Дица гьале гьикъулеб:**
**гьел рагIаби щайилан,**
**Щал ругел божуларел**
**нужер ракIаздайилан.**

**Дида гьитIинго ккана**
**гьай дир эбел гIадинай**
**ГIадан дуниялалда**
**цониги ятиларин,**
**Дида жакъаги ккана,**
**Мун, дир эбел гIадинай**
**ГIадан дуниялалда**
**хадуйги йикIинарин.**

**Гьедин ккола васазда,**
**гьедин ккола ясазда;**
**Жидерго эбел гIадай**
**гIадан гьечIо ракьалда.**
**Эбел йиго ракьалда,**
**эбел йиго ракIалда,**
**Эбелалъул цIар гIадаб**
**цIар гьечIеб дунялалда.**

## ЧIУЖУГIАДАН

**Дунял чIаго гьабизе**
**багIарбакъ гIахьаллъула,**
**ГIумруялде ахIизе**
**хIалкIолъи цо дур ккола.**

**Халкъазул жан борхизе**
**байрамалъул къо щола,**
**Къанщараб ракI бохизе**
**бер дуда чIвараб гIола.**

**Ракьул гьумер цIилъизе**
**цIидасан их рещтIуна,**
**ГIаламалда тIегь базе**
**тIокIкIарай мун ячIуна.**

Берцинлъиялъул аслу,
ахир гьечIей йиго мун;
Авалалдасан наслу
свине течIей йиго мун.

Инсанасул хIалалда
хIалимлъи ккурай гIадан!
ГIащикъаб рокьиялда
рухI лъурай чIужугIадан!

## АНСАДЕРИЛ ГIАНСА

Херал умумузул адаб кквеялъдай
Ансадерица гьаб гIанса ургъараб.
Эркенал къоязухъ рокьи ккеялъдай
Канлъул чIорал гIадаб ишан кьабураб?

ГIумрудул ритIухълъи балагьизедай
Гьаз жуламул тIилал ритIизарурал,
Макирияб гIарцул гIамал рихундай
ГIисинал къенцIаллъун цIулалълъ бекьараб?

Лъаларо…Лъалеб жо буго гьаб гIанса,
ГIадан хIаликълъидал х1алай батулеб.
ГIансида расенги батила къиса,
Бицине лъалареб, лъазе бихьулеб.

Расеналъ халлъула хвалченги хечги,
Бачаги, ханжарги, хехал чIоралги,
Гуллбиги, гьимиги, магIил гаралги,
Гучал хисуларел ханал мугIрулги.

Умумузул тарих хараблъаниги,
Халкъалда лъа абе жиндирго къисмат.
ГIансиде ккеледухъ дун херлъаниги,
Хиялалълъ те абе унгояб лахIзат.

## ЦIИЯБ СОН

БачIуна цIияб сон, уна цIияб сон,
Санайил тIегь бала дир ВатIаналда.
Гвангъула щвараб сон, суна араб сон,
Амма нур сунаро дир улкаялда.

ЦIияб сон бачIараб байрам баркизе
Буго хъахIаб дарай дир мугIруз ретIун.
Рохалил паразникI кIодо гьабизе
Гьулимаргъал буго гъутIбузда гъалун.

ГIедерал гIоразда, гIодоб чIайилан,
ГIарац биччан буго рагIаллъабазде.
Гъамиларал рохьахъ, хIохь бахъейилан,
Хъупил бусай руго рехун хъархъазде.

Инсан, сон анагIан унин дур гIумру,
ГIемер щай вохулев дун цIияб соналъ?
ГIадан херлъиялъе щоларин дару,
Щай чIухIун лъугьунев дун гьаб байрамалъ?

ГIумрудул сон унан щай къварилъилел,
РекIел анищазде гIагарлъулелъул!
Херлъулел ругилан кин пашманлъилел,
Пахруго тараб нух халалъулелъул!

## ДИР ТIАГЪУР

Рорхатал мугIрузда гIадра кванарал
ГIиял рехъабалъа буго дир тIагъур.
ГIатIидал хасалил мучIдул мерхьарал
ГIухьбуца бачIараб буго дир тIагъур.

МугIрул улкаялда яшав гIолелъул,
Цадахъ гIун бачIараб беричаб тIагъур.
МагIарулас бетIер къулуларелъул,
Умумуз гьабураб борхатаб тIагъур.

ГIищкъул бахчабахъе чапун унелъул,
МахIмудица лъураб магIарул тIагъур.
ГIадалабщиналде чIор речIчIулелъул,
ХIамзатица лъураб магIарул тIагъур.

Умумулъ батараб формияб чIухIи –
ЧIалгIинаро дида магIарул тIагъур.
Сурун бихьараца инсулги бухIе,
Бек-бекун тIад лъела магIарул тIагъур.

## ЧIАРАДАСА ГIУХЬБУЗЕ

**ШагIир вугониги, дун гьал гIухьбузда**
**ГIадан хIисабалда хIал квешлъун вуго, -**
**Киса гьаз босулеб сверухълъиялда**
**Дида батулареб тамашаяб кечI?**
**Кин гьазухъе щвараб гьаб гIумруялда**
**Дир сверуда гьечIеб пасихIлъидул мечI?**

**Гьобол вугониги, дун гьал гIухьбузда,**
**Бечелъиян гуро, бахиллъун вуго, -**
**Халатал санаца диргоян ккараб**
**РекIел сахаватлъи гьазул батидал,**
**Гьаб жакъалъагIан дир каранда гIураб**
**ГIаданхиралъиги гьазул тIатиндал.**

**Гьудул вугониги, дун гьал гIухьбузда**
**Дирго гIунгутIабаз жахIда ккун вуго, -**
**Гьал мугIрузул согIал гIорал рихьарал**
**ГIухьбузул ракIазулъ щай гьечIеб согIлъи?**
**ГIазул авлахъазул хъачIлъи мерхьарал**
**ГIухьбузул ракIазулъ щай гьечIеб хъачIлъи?**

**Сахго вугониги, дун гьал гIухьбузда**
**ГIолохъанчи гIадин ракI хъублъун вуго. -**
**Дие щвечIеб къуват гьазухъ бихьулин,**
**Рохьил миккигъветIлъун кин гьал рукIунел?**
**Дие кьечIеб гьунар гьазулъ бихьулин,**
**Гьаб тирилъигун гьал киндай хутIулел?**

## УНЕБ БУГО ГИРУН

**Унеб буго гирун гурзараб дунял**
**Зодилал къватIазул къачIеб нухдасан,**
**Микъсалалъ къаларо гьеб рагIалалде,**
**КъатIраялъ хьваларо гьеб ракьаналде.**
**Амма инсан, тIилил рагIад гIадинан,**
**ГIумруялъ жиндие лъураб кьотIасан,**
**Кьурулъ тунканиги, уна ракьанде,**
**Гьоркье вортаниги, уна рагIалде.**

**Унеб буго гирун гурзараб дунял,**
**Зодил ургъел гьечIел гьундулги раччун;**
**Гьеб лъагIалидасан сверун буссуна,**
**Сапаралъул авал батизе гIадин.**

**ГӀадан, берал гьечӀеб гьорчо гӀадинан,**
**ГӀодоб лъалкӀ тун уна анищаз вачун;**
**Нахъ валагьуларо – щиб лъалкӀдай тана,**
**Щибго бичӀчӀулеб бакӀ букӀинчӀеб гӀадин.**

**Унеб буго гирун гурзараб дунял,**
**Зодихъе борхичӀеб чӀахӀцин гьечӀо тӀад;**
**Гьаб сункьа хӀинкъунха гурзалеб бугеб,**
**Гунзари кинигин, гирулеб бугеб?**
**Чи щайха, чарамул вугев гӀадинан,**
**ГӀамал чӀухӀун чӀолев дунялалда тӀад.**
**Гьесул ракӀ сунцаха беццлъизабулеб?**
**Гьесул ракӀ сунцаха гӀинкълъизабулеб?**

*** * ***

**БацӀал какулел руго,**
**квешал хъурмал ругилан,**
**Хъумур гуреб жанавар**
**щиб бугеб дунялалда.**
**Хадур лъугьунел руго**
**гьел гъуризе кколилан,**
**Кинацаго талавур**
**тунищ бугеб ракьалда.**

**КӀкӀарагӀанасеб цӀунцӀра**
**цӀан хӀапарагун уна,**
**ХӀупрузейищ бокьулеб**
**бакъул дуниял тезе.**
**Малърал ригъараб гъанцӀра**
**ччугӀил щокъроб хурхуна,**
**ЧчугӀайищ разилъулеб**
**лъадахъ зайдан хисизе.**

**БацӀаз толареб чахъу**
**чан магӀарде бахунеб,**
**Бихьизе бахилаб тӀегь**
**тӀечӀогойищ гьелъ толеб?**
**БухӀараб цӀулал рахъу…**
**гъветӀ сурукъищ букӀунеб!**
**ГъветӀ-рохьалда балеб тӀегь**
**бегӀукълъунищ бихьулеб!**

**Гуро, бацIал какуге,**
**квешал хъурмал гуро гьел,**
**Хъурмил махI хурхинчIеб жо –**
**харил кьалбалцин гьечIо.**
**ГIайибгун гIедегIунге,**
**гIасилъаби гуро гьел,**
**Цоцазе кьун гьечIеб жо –**
**ракь-гамачIцини ккечIо.**

## ЙОКЬУЛИЛАН ЩУРУЛА

**Ихдалил бакъ борхана,**
**хиялазул си гIадин;**
**Дур лага чIурканлъана,**
**чIорлъун араб гъветI гIадин.**

**Дир бераз мун йосула,**
**нусгоялъа йищула;**
**Йокьулилан щурула,**
**щвеларилан хIинкъула.**

**ГъотIол кар гIурччинлъана,**
**гIищкъул бахча кинигин,**
**КанчIаб дур рас гьурщана,**
**гьорол куркьбал кинигин.**

**Дир бераз мун йосула,**
**нусгоялъа йищула;**
**Йокьулилан щурула,**
**щвеларилан хIинкъула.**

**ЦIадал рана, нур чIана,**
**релъабазул кIамурлъун,**
**Ралагьана, рахчана**
**дур берал, дир цIвабилъун.**

**Дир бераз мун йосула,**
**нусгоялъа йищула;**
**Йокьулилан щурула,**
**щвеларилан хIинкъула.**

**Дуда сверун их чIана,**
**дир рекIелъ рокьи чIана;**
**Йокьулилан щурула,**
**щвеларилан хIинкъула.**

* * *

**Дир тIолго гIумру ана, урхъун, мун цIехолаго,**
**ЦIар лъаларей, йихьичIей ятизе кIоларого.**
**Яккана ахир-къадги, къирбал лъазе цIва гIадин,**
**ЦIар лъана, мунго лъана, маргьабазул яс гIадин.**

**Духъин дир гъоб гIолаго гIищкъу бергьун букIараб.**
**Мунин макьилъги лъадги дир ракIалда йикIарай.**
**Амма аскIой щванагIан щай рикIкIада йихьулей! –**
**Хьухьал ун гвангъанагIан бакъул нур кин бецIлъулеб?**
**Ятун ялагьанагIан, гьудул, мун щай йилулей! –**
**Щвараб гIор цIикIкIанагIан ралъад киндай дагьлъулеб?**

* * *

**Гьудул, дуца гьикъула**
**дуе дун йокьулищан,**
**Рокьул, йокьи гурони,**
**батIияб пиша бугищ?**
**Хадуб дуца гьикъула**
**кигIан йокьулейилан,**
**Рокьул, тIокIлъи гурони,**
**тIаса ками букIунищ?**

**Дир дуде бугеб рокьи**
**жибго замана буго,**
**Заман кигIан аниги,**
**ахир жиндие гьечIеб.**
**Дир дуде бугеб рокьи**
**бикьичIеб гIалам буго,**
**ГIакълуялъ борцаниги,**
**батизе рагIал гьечIеб.**

## РОКЬИЯЛДА ЦIАР

**Риидал хасел бокьун,**
**хасало рии бокьун,**
**Рокьиялда лъезе цIар**
**лъаларого вуго дун;**
**Сардал рогьине бокьун,**
**къоял рукIкIине бокьун,**
**Рокьиялда лъезе цIар**
**лъаларого вуго дун.**

**Вохидал пашманлъиги,**
**пашманлъидал рохелги, -**
**Рокьиялда лъезе цIар**
**лъаларого вуго дун;**
**Бакъго цIураб гьимиги**
**цIад гъанкъараб магIуги, -**
**Рокьиялда лъезе цIар**
**лъаларого вуго дун.**

* * *

**Берцинай цо**
**ГIаданги лъан,**
**Лъайги босун**
**Вугин дун.**
**Чалухай цо**
**Ясги йокьун,**
**Рукьбалъ бугин**
**ЦIа бакун.**

**Надалдехун**
**Гьарщун чIараб**
**ЧIегIер расул**
**Берцинлъи.**
**Кьунсрукьехун**
**КунчIун чIарал**
**Дур беразул**
**Гьайбатлъи.**

**ТIогьол нуракь**
**Кьижун бугеб**
**Дур гьурмадул**
**Бахьинлъи.**
**Билил кIутIбакь**
**Маргъал бугел**
**Дур цабзазул**
**ЦокIаллъи.**

**Дур гIазулаб**
**Кереналъул**
**Сипат щибун**
**Гьабулеб.**
**Кипарисаб**
**Лагаялъул**
**ХIисаб щибун**
**Босулеб.**

* * *

**Бицине нечеялъ чара тIагIараб**
**Чанги анищ буго ургьиб бахчараб.**
**Абизе кIвечIого кIулал ран тараб**
**Таманаб жо буго жаниб гъанкъараб.**

**Анищазул хурзал, хиялазул ах,**
**Унго кида телев нужеца дун сах.**
**Дир квер гIунтIулареб гIищкъуялъул тах,**
**Щиб къоялъ бачунеб дуца дие ахх?**

**Риидал бакъукье вухIун вукIинчIо,**
**БухIана дир керен берзул балаялъ.**
**Хасало гIаздакье цIорон вукIинчIо,**
**ЦIорона дир кIал-мацI гьаб илагьиялъ.**

**Ясалъул цIарги лъун, цIа дида гъезе,**
**ЩIаруйго угьараб гьумер бихьанищ!**
**ГIаданул сипатгун, сабру дир хвезе,**
**ХудожникI ургъараб сурат батанищ!**

**Бакъул чIоралдаса чIурканай гьудул,**
**Дур саналъ гурони сахлъиларо дун.**
**Сардил моцIалдаса къалъарай гьудул,**
**Дур нуралъ гурони гвангъиларо дун.**

**ЩIвабилъун кенчIолел чIегIерал берал**
**Ралагьилародай дида рухI лъезе.**
**Милъирщодал гIадаб пасихIатаб кIал**
**Цо кIалъалародай дун хвасарлъизе.**

**Бакараб цIаяли гваргъуна, ссуна,**
**Ссунареб цIа гъуна гъарим каранда.**
**Унта-щокълъияли бачIуна, уна,**
**Унеб гIузру гьечIо гьинал рекIеда.**

# Хвалил унти чIварав Шахтамановас Хвел гьечIин абуна гьеб асаралъе

## ГIАЗДАКЬ ГЬАЛДОЛЕЛ ИЩЦАЛ

ГIабасил МахIамадил «Рокьул таватурал» - лъабго асар, батIи - батIиял заманабазда аваразул тарихалда ккарал лъугьа-бахъиназул лъабго хIалуцараб трагедия. Лъабалъулго буго гIаммаб цо тема - гIищкъу, аммаха мурадалде щвечIеб, даимаб гIаздакь гьалдолел ищцал гIадаб гIищкъу.

МахIмудил гIищкъуги, гьелда цебе эхетараб жагьиллъиялъул ва жахIда-щциналъул сангарги, цо-цо мехалъ живго жиндагоцин хадув гъолареб ва гьебго заманалда сверухъ бугеб рукIа-рахъиналъул тIуцаб нуцIаги, эркенлъиялде шавкъги ва гьелъие нух къараб чIегIераб къуватги, кочIохъанасде бугеб халкъалъул рокьиги ва амма гьесие хIалае бахъине халкъалъул гьечIеб ниятги, къеркьонилан «я бергьун тIад гурев, я тIамун гъоркь гурев», рокъоб ракълидаги, къватIиб рагъдаги талихI дандчIвачIев поэтги, нахъасан речIчIараб гуллаги… Кколаребищха гьеб трагедиялъун? ХъинтIуларебищха, унтуларебищха гьеб тIолго халкъалдаго, ай обществоялдаго? ГьечIебищха гьениб цоцалъ хурхун бидаххунеб кIиго къуват?

«Камалил Башир» абураб трагедиялда ГIабасил МахIамадица нилъее рагьараб некIсияб гIумруялъул свералабазул, сухъмахъазул къварилъиялъул ва гьетIалабазул бицинчIониги, тIолго жамагIатги тIаделъун, васасул бетIер къотIизе тIамулев эмен - гьеб гуребищ хасав чиясул напсалъулги, къисматалъулги, жамагIаталъулги трагедия?

ГIабасиласул лъабабилеб трагедия «Саба Меседо» цIалулезда бихьила трагедиялъул киналго шартIал ва гIадамазул хасиятал гьеб асаралъулъ, цебесеб кIигоялде данде ккун, батIияб, тIокIаб махщалида ва камилго цолъизарун рукIин.

Якъинаб жо: аваразул тарихалъулъ трагедиялъе мустахIикъал заманабиги ва гьел заманабазул жамгIияталъул къануназдеги, зулмуялдеги, жагьиллъиялдеги данде къеркьезе рижарал бахIарзалги ГIабасил МахIамадида ратун руго. Гьелдаго цадахъ дие, масала, якъинаб буго художествоялъулаб камиллъиялъул рахъалъ лъабабго трагедия цого даражаялда хъвараб гьечIолъиги. Гьеб бичIчIулеб жоги буго, щайгурелъул пагьму-гьунаралъул камиллъи куцала хIалтIигун хIалбихьиялъги, кIудияб сабруялъги. Веке-векерун кколеб жо гуро чIегIерцер.

ГIабасил МахIамадил лъабабго трагедия цIалараб ва гьездасан щибаб хъвараб гьунар-махщелалъул хIисаб гьабураб мехалъ, дида цебе чIчIана аваразул театралъул залалдасан гьелъул сценаялде рахунеб болъо. Гьелъул буго лъабго мегIели. Болъодул лъабго мегIелилъун бихьана дида ГIабасиласул цо тIехьалде цолъараб, цоцада цебе-хадуб хъвараб лъабго асарги: «ХъахIабросулъа

МахIмуд»- тIоцебесеб мегIели, «Камалил Башир»- хадусеб, кIиабилеб мегIели, «Саба Меседо»- лъабабилеб.

АнцIила щуго соналда гьоркьоб хъвана ГIабасил МахIамадица тIехьалда лъураб лъабабго трагедия.

I970-абилеб соналда вачIана поэт ГIабасилав ХъахIабросулъа МахIмудил хIакъалъулъ жиндирго асарги босун. Бегьилин абуна гьеб цIаларал аваразул хъвадарухъабаз ва нилъер театралъул артистаз. Росабалъги, МахIачхъалаялдаги театралъул сценаялда МахIмудги, гьев жанив хьвадараб сверелги, гьанжеги бихьула гIадамазда. Берцинаб рахьдал мацI, лъугьа-бахъиназулъ гIахьаллъулезул гIамал-хасияталъе хасаб калам, аваразул гIажаибав шагIирасде гIадамазул бугеб рокьи- гьеб кинабго ГIабасиласул трагедиялда гIунги тIокI буго.

ГIолареб жо щибха? Авторасул махщел, устарлъи ва гьелъул хIасилалда трагедиялъул аслиял бахIарзал: МахIмудил, Муил, ХIоцоса Нажмудинил сипат-сурат щвалтIе щун камилаллъун лъугьун гьечIолъи. Гьай-гьай, дица бицунеб бугеб поэт ГIабасиласул пагьму-гьунаралъул гуро, МахIмудил къисмат гIуцIулаго гьесие гIечIеб, драматургасе хасиятаб ва хасаб устарлъиялъулин. Махщелчилъи, устарлъи бихьизабизе авторас бахъулеб жигар буго, амма жибго устарлъи ва махщелчилъи цIубараб, щвалтIе щвараб гьечIо: цо гамачI рекъезабулаго цояб бортула, цо бокIон битIизабулаго цогидалъул зиян, чIимигIлъи загьирлъула. ТIоцебесеб нухалъ хъвалеб трагедиялде ГIабасил МахIамад вачIунев вихьула МахIмудил рахъалъ нилъеда лъалел биценаз бокъараб нухдасан. Трагедиялда кьун буго заманалъулги МахIмудилги сурат, амма гьеб сурат, дида кковухъе, художникасул квералъ гуро, фотографасул алаталъ бахъараб буго. МахIмудил рахъалъ ГIабасиласул трагедиялъулъ дие, масала, бищунго рекIее гIуна Магьдил МахIамадил хасият авторас загьир гьабураб къагIида, гьесул социалияб хъачагълъиги, хъантIиги, ияхIалъул мигьлъиги, рухIияб пакъирлъиги къватIиб чIвазабураб драматургасул махщелги устарлъиги. ГIолохъанаб мехалъ МахIмудги Магьдилавги- кIиго гьобол-гьудул, цадахъ кеч1 ахIулел кочIохъаби, кIиго мискинчи. Цинги нахъа, Октябралъул революциялъ халкъалъул гIумру арабги бачIинисебги заманаялъул цIадирабазда лъураб мехалъ, кIиявго гьудуласда гьоркьоб бегун батана бахине бигьаяб гуреб гIор, гьел ккун ратана кIиго батIияб социалияб даражаялде: МахIмуд гьадабго «кьурулъ…кьодул сакIги тIун». Магьдилав абуни… гьесул гьанже «ахал-хурзал руго, гIалхуда кулалги руго, кулал цIун цIаниги руго, цIаназда вехьги вуго, рехьед бацIикьа гIадин, гIадамал дикьаго хIинкъизарулев дунгоги вуго». ХIинкъизеяли гьесукьа лъадицин хIинкъуларо, амма бихьулищ, гIадамал, некIсияв гьудуласул кIал-мацIалтIа рещтIун бугеб лебаллъи! ЦIогьор гьедула, хъахIба гIодула. Магьдилавги жиндирго яхIалъул чIобоголъи бахчизе пударилев вуго. Цо-цо гIадамал ГIабасил МахIамадил трагедиялде жанире рачIуна, рачIаралго гIадин, нахъеги ине. Амма Магьдилав… Гьев - цин хъахIав, цин чарав, цинги чIегIерав. ЧIегIерлъиларищ, чIегIераб ияхIалъул чиясдаги (ХIоцоса Нажмудин), чIегIераб къуваталдаги мугъчIванлъидал гьанже Магьдилав вугев! Гьединлъидалин гьев ахиралда лебаллъулевги. Амма гьеб буго «нусго граммалъул» лебаллъи. ГIабасилас камилго цебе чIезабун буго

гьудуллъи бичарасул къисматалъул лайикълъи - нилъер заманалда гIемер дандчIвалеб унти.

Камалил Баширил къисматги гьоркьоб ккун, ГIабасил МахIамадица бихьизабулеб буго жагьиллъи, лъавукълъи, бецIлъи - гьеб бугила гIасиябги вахIшиябги бергьиналъе гIилла ва балагьалъул кьучIчI. Гьеб кьучIчI биххизе кIолеб къуват Баширил дунялалда гьечIо ва гьединлъидал рес букIинчIо берцинлъи, гIищкъу, гурхIелбуголъи рагIиятчилъиялъулаб гIадлу-низамалъул, гIадаталъул малакье ккечIого, Баширил къисмат гьезул къурбанлъун лъугьинчIого.

Трагедия байбихьула рогьел загьирлъулеб заманалда. РачIинахъего нилъеда дандчIвалел руччабазул гара-чIвариялъулъго буго цо кьерхен, цоцакьа бахчун бажаруларeб жахIда-хIусудги хIинкъиги. Сабру хварал берцинал руччаби, сурукъай Сата, гьелъул насихIат, гIантлъарай Нуржан, гьелъул къосараб калам… Йохъ, цо балагь, гъалмагъир бахчун буго магIарул росулъе рещтIунеб рогьалида нахъа, сурукъай Сатал (Баширил рокьи ккарай яс) рахIат хвезабулеб каламалъулъ: «…дир яцал, цере ралагье…биххани, къадада, бахъани, ццидада рахIму лъаларо…» Гьедин рогьалилъго зобалазда хьухьал хурхуна, хадуб къад гьел накIкIаз тIупула, цинги къаси - гьури-цIер, цIад-пири, гъугъади ва инсул гIощтIоца къотIун бортулеб васасул, багIармесед гIадаб каралъул бетIер - бащдаб гIасруялъулъ рикIкIадаб бецIлъуда магIарулазда гьанжеги бихьулеб цIа: Баширил гвангъараб гьумер.

Башир магIарул Мажнунищ? Лъаларо. ТIехь цIалулезда лъала ва бихьула: Баширие кьижиги ворчIин буго, ворчIинги - макъу буго. Рукъги гьесие - туснахъ, къватIги - гьебго. Нахъаги жахIда, цебеги, кIиябго хьолбохъги - гьебго жахIда. ХIатта руччаби-ясалцин: «Дие! Дие! Дие!» Гьанже Баширие щибха? Баширие - вахчари, лъутари, рохьал, гIалахал…ГIадамалъ бакI гьечIо. Берцинлъи - хIайранлъиялъул бакIалда, ци гIадинан, гIодоб чIчIун буго жагьиллъи. Гьеле нужее чиясул напсалдаги, гьесул къисматалдаги гьоркьоб хIалуцараб ва кьогIаб кьал - трагедиялъе къваригIунел аслияздасан цояблъун кколеб шартI.

Поэт ГIабасиласул къалмица гьелда битIахъе рухI лъолеб буго: магIуги, биги, жагьилазул рохелги, рекIелъ ияхI бугезул пашманлъиги. Я гIалхуда, я гIадамалъ нахъасан камичIеб хIинкъи. Гьебищха бакъул дунялалъги инсул тIалъиялъги хIайранаб берцинлъиялъе кьураб шапакъат? Ва амма гьеб кьогIаб дунялалде инсухъияб жамагIаталде Баширил абуниха букIараб гIащикъаб гьари-мадад, вагIза-гIарз, хитIаб-калам: «Дун вижун вуго нужгун вукIине, велъизе, гIодизе, гIумру гьабизе, хIалтIизе, хIал ккедал кьалде вахъине… Дун гIадамазулъ те!» Къабул гьавичIо гьев гIадамаз. Щайгурелъул, гIаданлъиялъулъги, гурхIел-ияхIалъулъги канаб гьурмада хIетIе чIчIун буго Тучалавги Чангъилавги гIадал ракI беццал, чохьол гурони ургъел гьечIел гьагулабаз.

Гьунарги берцинлъиги гIасрабалъ лъалкI течIого тIагIун унаро. Башир хIобода вухьана, инсул гIащтIи паркъана…Щибха хутIараб? ХутIана жамагIаталъул кватIараб кантIиялъул кечI. ХутIана магIарул руччабазе рухIалъул, рухIалил ва гурхIалил бицун меседил чIчIвабзаз бачунеб бакъан. Лъида тIоцебе бихьараб ЧIохъ росулъ бижараб берцинлъи? Руччабазул недегъал берaзда. Лъица гьелъул къимат гьабураб? Руччабазул, ясазул цIодораб ракIалъ.

Берцинлъиялъул нуралъукь гьел жалгоги жеги цIикIкIун берцинлъана, рекIел асар камиллъана, гьеб асаралдаса чIухIана ва, аслияб, авторасги тасдикъ гьабулеб пикру: руччабазда хIинкъи-къай кIочана. Росдал гIакъил Занкица абула: «ХIинкъиги рокьиги - гьуриги цIаги…». Ихтиярги эркенлъиги цIалаца ва заруца тIецинабураб жамагIаталда, гьури пунагIан цIа гIадинан, хIинкъи кьунагIан рокьиги гьалаглъула. Гьукъараб - гьуинаб.

ГIабасил МахIамадил лъабабго трагедиялда магIарул руччаби рихьизарун руго къадру - ничалде рагIад рехизе толареллъун, рукъалъул ва ригьнал намус бацIцIад цIунун хьвадулеллъун. Амма хIарамабин абулебщиналдаса цIуна-къан рукIине хIадурал гьезие, масала, бегьуларо берцинлъиялда берчIвазе даим гьукъи. Гьеб эркенлъицин хIарамаб батани, « нахъе йитIе дун, тIамун цIаргун»,- абулеб буго Залбикаца согIав рос Чангъиласда. КIудияб бацIцIадаб асаралъ рекIел дунял гвангъизабичIей, гьеб асаралъ анищазда нур бачIей магIарул чIужугIаданалда кIвелаандай гьанжеялдаса щунусго соналъ цебеккун росасул бадиеги ялагьун абизе: «Дие бокьунищ дун дуца ячарай, мун хиралъунищ дун ячIун йикIарай? Дуца боцIухъ йичун йосунин абун, дие мун вокьизе тIадабищ бугеб? Бокьараб кванан, кунчIараб ретIун дур рокъоялдаса, цо дов (Башир) вихьулелъуб гьорол гохIда лъикI… Нахъе йитIе дун!» Щиб биданиги, хIалккаралъур, хIалкъаралъур кидаго къуркьуларел ва лебалал рукIана магIарул руччаби ва гьелъие, гIасрабалъеги ваккун, мисал батарав поэт ГIабасиласе баркалаян абила жакъасел руччабаз.

ГIабасил МахIамадица кочIол каламалдалъун хъвараб «Саба Меседо» буго адабияталъул бокьараб идараялда ва даражаялда цебе хIинкъичIого лъезе бегьулеб художествоялъул рахъалъ камилаб, щвалде щвараб ва магIна гъваридаб асар.

Трагедия хъван буго халкъалъ нахъе цIунараб некIсияб биценалда сверухъ. Нахъойги - тIубачIеб, мурадалде щвечIеб гIищкъу, къосараб къисмат. Амма МахIмудилги Баширилги рахъалъ хъваразде дандеккун гьаб трагедиялъул квер гIунтIулеб бакI гIатIидаб буго. Гьанив автор, тIехь цIалулевги цадахъ вачун, цIодорго ва адабалда ваккулев вуго аваразул ханлъиялъул некIсияб тарихалъулъеги, гьеб тарих гIуцIцIулел, бацIцIунел, гьелъул лъугьа-бахъиназе квербакъулел гIадамазул рукIа-рахъиналъулъе, пикраби-къасдазулъе. Пикру гъваридав чи нуцалги вуго, гIакъилал гIадамал гьесул чукъби - вазир Арако ва къадичи ГIалимирзаги руго. Гучаб ханлъиги, ханлъиялде тохлъукьего ккарав цо лагъ- суратчи Баланурги. ЦохIо килищ тIинкъун хIурудахъ инавилаан гьев бахьикъосарав «чIегIеркIкIуяв лагъ». Амма лагъасухъ цохIо йигей нуцалил ясалъул ккараб чияда рагIараб рокьи? Рогьо, нич? Чучараб яслъи?.. Бихьуларищ цохIо рукIкIен хIунсунилан хIакъирлъизехьин буго некIсияб ханлъиялъул кибего рагIараб къадру! «Вачун тархъанлъани дуца дурго лагъ?» - абун хIисабалъ гIакълу кьола вазирас. «Кири букIунеб жо - лагъ эркен гьави»,- ян тIад рекъола къадиги. «Жаниб те, тугъасги тIад бан…» - абун гIакълу кьола вазир Аракоца нахъойги. Амма гIенеккизин ГIандуникI - нуцалихъ:

**Жаниб кинан толеб каву тараб жо?**
**Тумазул мугIрул тун рагIун батила,**

**ГIатIид авлахъазда щущан батила!**
**Щиб дица абилеб дир чукъабазда,**
**Лагъасухъ рокьи ккун, яс чIвай рагIидал?**
**Дий магъало кьолел ханзабазухъе**
**Хабар кин ахIилеб, хIинкъи кин кьелеб,**
**КьечIей ясгун ватун лагъ чIвараб къоялъ?**
**…Дун - гIарабияца кверде восичIев**
**Суракъатил наслу! Сси хванагури!**

Бихьулищ поэтасул каламалъул пасихIлъи ва нуцалил нагIадалалъул кьучI гьечIолъиги (нилъер тIохдасан ралагьани)? Йохъ, виха-хочун вуго тIалъиялъул хан, ццин къезабун бажарулеб хIал гьечIо. Къун чIолей яс Саба Меседоги гуро. «Баланур чIваниги, дун чIчIелин ккоге, цинги Булачие инилан ккоге». Дир пикруялда, хасияталъул ва жиндирго рекIел асаралдаги мурадалдаги бугеб ракIчIчIеялъул рахъалъ Саба Меседо тIадегIанай йиго Камалил Баширида сверухъе ругел руччабаздаса, хIатта МахIмудил Муидасаги. Ишалде ккараб мехалъ хIинкъана, нахъе къана Муи (кигIанго гьей гукканиги). Башир хIободе вухьараб мехалъ, рагIуде гурони, ишалде къачIан ратичIо Залбика, Байзат, КIилъилай ва цогидалги. Саба Меседоян абуни, ишалде рагIи ккараб мехалъ, я эбел-инсуда, я абурав вас Булачида цее къуркьичIо, гьезул амруялъе мутIигIлъичIо, нахъе къаялдаса, хиянатлъиялдаса хвел тIаса бищана. Гьелъ жиндирго талихI лъилниги хIатIакье рехичIо.

ГIабасил МахIамадил тIоцебесеб кIиябго трагедиялда руччаби хутIула кIиго цIадуда гьоркьор. «Саба Меседо» абураб трагедиялда кIиго цIадуда гьоркьор руго Сабал эбел Тату, рахьдал эбел Анай, рекIкIалъе, меседалъе чучлъарай НаникIо. Амма жийго Саба Меседо…Унгоха, гьудулзаби, гьитIинго лебалай гьей ясалъул бугеб роцIцIараб пикру, мухIканаб мурад ва къеркьеялъе таваккал! МагIарулазул Джульетта? Бокьарас бокьахъинан абе, амма ГIабасил МахIамадица рагьун цебе лъураб гьеб сипат-хасияталъ дирги рекIелъ рукъ ккуна.

Трагедиялда лъугьа-бахъиназулъ жиндирго рахъ тIаса бищун буго нуцал ГIандуникIица, нуцабег Булачица, суратчи Баланурица ва, гьай-гьай, Сабацаги. Гьоркьо-гьоркьор, цIадирабазда аскIор рикьи-ратIал гIадинан руго лъугьа-бахъиназда гIахьаллъулев вазир Арако, къади - муфтий ГIалимирза ва, цохIо гьищтIани, Сабал рахъ кквезе къачIарав ХаритIонги. Малъулъараб гьабизеги, гьикъараб бицинеги тIадагьав гьев пакъирасул мацIалтIа кидаго буго гьесул ияхIги хасиятги борцунеб мухIканаб калам: «Дун тохалчи вуго, мацIихьан гуро». Гьеб калам бадиб речIчIула гьес богIолаби цIалкIулев Булачида. ХъахIбаяй гъараваш Хасипатилги, божутIа Саба йичарай (хадуй рекIекълъарай) НаникIоги рикIкIинчIони, тIолабго ГIабасиласул трагедиялда ияхI бухIун хIалихьатав, хIарамзадаяв чи цохIо вуго- Булач. ГIорогараб гурони рагIицин унаро гьев гIолохъанчиясул кIутIбукьан къватIибе. Ханлъиялъул гIоркь ккве щун хадуб гьев чи вахIшияв зулмучилъун гIасияб зулмуялъул ва ццидал илбислъун вахъуневлъи бихьизабулеб буго ГIабасил МахIамадица. Гьев чиги

Баланурги, гьай-гьай, цо цIадирабазда ГIабасил МахIамадица лъолел гьечIо, лъуни, гьеб мекъиги букIинаан. Данд речIчIичIого гьев кIиявго хутIуларо, щайгурелъул гьезда гьоркьойлъидал Саба Меседо йигей. Трагедиялъул лъугьа - бахъиназе гарацI, узухъда, Баланурица бала. Бичизеян абуни гьеб гарацI жибго къисматалъ бичула. БатIияб нух трагедиялъул шартIазда букIинеги букIунаро. Баланурил сипат-сурат - гьеб буго аваразул адабияталъе цIияб сипат-сурат. Баланур пакъирав лагъ, чIегIерав апараг. Кин гьесда кIвараб, ханасул ясалде квер бегьизеяли щиб гурин, гьелъул анищ гьабизецин?! Гьеле нуцал ГIандуникIил рекIелъ къараб гIебу. Гьелъулъ буго гьесул ццидае мегIергIанасеб социалияб гIиллаги. МахIмудилги Муилги гьоркьоблъи рагIараб мехалъ, гьелъул гIагарлъиялъ абунилан бицуна: «Гьойца кIал хъвараб гьвеялъе те»,- ян. Нуцалихъан гьединан бажаруларо. Щибжо гьесие суратчи? Гьадингояв лагъ. ХIатта Баланур тIалъиялдаса лъутун ун вугилан бицунеб хабарцин ургьибе биччачIо ханас ва ясалъе гIасияб тамихI къотIана.

Баланурги МахIмудги - цохIо даражаялъул бахIарзал. КIиго бергьараб гьунар, кIиго щулияб ракI. Амма МахIмуд жиндирго рокъов вугев чи ватани, Баланур вуго къватIисебаб цивилизациялъ некIсиял магIарулазул бецIлъуда бакараб чирахъ. БецIлъуда ругьуназул гьелъ берал къанщизарула бакъул горалъ гIадин. Йохъ, Сабал рокьи ккарав Баланурил «чIегIеркIкIуяб» гьурмахъ, гьесул борхатаб нодоялъухъ гуро. Ясалъул рокьи ккана гьелда сверухъ букIинчIеб, гьечIеб, жибго къисматалъ кIалгIабахъ рещтIинабураб гьесул рухIияб бечелъиялъухъ.

Гьеб хазинаялде «…лъил бечелъи, къадру, къо-асс бахунеб»,- ан абула Сабаца. Гьединаб бечелъи бечедав ханасул кIалгIабахъ бегьичIо. Бегьана гьеб гIицIго гIажалалъе. Лайикълъи цIехон гуро, гьунар цIехон бачIунила гIажал-хвел гIемерисеб мехалъин абула гIадамаз.

ЦIалун бахъана ГIабасил МахIамадил «Рокьул таватурал». Ваккана аваразул тарихалъул гьаталъулъе. НекIо лъачIеб лъана, лъалеб букIараб гъварилъана, камиллъана. РакIалде щвана бусурбабазул улкабаздаго машгьурав гIалимчи Къудукьа МухIамад-Мусалав (хвана 1708 с.). Гьесул хъвай-хъвагIаяздаги рехсолеб буго Камалил Баширил цIар. РакIалде щвана машгьураб «Камила ва Димна» авар мацIалде буссинабурав, гIарабазул алфавит авараз пайда босизе къачIарав Хунзахъа шагIир Дибир-Къади (1742- 1812 с.с.). Гьесин ГIакаро магIарде цIорон хвезе йитIарай ханасул ясалъул рахъалъ биценалде «ХIайранаб таватур» (легенда) абураб. РакIалде щвана ЦIадаса ХIамзат (I877-1951с.с.). Гьесин МахIмудил росдадецин шагьарин абураб. ЗобалхIа, гьев лъабавго гIакъилгицин вохилаан, гIагараб тарихалде гъорлъеги ваккун, ГIабасил МахIамадица гьабураб баракатаб хIалтIудаса. Гьединаб буго дир пикру.



## РЕКІЕЛ САХАВАТЛЪИЯЛЪ РАКІАЗУЛЪ ЧІАРАВ ШАГІИР

***(ГІабасил МахІамадил хІакъалъулъ ракІалдещвеяздасан)***

АлхІамдулиллагь, школалъул мугІалимзабаз, къо-мех лъикІги гьабун, дун тІойитІараб заманаялъ Аллагьас дие, дир гІумруялъул хадусеб бутІаялъе хІадурун ватана гьелги дирго эменги цолъарав, гІажаибго ракІ сахаватав, доб мехалъ гІолохъанал шагІирзабазе рагьараб школа гІадав, жиндир тІалабияб бербалагьиялъ нижелъ божелги, нижедаго ракІчІейги бижизабизе бажарарав баракатав инсанги, кутакалда жиндирго миллатги хирияв гьелъул тарихги жиндие тІадегІанав, гьелъул адабиятги маданиятги байрахълъун ккурав, гьеб кинабго, жиндиего гІадин, жиндихъ гІенеккарасеги бокьичІого хутІуларев, жив лъан мех иналдего, хІикматго гІадан хиралъиялъги, гьобол-гьудул гьечІого араб къо чІобого араблъун гьесда батулеб букІиналъги, живгоги къойил вихьулев гьечІони, гьебго хІал гьезул ракІазе ккезабун батиялъулъ талихІ батулев, гьединав жиндир адаб тезе, доб мехалъ гуребги, жакъа, вихьулевни щиб, рагІулевни щиб, гьаб дунялалдагоцин гьев гьечІеб мехалъ гьев лъалелщиназул лъицаниги жидеего ихтияр кьоларев… МухІамад ГІабасович! Гьесул бицунеб бакІалдагицин бажаричІо дида ГІабасил МахІамадин абун… гьесдехун бугеб дир адаб къо анагІан щулалъиялъги гІумруялъго гьев дир мугІалимлъун хутІиялъги.

ДГУ-ялъул лъабабилеб курсалъул студентка йикІаго, гьесул гІакълуялдалъун дун хІалтІизе йосана Дагъистаналъул тІахьазул издательствоялде, магІарул адабияталъул редакциялде корректорлъун. Дир щуйилазда гьабураб гьесул божел букІана гьебги, жакъа къоялъги, издательствоялда хІалтІулей гьечІониги, гІумруялъго магІарул адабияталъул тІахьазе редакторлъи гьабулей, МухІамад ГІабасовичас диде гьабураб божалил борч тІубалей йиго дунги.

АнцІила кІиго соналъ хІалтІана ниж цо кабинеталда: авар адабияталъул редакциялда редакторги корректорги гІадин гурелги, эменги ясги гІадин, кутакалда бечедаб адабияб лъай бугев мугІалимги гьеб лъаялъул иццухъ йикІине щвей кІудияб талихІлъун батарай цІалдохъанги гІадин, цо-цо мехалъ, гьес жинцаго цо тІехьалда дие гьабураб тІадхъваялда абухъе, «Дир товарищалъе ТубхІат-бикае» – абун, ракІ бащадал товарищаллъунги гІадин.

Гьел сонал ратана, дидаго лъачІого, дир шигІруги дир хъулухъ-пишаги куцарал, камилаб къебелъиялъул сонал! Гьел соназ бичІчІана дида, редакторлъиялъул гуребги, адабияталъул, шигІруялъул гІелму, гьел соназ лъана дида гІакъилаб каламалъул гъварилъи, гьел соназ рагьана дие живго МухІамад ГІабасовичги, гьел соназ гурони, жинда релълъарав тІокІав ватичІев инсанасул бицун хІалкІолареб гІаданлъи, пикруялъул бечелъи, лъилниги гьечІеб, дида батичІеб рекІел сахаватлъи; гьел соназ хиралъана дие дирго миллат, гьелъул тарих, гьелъул мацІ, гьелъул адабият, гьелъул маданият!



Цо–цо мехалъ ккола, гьесул жиндирго гьобол-гьудуласдасаги дида цIикIкIун лъанин гьел соназ гьев къанагIатаб хасияталъул инсанги магIарул адабияталда бечедаб мацIалъ бечед гьабураб шигIрияб ирс тарав шагIиргиян. ЦIикIкIараб заман хIалтIуда унелъулги батила, дун лъугьана гьесие хасиятаб дунялалъулги, гьесул гIамал-хасияталъулги, гьесул сверухълъиялъулги нугIлъун; гьединго гьесда дунги лъалаан, инсуде гIадин, гьесде ургъел бикьулаан, гьединаб мехалъ кочIодалъунги дир ракI гIодобе биччазабулаан, дур гIумруялда жанир гIемерал дандчIвазе ругин жидерго гIумру рекълъиялъ гIамал тIекълъарал гIадамалин абулаан. Гьединаб мехалъ хIалае кидаго батулеб цо-цо притча бицунаан. Цо нухалъ цIалулеб бакIалда дарсида дир цо мугIалимас цадахъ цIалулезда цебе дида абуна: «ТубхIат, къад цIалулейги, къаденахъе хIалтIулейги йикIиналъ батилаха, дуца тIахьазда гъалатIал толел руго, щай дуе гьанжего хIалтIизе лъугьин букIараб?» – илан. Дида гьеб захIмалъана, цIали щуйилазда бугониги… ХIалтIуде щведал бицана, къварилъахъдилаго, МухIамад ГIабасовичасда, дир пишаялъул мугIалимасда. ДидагIанги гьеб квеш букIарав гьес абуна: гьабсагIат дица дуе бицараб притча дуца метер досие бицине рагIи кьейилан. Кьураблъун тана… Гьес бицана: «ВукIун вуго цо хан. Ханлъиялъ пахрулъи кьурав, гьебцин чIалгIарав гьес ахIун вуго вазир, кьун буго гьесие амру: «ЧIалгIана дида ханлъи! Бокьараб гьабе, амма гьал гIагарал къоязда жанив дун аллагьлъун вукIинаве!» – ян. «ТIубала¸ бетIерчIахъад!» – ин уна малъкъосарав вазир.

КIудияб ургъалил гьиргун рогьуна гьес сордо. Ахирги, щибго гьабичIого вукIинегIан, бетIер къотIизегIаги гIилла букIине жинцагоги цойгиязе амру кьола ханасул кIалгIаялда цо рукъ эркен гьабизе ва гьелъул чIабар, тIибитIун, ракул цIезабизе. Цо къо уна, кIиго къо уна… Ахирги ханас нахъойги ахIула вазир ва «ТIубарабищ дир амру?» – йин цIехола. «ТIубана, бетIерчIахъад. Дур изну батани, дунгун цадахъ вилълъайин дуда гьаризе…» – ян кIалъалаго, вазирги гьоркьов къотIизавун, ханас абула: «Рилълъа!» – йин. Щола доб чIабар

ракул цIураб рукъалъул нуцIихъе. Рагьула вазирас. Доб ракул махIалдаса магIарзулкъалалги хъаталъ рахчун, гьелдасан жунулел хIутIалги рихьун, «Гьаб щиб?!» – илан ахIдола хан. Гьеб мехалъ кьола вазирас ханасул доб амруялъе рекъараб жаваб: «Гьев аллагьасе гьаб рижиги гIола», – ян.

МухIамад ГIабасовичас тIадеги жубана: дур мугIалимасда гьеб притча бичIчIичIони, тIадеги жубай: гьев мугIалимасе кьураб лъаялъе гьагъадинаб хIалтIиги гIолилан…

Жиндихъ гIенеккун хадуй дун елъидал жиндиргоги ракI бохидал, кочIохъе тIадеги жубана МухIамад ГIабасовичас:

**«Елъизеги гIедерай,**
**ГIодизеги хIадурай,**
**ХIал кквезеги кIоларей,**
**КIудияйги гIоларей,**
**ГIадан йиго мун, ТубхIат».**

Щивав инсанасе Аллагьас кьурал къоялго гIадин, дунги, дир мугIалимги цого кабинеталда хIалтIарал соналги ана заманаялъул гIоралъ хъамун… Араб гIумру хисулеб жо – цого-цо ракIалдещвеял ратана. ТалихIав, Аллагьасе вокьулев чиясул хIакъалъулъ хутIун ратана гьел, лъикIлъиялъе гурого, квешлъиялъе бакI гьечIелги, гьаб дунялалда тараб лъалкIалъ жив лъалев вукIаравщинасул бадибги рекIелъги магIу ххулулелги. Хасго, цIакъго цIакъ гьев хIажалъараб мех бачIиндал, вукIараваниян ккарал лахIзатал рещтIиндал. БукIуна дирги гьединаб мех… РакI бацIцIадав, дир бажариялда божел бугев, жинца кьурал дарсал инсуца кьураздаги релълъарал ратиялъ, дие унго-унгоги лъикIлъи бокьулев шагIир-мугIалим вукIиналъ, дир анищалъул нухда бакараб чирахълъун лъугьиналъ, дун гIодой ккезе йиччачIого, ккани, йигеб бакIалда течIого, кверги ккун, дун цеехун ячарав дир МухIамад ГIабасович дие хIажалъараб, дир магIу бацIцIине, жеги гIемераб дандчIвазе буго дуда квешлъиги жахIдагиян, хIадурго йикIине кколаян, дир бетIералда квер бахъизе гьабсагIат къваригIун вугев куцха мунилан ккараб мех. Гьединаб лахIзаталъ, эпиграфлъун тIадехун рехсарал гьесул мухъалги лъун, хъван букIана гьабги:

**КЪАЛМИЛ РАКI БИКЬИЗЕ ЧИ ЩОЛАРЕБ МЕХ**

**БатIаго гIагараб Пушкинил къватIги,**
**Пишацояздасан чвахулеб кечIги…**
**Бищун дун талихIаб издательствоги,**
**Инсулаб тIалабгун дир мугIалимги…**

**Нахъойги лъукъана ритIухъаб дир ракI,**
**РекIкIалъ божалида речIчIана туманкI…**
**Мидилаго йиго жакъаги уней,**
**Дун къварид гьаюнин гьесда бицине…**

**…Умумул камидал гІураб рукъ гІадин,**
**ЧІобого, бестІалго буго коридор…**
**Дур хьолбохъ хІалтІараб, дур малълъ босараб,**
**Думалъго къан буго нилъер кабинет…**

**БачІараб заманалъ лъухьун ун буго**
**ЛъикІабщинаб заман дир гІумруялъул.**
**РакІал сахаватал рищун, ун руго**
**ЛъикІалщинал чагІи дир дунялалъул…**

**Дир мугІалимасде бикьизе тараб**
**Ралъдалъе чІехьезе уней йиго дун, -**
**Къалмил ракІ бикьизе чи щолареб мех**
**ЩайтІанлъиялъ цІеялъ, цІорораб ракІгун…**

**У, ГІабасиласул мухъазулъ гІадин,**
**ГІодулей, елъулей жегиги йиго.**
**Дирго лъималазцин абулеб гІадин,**
**Лъимадул ракІ букІун, кІудияй гІечІо…**

ГІажаиблъи, жакъаги гьединай йиго…

Добго университет лъугІулаго хъвараб дир дипломалъулаб хІалтІиги букІана цІикІкІарасеб бутІа ГІабасил МахІамадил творчествоялъе кьураб. ГІемерисел гьесул кучІдул рекІехъеги лъалаан. Живго лъалев вукІиналъ, гьесул цІиял асаралги къойил гІадин гьес жинцаго хІалтІуда дие цІалулел рукІиналъ, гьесул творчествоялъулъ тІерхьун йикІиналъ квербакъана дир гьеб хІалтІиялъеги. Цо-цо мехалъ гьес абулаан: «ТубхІатида дидаса лъикІ лъала дир творчество, элда гьикъейилан».

Доб мехалъ Муса МухІамадовас нухмалъи гьабулеб букІараб Хъвадарухъабазул союзалъул авар секциялда живго Мусаца гьоркьо-гьоркьой тІамулаан дун МухІамад ГІабасовичасул «Саба-меседоялдаса» кутакалда дие бокьулеб, Баланурица бахъараб ГІандуникІил сураталда цееги чІун, Тату нуцалалъул монолог рекІехъе цІализе. Гьале гьеб:

**Тату:**
**Огь, релълъун бугеб куц росасул сурат,**
**Свери-хъвери гьечІо гьумер-куцалъул…**
**Гьадаб нодо – даим ургъалил цІураб,**
**ЦІобалъги ццинальги накъищ бахъараб…**
**БотІрол рас, жибгоги живгогІан хъачІаб…**
**Рокьул цІурал берал – цІа кьезе кІолел,**
**КІудияб хинлъи дир ракІалъе кьурал…**
**Кьурун лъурал михъал – ццин тІад бухьарал…**
**ТІарцаб мегеж – дида цебе чарлъараб…**
**Чан сонха сверичІеб, огь, гІолохъанлъи!**

**ГӀагараб мацӀцини кӀочана гьаниб,**
**Макьилъ гӀадин буго дир инсул хъала,**
**Хъаладул гордухъан рагьараб авлахъ…**
**ГьитӀинго гьаюна дун данде къазе**
**Гьасул гъуждуцаги гьал мугӀруцаги!..**
**ЙикӀарай берцинай, йикӀарай гӀанчӀай,**
**ГӀазулъун чапана черхги рохелги…**
**Йохана дудаса, дир вокьулев рос,**
**ГӀодана дудаса, ГӀандуникӀ нуцал,**
**Дуца ракӀ лъукъунги дур ургъел ккунги…**
**Къисмат буго къадар, къурай йиго дун,**
**ТалихӀ буго лъимал, бергьун йиго дун…**

Доб мехалъги жакъаги гьеб монолог цӀалулаго цого асар гьабула дир ракӀалъе: аваразул ханзабазул тарих, гьезул тӀабгӀалъул борхалъи, ханзабиги бикабиги рукӀаниги, гьезул хъизан-агьлуялъулъ бугеб адабги, гӀаламалъе мисалияблъун букӀине кколеб жинди-жиндир бакӀалъул берцинлъиги, росасул тахалъулги тажалъулги къадру цин рокъоб борхизе кколеблъи лъалей чӀужуги… Тарихиял темабазда хъварал, дир лъай бечед гьабулел МухӀамад ГӀабасовичасул гьединал асарал дагьалги гъираялда цӀалулаан дицаги.

Татул монолог цӀалулаго дида цее чӀолаан дирго эбелги, гьелъул тӀабгӀалъе ханлъун вукӀарав эменги, гьесул адаб цин рокъоб гьабизе кколин, хадуб гьабулин гӀадамазин гьелъ нижее кьолел рукӀарал дарсалги.

Гьаниб ракӀалде щвана, гьабсагӀатги дихъ бугеб, гьобол-гьудуллъун МухӀамад ГӀабасовичасеги лъугьарав, ракӀ гӀатӀидав, амма цо чӀухӀи гъорлъ жубараб согӀлъи тӀоцеве вихьаравго жиндилъ халлъулев дир инсуда юбилей баркун гьес хъвараб кечӀ. Бокьулаан диеги дунго еццизе, хасго инсуе… Гьениб жаниб буго дихъе байрахъ кьураб хӀисаб доб мехалъ гьабураб к1иго мухъ:

**«Гьардарав, дир гьобол МуртазагӀали,**
**Васасул бакӀалда чӀолей яс йигев…»**

Дир муг1алимгун цадахъ цо кабинеталда х1алт1улеб цониги къо ун батиларин ккола гьесдаса дие дарс щвеч1еб, гьес г1агараб миллаталъулги гьелъул бечедаб мац1алъулги ургъел диде бикьич1еб. Гьесдаса гьеб «унти» бахиндалг1аги батила, жакъа дирго анищлъун лъугьана гьесул цо-цо пикраби. Гьесул рек1елъги бот1ролъги кидаго бук1унаан бечедаб нилъер мац1 мискин гьабулеб бук1иналъул ургъел. Цо-цо нижер, бец1дерил диалектиял раг1аби раг1идал, тирхун, вохун лъугьунаан: балагьеха гьанже, гьел, гьедиг1ан рекъарал раг1аби щай бегьуларел нилъер литературияб мац1алда гъорлъ рук1инейин гьаракь борхулаан. Масала, нижер диалекталда баг1аргьолоялда чаргьоло абулеб батун, ц1акъ бокьана гьесие. Чарабги бук1унелъулха гьеб. Щайдила бегьулареб к1иябго раг1и х1алт1изабизе? Х1асил калам, жеги-жеги рек1еда кваналел рук1уна гьесул раг1аби: «Г1урусаз г1адин, нилъецаги нилъерго росабазул диалектал паргьангалде (словаралде) росани, нилъер словаралъ

Ожеговасул словар доба нахъа толаан, гьелдаса биццатабги лъугьунаан». Гьелги долги, миллаталда, гьелъул къадру борхалъиялда хурхарал пикрабиги диде рикьулаго кабинеталда хьвадулев Мух1амад Г1абасович жакъаги цеве ч1ун вуго…

Гьесул дарсал щвезе, гьесухъ г1енеккизе бокьулаан дида цадахъ ц1алулезеги. Ц1алулаго х1алт1улей йик1индал, дихье х1алт1удеги рач1унаан дир гьудулзаби, Мух1амад Г1абасовичасул г1адатлъиялъги г1акъиллъиялъги асир гьарулаан гьелги. Гьесул творчествоялъул вечер нижер факультеталда дица т1обит1улаго, ах1ич1ониги, гьенире рач1арал цоги факультетазул студентазулгунцин гьудуллъи ккун бук1ана Мух1амад Г1абасовичасул. Цадахъ рачун М.Ах1мадовгун, М.Г1исаевгун, М.Патах1овгун нижер общежитиялдеги вач1унаан, жинцаго абухъе, г1оле-г1олезул г1олилав Г1абасил Мах1амад. Гьенирги рак1арулаан гьезухъ г1енеккизе, гьездаса рохизе нижер студентал. Ункъо Мух1амад цадахъаб, ц1акъаб, лъик1аб, г1ат1идаб замана бук1ана…

…Дойго Тату йихьула дида МухIамад ГIабасовичасул гIумруялъул гьудул, анцIила анлъго сон жиндир гIумруялъул букIаралдаса гьесул къоял лъугIизегIан, росасул къадруялъул нух жий гьечIого битIизе рес букIинчIей, МахIамадин гурого, ГIабасил МахIамадин абун, халкъалъ абухъе, гьез рос лъураб адабияб борхалъиялдаса рекIелъ рохелгун гьесул цIар ахIулей, росасул рагIи кьуричIого тIубалей, гьесул балагьицин гIолей, гьесдаго лъачIого гьесул гIумруялъул гьайкарлъун лъугьарай, гьесул гьалбадерие гьумер гвангъарай, гьесул хьвада-чIвадиялъул цо-цо, жиндир рекIее къабулал гьечIел рахъалгицин, лъабкъоялда хадур соназ гIумруялъул гьудуллъун вугев гьесде ругьунлъиялъ, гьев вукIун гурони, жиндирго гIумру цебечIезабизе ракIалдецин ккечIолъиялъ, гьимулаго, махсарояб каламгун битIа-бищизабизе кIолей, МухIамад ГIабасович лъалелщиназдаги лъалей, жакъа, гьев чIаго вугевго гIадин, ГIабасил МахIамадил мина чIаго гьабизе гьесул гьудул-гьалмагълъи ахIулей, гьесулго гIадаб рекIел сахаватлъиялъ, гьесдего гIадин, гьездеги ругьунлъиялъ додинго гьумер гвангъарай, рикIкIен гIемерал гьез «Савдат-эбел!» – ин ахIани, «Я, эбелалъул», – ин ахIулей, МухIамад ГIабасовичго гIадай рак1 сахаватай, жий гIадай магIарулай тIокIай йикIине рес гьечIей, гIадан хиралъиялъ цо батIияб нур гьурмада рещтIарай, Г1абасил Мах1амадил бицунаго, цадахъ рехсеч1ого г1оларей гьесул Савдатилъги…

ЛъагIилухъ росу Дагъистаналдаго рагIизабуна гьел рос-лъадуца – кIудияв шагIирасги гьесул къаламалъул къадруялъул рагIад гIадай гIакъилай магIарулалъги!

ГIажаиблъи! Киданиги дир цIар ахIун кIалъачIо Савдат-эбел, «эбелалъул», «бабал» абурал ракI биунел рагIаби абун гурони.

Гьей гIадан! Гьей хIикматай, тIадегIанаб гIамалалъул, гIумруялъго гIадамазда хадуй хачадулей гьей сахаватай магIарулалъул гьаракьги каламги рагIун гурони, гьей жийго йихьун гурони, ГIабасил МахIамадил Савдатил бицун бажаруларо… Живго МухIамад ГIабасовичас ахириял соназ гьелде хъварал кучIдузулъ унго-унгояб къимат кьун буго гьелъие, гIицIго цохIо хирияй лъадуе тIолабго рокьи кьезе анищалда гьарулеб буго гьес гIумру…

ГIумру абуни, росасги, гьесул рагIад гIадай лъадуцаги тIолабго гIадамазе бикьана…

АлхIамдулиллагь, диеги рес кьуна Аллагьас Савдат-эбелалъул «эбелалъул» диеги щвезе. ХIалкIванагIан цIикIкIун рагIаги дидаги дун гурездаги гьеб рагIи, хIикматай, г1умруялъул щибаб къо къат1ра теч1ого росасул къадруялъе кьурай, жегиги кьолей йигей Г1абасил Мах1амадил Савдатил гьеб хIеренаб рагIи…

Жакъа гьей йиго, г1агараб миллаталъул гуребги, Дагъистаналъулго берцинлъи гьеб хирияв шаг1ир Г1абасил Мах1амадица г1умруялъго данде гьабураб, пачалихъиял музеяздаса нахъе ккеч1еб хазина-музеялъул т1алаб-агъазалда, Сиражудин Х1айбулаевас доб мехалъ абухъе, республикаялъул библиотекабаздаса нахъе ккеч1еб, жалго бет1ергьанал библиотекабазда гъорлъ бищун к1удияб, бечедаб библиотекаги халкъалъе тун, жидерго ахикь ахираталъул рукъ щварав, миллаталъеги, гьелъул мац1алъеги, гьелъул адабияталъеги, гьелъул маданияталъеги бергьун к1удияб х1алт1и гьабурав шаг1ир Г1абасил Мах1амадица дунялалда тараб жиндирго раг1ад г1адин, жиндир калам гьесда раг1улеб г1адин, гьесулгун гурони, ургъел бикьизе чи вук1инч1олъиялъ, гьеч1олъиялъ, гьевгун гаргадулей, ч1аго йигебг1ан мехалъ гьесул ц1арги ц1аги ц1унулей. Гьелда ургъулаго нахъойги рак1алде щола Мух1амад Г1абасович… Жиндирго библиотекаялда ругел, къват1иса рач1инарунгицин, рак1арарал т1ахьазул щибалъул къисматги къисаги лъалаан гьесда. Гьединлъидал гьес жаваб кьолаан бокьараб г1елмуялдасан суалалъеги. Дун х1икмалъулаан гьесул лъаялъулги пагьмуялъулги бечелъиялда. Гьелдаго цадахъ гьев вук1ана, халкъалъе г1оло къалам х1алт1изабун гурони, халкъалда цеве вахъине нечарав, г1амал гьит1инав, г1агараб миллаталъул тарихалъул, гьелъул ц1аразул бицунаго бадиб маг1у ххулулев…

Г1адамазе вокьулев чи Аллагьасеги вокьулин абулелъул, дуниялалъул рокъоб дуца бекьарабщинаб лъик1лъиялъухъги, сахаватаб рак1алъухъги, г1адан хиралъиялъухъги… бадиб ххулулеб бук1араб маг1уялъухъги мунагьал чураги дур, дир г1умруялъулги дир пишаялъулги муг1алим Мух1амад Г1абасович!

***Тубх1ат ЗУРГЬАЛОВА***

# АВАР МАЦI ЦIУНИЗЕ ККАНИ

## ЦЕБЕРАГIИ

МацI цIунейила магIарулаз! Миллат гьечIила, мацI гьечIони. МагIарулал тIагIунила, магIарул мацI лъугIани.

ЦIакъ битIараб пикру буго. Амма…

Амма кинха магIарул мацI цIунизе кIвелеб, гIараб хвалчацаги гIурус гIарадаялъги гьеб гъурун балеб бугеб мехалъ. ЦIуниялда рагIи гьечIо, цин цIилъизе, лъилъизе, сахлъизе, гьудазе биччазе ккун буго нилъер лъукъ-лъукъун рехун бугеб мацI. Ракьа-макъа гурони, нахъе хутIараб жо гьечIеб магIарул мацI. Ургьимес гурони, ччобори-гьан чиярлъизабизе бахъулеб хIаракаталъул хIакъикъаталъ хIал гьабулеб бугеб нилъер мацI…

Дунялалда бугебщинаб мацIалъул хасият буго цойги мацIалдасан рагIаби росулел. Амма киналго мацIаз гьел росулел руго, жидедаго релълъинарун, рагIаби рекун, гьаракь хисизабун, гьижаби тIаде журан. – Жиндирго рагIилъун лъугьинабун.

Амма магIарул мацIалъухъа гьеб ихтияр бахъулеб буго! Лъица? Нилъерго гIарабияталъул гIалимазги, нилъерго гIурусияталъул гIалимзабазги. Нилъерго диниял церехъабазги, нилъерго хириял хIакимзабазги…

Кинилан риххун хутIараз бугьтанал лъезе бегьула. Гьединлъидал, цебеккунго, бицун тезехъин буго:

Дун вуго исламалдасаги тIечIев ВатIаналдасаги хъуштIичIев чи. Дун ккола киналго магIарул школазда щай гIараб мацI малъулареб, иностранный мацIлъунилан, абулев инсан. Дун ккола кигIан лъикIин нилъер школазда гIелмаби гIурус мацIалда малъулел ругелилан рикIкIунев гIадам. КIиябгоги – магIарулазе лъикIлъиялъе.

Амма дун ватун вуго дирго рахьдал мацI гIемерго гIагаравлъун. Дирго миллаталда гьоркьоса гIерун унаревлъун…

Гьединлъидал буго дие, дирго миллаталъул милатги гьабизе, миллияб мацIалъул ургъелги гьабизе ихтияр.

Гьеб гуребги, эркенаб улкаялда руго нилъ, бокьараб динги дин гьечIолъиги бегьизабураб пачалихъалъул чагIи ккола нилъ, чиясулал ихтиярал цIуни тIаде босараб хIукуматги буго нилъер, халкъазул гьудуллъиялъул рачел борчараб ВатIанги буго нилъер.

Гьединлъидалги буго дица дирго пикру загьир гьабулеб.

МацI цIунизе ккани, мацIалъул ихтиярал цIунизе ккола.

## РАГIАБИ

МацIалъул бечелъи ккола – паргьангияб хазина кIодолъи, ай словарияб запас гIемерлъи. МацIалъул ихтияр буго батIияб мацIалъул рагIаби росизе. Гьел кидаго росана магIарул мацIалъ мадугьалихъ ругел улкабазул мацIаздасан. Хасго гIемерал росана халкъалъ къабул гьарун рукIарал динал рачIарал мацIаздасан, яги сиясатияб бухьен бугел улкабаздасан. Гьедин, нилъер мацI

боргьине ратараздасан ккола фарс мацӀалъул рагӀабиги. Исламияб диналде нилъер гӀадамал рачӀаралдаса гӀемерлъарал руго гӀараб рагӀабиги. Нилъ гӀурус улкаялде гъорлъе лъугьаралдаса байбихьун, рихьдаего гӀадин, гӀемерлъизе гьарулел руго магӀарул мацӀалъулъ гӀурус рагӀабиги.

Гьеб кинабго кутакалда лъикӀаб ишги буго.

МагӀарул мацӀалъ чияр рагӀабиги къабул гьарун руго, жиндирго кӀалдиб рекъезабун.

Мисалалъе росизин гӀараб рагӀаби: масжид, закат, иблис. МагӀарул мацӀалда: мажгит, закагӀат, илбис. Яги гӀурус рагӀаби: приказ, стол, стакан. МагӀарул мацӀалда: пирказ, остол, истакан.

Гьедин бегьулариланги абун, гӀараб рагӀаби гӀарабалда ругеб къагӀидаялъ хъвазе лъугьунел руго гӀалимал. ГӀурус рагӀаби гӀурусалда ратухъе хъвазе бихьизабулеб буго гӀалимзабаз.

Гьеб ккола, доб байбихьуда абураб, гӀараб хвалченги гӀурус гӀарадаги.

МагӀарул интеллигенция букӀана ва буго магӀарул мацӀалде дандечӀун.

ЦӀунизе кӀвеялдаса инабулеб буго авар мацӀ.

Жакъа мацӀалда хӀал гьабиялъул гьужум гьоркьоб къотӀулареб тӀокӀлъиялда букӀин бихьулареб жо гуро. Жагъалалги щулиялги мисалал рачине лъугьинги лъиего хӀажалъараб хӀалтӀи гуро. Нилъерго авар адабияталдасан цохӀо тарихияб хабар бицун таниги, кинабго бичӀчӀизе битилилан кколеб буго дидаго. Гьединлъидал, раккизин магӀарул гӀажаибав шагӀирасухъе, щулияб философияб лирикаялъул классикасухъе.

Къудукьа Мусалас байбихьулеб букӀун батаниги, ГӀаймакиса Абубакарица нух лъолеб букӀун батаниги, болмацӀалъул гӀурухъан бачӀунеб авар литературияб мацӀалъе кьучӀ лъурав поэт ккола Инхоса ГӀали-хӀажияв, гьесул заманалде жанире лъугьинин нилъги, бачинин цо мисалги:

**Унеб буго дур гӀумру, хьонда ботӀил чӀор гӀадин;**
**Толеб буго дуниял, парасалъ тӀарикъ гӀадин.**

Гьаб пикру кочӀоде буссарал мухъалги хъахӀаб кагътил кесекалде росун, Инхоса ГӀали-хӀажи щванила мажгитул кӀалтӀе. Как ахӀизегӀан хабаралде руссарал росдал цо-кӀиго гӀалимасухъе гьеб цӀияб байтги бегьун, гьав мажгитул нуцӀихъетӀерхьанила. ШагӀирасул цӀиял алфазал, цоцахъе кьун, цӀализе гӀадамалги лъугьанила.

Заманалдасан будунас какги ахӀанила, ахӀуд рахъаралгӀанги хех инххвалги мажгиталде рачӀанила. Какдаса хадур риххун унел гӀадамалгун ГӀали-хӀажиявги рокъове унев вукӀанила.

Хадуса тӀагӀунареб хӀатӀил сасалде сверараб бералда ватанила батӀияб авалалдаса цо жагьилчи гьасда хаду-хадув вачӀунев.

- Нижер авалалдейищха, дир вас, мунги вачӀунев вугев? – абун ГӀали-хӀажиявги кӀалъанила.

- Энибе къваригӀелни букӀинчӀо дир, дуда цо рагӀи гьикъизейилан вачӀунев вукӀана дун, - абун нечадго гьев гӀолохъанчиги лъалхъанила.

Бицеха дургойилан, ГӀали-хӀажияс абидал, гьес гьадаб ункъабго жугьаги рекӀехъе цӀаланила, «парасалъ тӀарикъ гӀадин» бичӀчӀуларого бугинги абунила.

- ВахӀ, парасилан чуялдеги тӀарикъилан нухалдеги абулаха хирияб гӀараб мацӀалда, - ян биcанила гьанже шагӀирасги.

- Эдин батани, гьадин рикIкIине бегьиларищ дица гьеб, - абун, ахI-ахIун биччанила гIолохъанчияс:

**Унеб буго дур гIумру,**
**хьонда ботIил чIор гIадин.**
**Толеб дуго дуниял,**
**юргъа чуялъ нух гIадин.**

- Дур битIараб буго, дир вас. Амма дихъа гъодин хъван борчIун букIана, дида лъалеб цойгияздаги лъалеб батилилан ккеялъ. ТалихI кьеги, дидаго гIарабият лъалеблъи бихьизабизе хъварабилан ккезе биччаге дудаго ракIалде, - ян гьарун абунила гьесда ГIали-хIажияс, - «Киназдаго бичIчIулеб – киназего лъикIаб» абун кицигиха нилъер бугеб…

Гьеб букIана хIакъикъаталъул цояб рахъ. Амма магIарул мацIалъ жиндаго гъорлъе риччалел рагIабазда жиндирго сургу бахъулеб букIана. Фикъгьи, фатва гIадал гIелмиял рагIабалъ таниги, гIемерисел гIараб мацIалдаса рачIунел рагIабалъ, гIарабияталъе хасиятаб «ф» хисулеб букIана ва, ПатIиматги Пахрудинги гIадин, гIараб цIаралцин «п» - ялдалъун абулел рукIана…

Гьаб цебекIанцIиялда рекъон инчIого, авар мацIалъул хIакъалъулъ халкъалда жаниб батараб биценалдасан, нухде лъугьине ккола цин.

Тарихалда хутIараб Сариралъул хIакъалъулъ нилъеда лъалеб жо гIемер батичIониги, гьеб магIарулазул бетIерлъиялда букIараб кIудияб улка букIингIаги баянаб жо буго, гьелда гъорлъе батIи-батIиял халкъал унел рукIинги рагIараб хIакъикъат буго. Хунздерил тIалъиялъул ТIанусибги Хунзахъги тахшагьарал рукIинги гьенисан нуцабазул цебехъанлъиялда цо пачалихъалде цолъарал, жиде-жидер диалекталги мацIалги ругел гIадамазе нухмалъи гьабулеб букIараблъиги лъалеб жо буго. Тушманасде данде бахъунеб аскар улкаялъул киналго бакIахъан рачIарал бояздасан данделъулеб къуват кколеб букIараблъиги баянаб хIужа буго.

Гьеле гьеб, цIакъго некIсияб, заманалдаго баккараб гIаммаб мацI ккола аваразул болмацI. БолмацIалъе рес букIинчIо тахшагьаралда бугеб мацIалъул кьучIчIалда бижичIого, гьелда сверухъ гIатIилъичIого. БатIияб мацI бугел, цого улкаялъул гIадамазеги гIахьалаблъун гьеб лъугьунеб букIана тахшагьаргун тIезе рес гьечIеб бухьеналъ. Гьеб гуро цо нилъеца бицунеб пикру, гIурус мацIалъул хIакъалъулъ хъвалаго, кIудияв Ломоносовасго бихьизабун букIана, гIурусазул литературияб мацI Москваялъул бицунеб мацIалда тIад бижараб бугилан.

Нилъер болмацIги литературияб мацIлъун лъугьун некIого букIараблъи авар кицабазул камиллъиялъго лъазе кIола. Амма некIсиял тIахьалги хъваразул цIаралги хутIичIолъиялъ гьеб цIидасан добго болмацIалъул кьучIчIалда бачIана ва, ГIали-хIажиясдасан байбихьун, ЧIанкIаца, МахIмудица, ХIамзатица авар литературияб мацIлъун камил гьабуна.

Гьоркьове кIанцIун гьикъизе кколеб буго: щайха Сугъралъа ГIабдурахIман-хIажиясги Гьигьалъа ХIусайниясги литературияб мацIалда хъван бугеб, щайха жакъа гьитIинаб мажмугIалъул авторалцин жидерго росдал мацIазда хъвазе лъугьунел ругел?!

Щай киналниги цересел гIалимзабазги, мисалалъе, Кудалиса ХIасаница

ГьаракIуниса СагIидица бацIцIадаб болмацIалда хъвазе жигар бахъулеб букIараб? Гьезда гIараб мацI лъаларогодайха букIараб?! Гьаб унти авторазда гьоркьоса лъугIизе ккела, гьечIеб рагIи хIалтIизабизеги лъазе ккела бичIчIиледухъ…

Авар мацI цIунулеб гьечIолъи кколарищ гьебги…

Миллаталъул мацI ккола миллаталъул вакиласул интеллект жанисан бихьулеб матIу.

Миллаталъул цебетIейги мацIалдасан загьирлъула, кицабаздасан якъинлъула, юморалъулъ тIатуна. Къиса-хабарги хвел гьечIеб поэзияги гьарзаяб мацIалдеги бечедаб мацIилан абизе бегьула. Унго-унгоги бечедаб мацI рагIабазул къадар борхатаб мацI батула.

Дунялалдаго бечедал мацIаздасан цояб ккола гIараб мацI. АнцI-анцI синонимги букIуна гьелъул цо-цо рагIиялъе. Гьезул гIалимзабаз паргьангалъе мацI бакIарун рагIула, гIарабиязул къавмазухъеги бадавиязул гочарухъабазухъеги гIалимал чагIиги ритIун, щибазул мацIазулъ ратаралщинал рагIабиги хъван. Гьел киналго данде росун гьабураб паргьангалъ, синонимал гIемераб къамусалъ, къасидат хъван лъугIизегIанцин цого рифма бачIинабизе кIолеб, рагIул рикIкIен кIудияб мацI лъугьун рагIула гьезул.

ГIурус мацIги ккола гIажаибго рагIабазул къадаралдалъун бечедаб, чамалиго словаралги энциклопедиялги рахъараб, рикIкIен гIемерал вузаздаги хIалтIулеб, таманал театралги газеталги ругеб, аза-азар гIалимзаби тIадги хIалтIулеб мацI. Гьебги бечелъараб буго, жинда хъваралщинал, хурхен ккаралщинал мацIаздасан рагIабиги, Бестужев - Марлинскияс абухъего, гъура-чункун, жиндирго коцониб кьабун, къачIан росулел рукIиналъ.

МагIарулазе гIараб мацIги гIагараб ккола динияб рахъалъ, исламияб мацI бугелъул; гIурус мацIги гIагараб ккола дунявияб рахъалъ, пачалихъалъулаб мацIлъун бугелъул. Гьеб кIиябго мацIалъул рагIаби магIарул мацIалъ росулелги руго… Кин?

2004 -абилеб соналъул 17- абилеб августалда бахъараб «ХIакъикъаталъул» ичIабилеб гьумералда лъун буго «Басриял газетаздаса» абураб рубрикаялда 55 рагIудалъун хъвараб гьитIинаб макъала. Гьелда жаниб бугеб мацIалъул гIурусалъ хъварал 23 рагIи буго. Бащадалде гIагарун кколеб буго!..

1993- абилеб соналъул 14 маялда бахъараб «Росдал захIматчиялда» бахъун буго «ПасахIаталъул пастIаниса» рубрикаялда назмияб асар. 160 мухъ гурони гьечIеб гьеб магIуялдасан 80 рагIи гIарабалдаса магIарулалде буссинабизеги ккун буго. ЦIикIкIунисел рагIаби, магIарул мацIалъ хъвани, кочIол роцен хвечIого хутIулелцин руго. Гуродайха гьабги дов ГIали-хIажияв кантIараб пикруялде вачIинчIого, гьав цIар лъаларев авторас хъвараб назму?..

Гьединаб асаралъ магIаруласе пасихIлъихъатIиялъулаб асар гьабиларо. Щибаб мухъ цIалулелъул, словаралдеги ваккун, лъазаризе кколел рагIабаз магIарул мацI бечед гьабуларо. Доб макъала хъварас гIурус газеталъе макъалаги, гьаб назму хъварас гIараб мацIалъ шигIруги хъвазе ккела кIолеб батани, гурони, магIарул асар магIарул мацIалда букIине ккела, босулеб гIурус яги гIараб рагIиги, магIарул мацIалъул куцги чIван, къачIараб букIине ккела, магIарулаз абулеб къагIидаялъ босизе ккела.

Мисалалъе босани, абхаз мацIалда советияб заманалъго хъвалеб букIана: «аспорт, аснайпер» абун, щибаб слог гIолареб рагIуда цебе «а» хIарпги

лъун. Щай магIарулазул гьечIеб, «ошкола, устудент, истипендия» абун, нилъ кIалъалелъул абулеб къагIидаялъ, гIурус рагIаби рахьдал мацIалда гъорлъе рачине ихтияр? Цебени, «освобод, ошкол, машин» абун, нахъасахунги къокъ гьабун, росулел рукIун ругин рагIаби. МагIарул мацIалда абухъе щай росизе толарел, «инавалид, биргадир, щот» абун росани, нилъер мацIалъулъ рекъон кколел рагIаби. Щайха авар мацI гIурус мацIалдасан бечелъизе биччалареб? Яги гIурус мацIалъул тушбабийищ гьеб гьукъулел кколел, яги авар мацI рихараб агьлуйищ гьел кколел?

ГIурус мацI хекко лъазеян абулеб батани, нилъер мацIалда релълъараб гIурус рагIи хекко лъазе гурищ гьелъул рес бугеб? Данде кквезе рагIи букIин гурищ лъикI бугеб? БатIияб мацIалъул рагIиго хисизабуларин ратани, ингилис мацIалда «октанбер» щайха хъвалеб. Гуро гIурус мацI нилъер мацIалъулъе лъугьине бокьичIел гIадамаз буго бечелъизе эркенлъи кьоларого авар мацIалъе.

ГIараб рагIабиги магIарулаз росун руго, нилъерго мацIалда рекъезарун, «тIагьарат» букIараб бакIалда «тIагIарат» абун, «астагъфируллагьалъул» «аставпируллагьги» гьабун. Гьедин росани, рачIина гьанжеги хIажатал рагIаби, ихтияр бахъизе лъугьани, гIагарде къазецин теларо гьел рагIаби жибго мацIалъ.

Нилъер болмацI ккола гIаммаб мацI, литературияб мацIги ккола гIаммлъараб мацI. Гьелда гъорлъ гьечIел рагIаби диалектиял мацIаздасан росизе лъикIаб букIинаан. Мисалалъе, гьабихъ ххиналде тIорщел корохъ барсулеб гIадат буго. Гьелъие хассал, хIарщги чIван, тIадги бан, кIитIалаял корал рукIуна хIадурун магIарухъ. Болъихъин абуни, гьеб иш тIубазе хасс гьабун хIадурараб маххул раса букIуна, гъоркь хIатIалги гъураб, гьелда цIарги «цIалу» буго. Щай «цIалу» авар мацIалде биччазе бегьулареб?.. Яги, Авариstаналъул бащадал гIадамаз хIалтIизабула рикIкIеналъе анцIилаб система, «кIицIали, лъабцIали, ункъцIали» абун. БолмацIалдайин абуни, «къого, кIикъого, лъабкъого» абун, къокъоккун рикIкIунеб буго. Щибаб росулъ батIияб къагIида батулеб буго. РикIкIадул кIиябго система къануналдеги бачун, синонимаздалъунги бечелъизе бегьуларищ нилъер мацIалда рикIкIенги?..

Цойги ЧIарадамухъалъул росабалъ рагIулеб рагIи буго «гIелечI». Руго болмацIалдаги «бегIукъ, коцокъ». Амма «гIелечI» абураб рагIиялъул магIнаялъулаб даража дагьабги батIияб буго.

Синонимал гIемерлъиялъул мурадалда гуребги хIалтIизабизе ккеларищ гьебги болмацIалъулъ, ай адабияталъул мацIалъулъ. Гьеб гIадин, гIемерал росабалъан росизе ккола рагIаби, болмацIалда ругел – синонимал гIемерлъиялъе, гьечIел – гьечIолъи мацIалъулъ букIунгутIиялъе. Амма гьел росабазул рагIабиги болмацIалъул, гьанжесеб литературияб мацIалъул, грамматикаялда рекъон хьвадизе ккола.

«Чаба, тастар, чIинчIу, шал, кIаз» абун гIемерлъизе рес буго руччабазул ботIрода чIвалел жалазул цIарал, диалектаздасанги росулел ругони. Амма щибаб цIаралъукь бахчун букIуна гьелъул формаги чIвалеб къагIидаги. МагIарул тIармида хурхарал рагIабиги бакI-бакIалда батIиял рукIуна. Масала, «пандрил гIундул» абула цояз, цоялаз гьезда «ракънал» абула, яги «бакъназул хIамул» абула цояз, цоялазин абуни, «тIантIрал» абула. «Калбат, ик, огъин» абун ратула росабалъ кIалчIинтIараб гьецIалдеги, цIулакьоялдеги, боцIи-панз тIубаялдеги абулел рагIаби. «Гъваридаб, борхатаб, бакIаб» абурал рагIабазе антонимлъун хIалтIизарулел ратула «тIадгоябги тIалхиябги, тIуцабги лъухъабги, тIадагьабги

тIутIабги». Щай бегьиларел гьелги гьел гурел гIемералги рагIаби нилъерго гIагарал росабалъа росизе. Паргьангияб къадар цIикIкIин гуребги, магIна батIалъиги батула цо-цо рагIабазул. Дирго гьудуласулгун ккараб цо хабар-кIал рехсезин мисалалъе:

БолмацIалда гьечIел рагIаби, диалекталъул ругин течIого, литуратурияб мацIалдеги рачIинаризе кколилан бицунев вукIана дун.

- Нижер магIладерил «вал ъанаги» босизе ккелаха, - ян абуна Мамадибирица.

Элъул бакIалда абулеб «хвана» бугелъулха, - ян дирго пикру цебе рехана дица.

- Гьедин абурав гьоцIалъеcда цо нижерас абураб рагIанищ дуда?

- РагIичIо. Щибилан эс абураб?

- «Чи холаро, тIагIел хола» - ян абун бугоха дос…

- Щибха элъул лъугьараб?..

- Щибха лъугьинеб, битIараб абун бугоха.

- Эб кин битIараб букIунеб?

- Хвараб жо къачIазе бегьулеб букIунха, вал ъарав чиясе «ремонт» гьабун жо кколарелъулха…

Басралъарал рагIабиян, квер хьвагIун толел руго тарихалъул хъвазеги чара гьечIого къваригIунел магIарул рагIаби. Басралъарал рагIаби ккола цIиябги босун гIодоб тарал рагIаби. Мисалалъе босани, «истаканги» баккун, батIияб магIнаялъе гурони хIалтIизабулареб «гIорто». «Цо гIорто рехизин». «ЧIобогояб рагIиялдаса гIорто чIагIдалго лъикIила» абула гьанжеги магIарулаз.

Нилъеда нилъерго букIарабги кIочон тун, тохлъукьего чияралдаса рачIарал рагIаби хIалтIизарунилан, нилъерго рукIарал басриял кколаро. Мисалалъе босани, «шималги жанубги» гIараб мацIгун бачIана нилъехъе. Гьеб, берцин бихьунищали, яги гIараб лъалеллъун рихьизе бокьунищали, хIалтIизабуна гIалимаз. Хадуб «северги югги» баккана нилъехъе гIурус мацIалдасан. ЦIалдохъабацаги мугIалимазги абулел гьел рагIаби гIодор лъунищха телел. ТечIелъулха нилъералго рагIаби гьездаги кIочене рахъарал. «ЦIорги бугъурги» рукIана нилъер кидаго ратарал рагIаби, гьанжеги гIажам тIахьаздаги, кицабалъги, маргьабалъги ругел рагIаби. Гьелги щай росизе бегьуларел?! «ГIатIги бутIгигIанги ратIалъуларел» абулеб калима буго умумузул абиялъулъ. ГIатIги бутIги щибжояли лъачIого, лъаларо гьанжеги поэтаз гIадада хIалтIизабулеб «чIор» щибжоялиги. Гьеб лъабабго лъан хадуб гурони, лъазе рес гьечIо «газаргъо» абураб цебесеб ярагъги. Тарихияб темаялда хъвадарулезеги гьез хъвараб цIалулезеги хIажатал рагIаби нилъер мацIалда гъорлъ, кици-абигIанги камичIого, рукIине ккола, нилъер мацIги бечедаб мацIлъун хутIула.

«МасакI, чушка» абун ччугIбузул бицине лъугьани, гьакIкIан хутIулезе «форельги усачги» кколин гьебилан, бицине ккола. Киналго рухIчIаголъабазул цIаралги рукIине рес буго, гьел ругел росабалъан росани, нилъер болмацIалъулъ. Нилъерго мацIалъул рагIабиги кIочене тун, «поварги мореги» гарулъе бачунелги камулел гьечIо. Богогьанлъун йигилан, яги ралъдахъе унев вугилан абуни, иман хвелиланищ эдиназда кколебали.

Гьединал рагIаби нилъецаго хIалтIизариги ккола авар мацI цIунилъун.

МагIна хисизабун хIалтIизарулел рагIабиги дандчIвала нилъер мацIалъулъ. «КIалалда такъва гьечIев чи вугилан» абула нилъеца. ГIараб мацIалда такъваялъул магIна намус лъикIлъиги Бичасукьа хIинкъиги батани, авар

мацIалда гьеб хIалтIизабулеб буго пагьму гьечIолъи, кIалъазе махщел гьечIолъи бихьизабизе. Яги гIурус «бумажник» абулеб рагIи босун буго «мажникI» абун, «штукатурка» – «шикатур» абун. ГIамал мекълъи – гIамаликълъи, хIатIида гIицIго – хIатIилицIго абун къокълъизабун.

Гьеб къагIидаги ккола мацIалъ жиндирго ихтияр хIалтIизабилъун.

«Нилъеда киназдаго лъала: мацIалъул цоцаздасан пайда боси ккола инсаниятальул цивилизация цебетIун иналъе бугеб къанунияб къагIида. Амма мацIазул пайда боси пайдаяблъун букIуна, гьезул хурхеналъ нилъерго мацI гъура-чункулеб гьечIони…»

«Цебего лъалеб жо буго, бегIукъабги загIипабги калам бугони, пикру гьабиги бегIукъабги загIипабги букIуна, инсанасул гIамалги хьвада-чIвадиги гьединабго букIунеб гIадин.»

«…рахьдал мацIалъулъ ккараб мукъсанлъиялъ миллияб гIакълу-лъай мукъсан гьабиялде рачуна, миллияб хасияталъул хассал рахъал риххизариялде тIамула ахир-къадги.»

Гьадаб лъабабгоги калима буго, Россиялъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналъулаб гIелмияб центрлъун кколеб, ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб литератураялъулгин искусствалъул ва мацIалъул Институталъул директорасул, профессор МухIамад МухIамадовасул макъалаялдаса росарал пикраби. РачIа, гьеб хIасилалде ккезе рахьдал мацIги магIарул миллатги биччачIого, мацIалъул ихтиярал цIунияллдалъун цIунизин нилъерго миллатги.

## ХIУРУПАЛ

ХIарпалъул гIемерлъул рикIкIенлъун кколеб «хIарпал» абураб магIнаялда бугониги, магIарулаца «хIурупал» абураб рагIи хIалтIизабула «мукъсанаб» абизелъунги. «ХIурупал жалазул бицунгеян» буго магIарул абиги. Амма жакъа гьел хIурупал кколел руго бищун аслияллъун, жал сабаблъун авар мацIалъухъа ихтиярал рахъулезул рахъ кколеб къуватлъун.

МагIарул хъвайи некIсияб заманалдаго баккараб букIинчIебани, рукIинароан цIакъго пасахIатал кучIдулги кицабиги. Эрмениязулги гуржиязулги хIарпазда релълъараб авар алфавит букIиналъулги ганчIида-зонода ратарал, Гудавал гьунаралъ рагьарал хIарпазги бицуна. ГIараб хIарпазул къучIалда гьарурал хIарпалги ГIободаса ШагIбан-къадил, Харахьиса ТIагьирил, Хунзахъа Дибир-къадил заманаялъго хIалтIизарун ратарал рукIана. Щаялиго Усларица, гIажам хIарпазе транскрипциялъе гIурус хIарпал хIалтIизарун течIого, авар мацIалъе тIубарабго алфавит ургъун буго. Революциялдаса хадуб гIажам хIарпалги тезарун, латин босизе тIамун руго. Гьебгун анцIго сон сверидал, гIурус хIарпазда алфавит ургъизе амру бачIун буго. Гьеб алфавит ургъулезги авар мацIалъе хIажатго гьечIел, гьелъие заралиял «е», «ю», «я» хIарпалги алфавиталде гъорлъе рачун руго. «ш» ва «щ» къагIидаялда латиналда росун рукIарал хIарпалцин кIирекъарал хIарпаздалъун хъвалеб, «х» ва «хх» системаялда бихьизабун хъвазе бачунеб букIун буго.

Хадубги цо-цо росабалъ гьечIеб «хъ» хIарп хIажат гьечIилан, гьеб «чIвазе» гIалимзабаз хIукму гьабун буго.

Гьелъул хIакъалъулъ дагьабго гIатIид бицине ккола, цо-цоялниги кантIизе гIоло.

Дун Болъихъ цIалулеб щуцIалиял соназул ахиралда, хиял гIемерал гIалимзабиги цоцалъ къацандун, болмацIалъул рахъалдаса диалекталъул мацIалъул гьаркьалги цIикIкIун, цIан бахъун нахъе рехун букIана «хъ» хIарп авар алфвиталда гьоркьоса. «Хъ» хIарп хIарам гьабун букIана.

Совет хIукуматалъул заман букIиналъ хвасар гьабуна авар грамматика. Кин? Кинха букIинеб рахъун рачIана плакатал, «ЧIаха партия» абун, гъоркьа тIаса кIиябго рагIиги цIакъго риццатал хIарпаз хъван. Гьел чIван рукIана къватI-къватIазда. Плакат биччалел чагIазе кьезе бокьараб магIна «ЧIахъаги партия» абураб букIун батиларищха, амма гьанже лъугьараб магIна «балагьила, бихьилаялда» релълъараб ккун букIана.

МацIихъаби гIемераб, гIадлу хъачIаб заманги букIун, бакIаб гIайиб гьелъулъ бихьарас хъван батизеги бегьулаха, чамго гIедегIарасул гIадатIа лъураб рачIчIги гIодобе биччазе ккун батиларищха, анкьитIе плакаталги нахъе рахъана, моцIитIе «хъ» хIарпги нахъ буссун алфавиталъул кьертIа низамалда чIана.

КIирекъарал хIарпал хъваялъул рахъалъ къосараби ккезарурал чагIиги нилъерго мацIигьаби руго. Гьел мацIигьанлъиялъул гIалимзабаз, гIелму бахъулебилан, зама-заманалдасан хисизабулаан кIирекъарал хIарпал хъвалел къагIидаби ва «вацц» абун хъвалеб букIараб рагIи «вац» абураб «ххер» абураб «хер» абун хъвазабун, мацI батIиял цIунтIал, мисалалъе, «цц»-алъул бакIалда «ц» гьаракь бахъизе, «хх»-ялъул бакIалда «х» гьаракь бахъизе тIамуна. МацI бициналъулъ цадахъ цIалулез цIакъго гIемерал гъалатIал риччалел рагIидал, болмацIалъул бакIаздаса студентаз гьезие махсаро гьабичIого рес букIинчIо. Гьел махсараби ккун ратизе бегьула, политиканазул агитациялде щвелалдеги, жал авар миллаталъул чагIи гурилан, гуржияз рогьодае гIадин лъураб цIаралде, «дидойцазде» гьел рикьизе лъугьиналъе.

Гьеб «хх» хIарп хъвазе гьабиялъги, гьелда релълъарал цойги гьаркьал къине гьариялъги тIамулел руго диалектазулал цIалдохъаби мекъи мацI бицине, рагIукъалги ачихъалги гьаркьал гьетI-гьетIун рахъизе ва болмацIалде данде чIчIарал пикрабазде рачIине. Балагье, гьаб бакIалдацин цо «чI» хIарп хъван батарабани, «чIарал пикраби» лъугьунаан, ай чIахIкъулалъул пикраби абулеб мекъсияб магIнаялде бачIунаан. Гьедин лъугьуна хIинчIчI, хIанчIчIиян хъвачIого, хIанчIиян хъвани. Мисалал гIемерал рачине бегьулаан, амма цо «хх» хIарп гьечIолъиялъ кколеб жоялъул хIакъалдалъун лъугьараб мисал бачун тезин:

ГIалимзабаз анцIабго нухалъ хисизабураб хъвавул къагIида буго «х» хIарпги «хх» хIарпги хъваялъул.

Хабар тун, рагIулебщинаб бакIалда «хх» хъвазе тарабани, ккелароан гьаб ишги.

Хириясулаевасухъе вачIун вуго ЦIунтIаса гьобол. Гьесие магIарулаз чай гьабулеб чIахIалъул гьабун кьун буго чай.

«Хералъул чай цIакъаб букIуна» абун чай беццизе лъугьун вуго гьобол.

Хириясулаевасул гIолохъанай лъадуцалъидал чай гьабун бугеб, гьелда ракIалде ккун буго, жий херай гIаданалъул чай лъикIаб бугилан абулеб жойила гьоболасул гьеб рагIийилан, ва гьеб квешбихьун буго.

«Ххералъул чай» абун цIунтIиясги кинха абилеб, тIахьазда, грамматикаялда рекъон, хералъул чай абун хъвалелъул…

Дол «е», «ю», «я» хIарпалги гIурусаз рахъарал руго жидерго мацIалда рагIа-

би хIеренлъулел бакIазда тамахлъи бачIиналъе хIалтIизаризе. Нилъер алфавиталда элъул щибго пайдаги гьечIо, гIурус мацI лъикI лъанагIан магIарул мацI жагъаллъун бихьи гурони. Нилъеца «йекери», «йукъари», «йас» абун хъвазе кколаан, «вас», «йас» бугони, жинсиял формабазе ритIухълъиги букIине, цIалдохъабазе бичIчIиги букIине.

Гьадаб гIурусазул «е», «ю», «я» хIарпазул къагIидаялда нилъер алфавиталда рукIине кколаан «ва», «ве», «ви» гьаркьал цо ишараялдалъун хъвалел ургъарал хIарпал, «квана, квен, квине» хъваялъул къокълъиги букIине, «квас» абураб «гьекъолеб» рагIиялъул, «квас» абураб «ретIунеб» рагIиги лъугьинчIого букIине. Гьанже ургъаниги кватIунги гьечIо, цебе азербайжаназул алфавиталдаги рукIана, кIиго хIарп цоцалъе журан, хъвалел ишараби.

«Мокъокъ къвакъвадула къваридал гъванлъахъ» абураб гьаб цо кочIол мухъ хъвазе 38 ишара хIалтIизабун буго, гьездасан 12 хIарп буго цо-цо гьаракь кьеялъе кIи-кIи гIаламат хIалтIизабураб. Лъабго бутIа гьабун, цо бутIа кагътил гIадада инехъин бугогури «рищияз кваналеб кагъатги бугеб, кучIдузул тIехьалъе тIамач щвелищалиги лъалареб» заманалда. Ункъо гIаламаталъул ишараби рикIкIун хадуб щибдай букIина?!

Ункъо гIаламаталдалъун цо гьаракь загьир гьабулел хIарпазул бицине регIунищха нилъ ругел, цохIо ишараялъул хIарпцини гIурус алфавиталдасан босулелъул, ачихъалъул бакIалда тамахаблъун босун батарал нилъ. Гьаниб баянги гьабизин.

ГIурус алфавиталдасан авар хIарпал гьарулаго, бищун кIудияб гъалатI гьабун буго «с» хIарпалъулъ. ГIурус «с» буго «сс» гIадин рагIулеб гьаракь, нилъер «хурул ссан» гIадин яги «ССиратIалъул кьо» гIадин. Нилъер гIалимзабаз гьеб босун буго сахлъи, сон, сали абулелъул рагIулеб гьаркьил бакIалда.

Гьелдалъун, «Мун кисса?» абизе «киса» хъван теялъ гордил киса ракIалде щвезабулеб буго, жинсияб «расса» хъвалаго, хIарччилаб яги ралъдалаб раса лъугьунеб буго. Цояб битIун хъвани, цояб мекъи кколеб буго.

Гьединлъидал гIарабазе «сенги ссвадги» гIадин, нилъееги «сиги ссиги» къваригIунеб буго. ГIурус «с» «сс» батани, магIарул «сиялъе» цIияб хIарп латин «S» босизе ккезе буго.

Гурони, гъоб нилъеразда ургъел ккараб, «гIурус мацI лъазабизе бигьалъиялъе» абураб пикру паналъун инехъин буго. ГIурус алфавиталда «сс» гьаракьлъун бугелъулха «с». Гьеб тамах гьабизе ккараб бакIалда тамахаб ишара «ь» лъолелъулха доз. Гьебгун босаниги нилъер рагIабалъ «седене» захIматаб хIал кколелъул гьелъул. Латиналъул «S» босунилан сурукълъиилареб батилин нилъер хатI.

Нилъехъе ихтияр щун букIунилан, Азербижаналъул гIадин, тIубанго кириллицаги тун, латиналде рачIинги цIодорлъи кколареблъи лъала дида. Лъабкъоялда анцIго соналъ рахъарал тIахьалги тун цIияб алфавит гIуцIцIиги гIакълу гуро. Латин босизейилан газеталда цIияб алфавит кьуралги, гьанже ругел гIадал, кIигоги ункъоги гIаламаталдалъун цого хIарп бихьизабиялде рачIине ккун рукIана. Амма, дагьа-макъабниги хиса-свери гьабичIони, миллияб мацI цIунияльул суал гIодоб теялдеги ккезехъин руго.

Дир хIисабалда, дагьа-макъал хисизарияз рахъун рукIарал тIахьал цIализе кIолареллъунги гьабизе гьечIо, гьанже рахъулезул гIадлуги хвезабизе гьечIо,

компьютералъул программабиги хисизе ккезе гьечIо. «РескъотIиялъул ашгьаду» абураб махсародал рагIи буго магIарулазул, единабго жо букIинесеб пикру букIана дирги. Дица гьадин гьабизе кколинги абуларо, эбги комиссиялъулги гIалимзабазулги иш букIинги лъала дида. Дирго пикру бицунилан, ццин бахъунги лъугьунге, «алфавиталда квер хъвагейиланги» ахIдоге, хъвачIого гIолареблъи бицун бахъиндал, бицунеб рагIи буго гьаб пикру.

Дида лъикIаллъун рихьулел кIвар дагьал хисизариязул мухIканлъи гьабилалде, языковедениялъул гIалимчи К. Ш. Микаиловасул макъала рехсезе бокьун буго. Гьеб «ЦIияб алфавиталъул проект» дицаги цIалана, гьелда данде хъвараб М. И. МухIамадовасулги А. П. ХIамзатовасулги макъалаги цIалана. ТIаде жубазе рагIи буго, «гI» хIарпалъе «I» босун тани, «бацгIал» «бацIал» лъугьинехъин буго. Гьадингоги гIемерлъун ругел бацIал гIемер гьариларин ккани, «бац-Iал» лъугьине дефис лъезе ккезехъин буго, дефисалъги цо хIарпалъул бакI кквезехъин буго. Хайир сундулъха бугеб?! «Лъ» хIарпалъе, гьес абухъе, «ль» босани, «учитель» абураб рагIи «учителъ» абун цIализехъин буго, хIарпазде ругьунлъи хвезаби гурони, батIияб тIокIлъиги тIаде пайдалъулеб гьечIо! Цогидал хIарпал лъугьине лъурал «палочкабаз» бадагъудурги ккезабизе буго, цояб хвезабун, цогияб босиялъул магIнаги бичIчIулеб гьечIо…

Дагьабниги хиса-баси гьабизе ккани, цо системаялда гьабизе ккола, гурони, ц1ияб босиги басрияб цIалиги хола.

Гьединлъидал, лъикIаб букIинаан «ш, щ» - ялъул къагIидаялъ бажарулеб бугони. «К, кк; х, хх; ч, чч» лъугьине ккани, кIиго хIарпалдасан лъугьине кIолебщинаб гьаракь, гьелъул тамахаб хIарпалда «рачIчI» гъун лъугьинабила к , х , ч , гIадин. «с» «сс» - лъунги тун, латиналъул хIарпги босила, «ц» «цц»- лъунги тун, элдаго релълъараб гIадаб хIарп «u» «ц» хIарплъунги гьабила. Гьедин бегьулареб батани, рагIулебщинаб бакIалда кIи-кIи харпалъе хIукмуги кьела. Нилъер хъвараб мацIги бицунелда релълъина, батIиял диалектазул чагIиги рагIизе ва битIун цIализе ругьунлъила.

Ункъо гIаламат-ишара цо хIарпалъе кколел хIарпалги «I» лъеялъул бакIалда «цIцI – цt; кIкI – кt; чIчI – чt» къагIида гьабун латиналъул t – ялъ «I» ( палочка) хисун хъвала. Квералъ хъвалелъулги, тIилил тIаде баккараб бакIалда къотIулеб хIучч цIай гурони, бакIаб хIалтIи кколаро. «Лъ», «лълъ», «лълълъ» хIарпалги – «лъ; лI; лt» гIадин хъван тIурала.

Нилъер алфавиталдаги кIиго ишараялдаса тIаде бугеб хIарп хутIиларо, дагьабниги экономия кагътиеги лъугьина, киналго гьаркьал кьезе кIолеллъун хIарпалги рукIина.

ГьитIинаб миллаталъул талихIги кIудияб букIунарелъул, букIинареб батизе бегьула нилъер рес цIиял хIарпаздалъун цIиял компьютерал хьезаризе, амма латиналъул «t» хIарпгIаги хIалтIизабизе заман некIого щун буго «палочкаялъул» кумек гIолареб бакIалда.

Щибаб миллаталъул щибал рагIабалъан рагIулеб щибаб гьаракь бихьизабулеб хIарп букIинабизе ихтияр буго хъвай-хъвагIай бугеб мацIалъул. Гьеб ихтияр цIунулеб бугони, цIунизе рес буго мацIги.

ЦIуничIони? ТIагIина дунялалдаса «магIарулал» абураб миллатги, адабияталъул мацIлъун лъугьун бугеб «болмацI» абулеб авар мацIги. КIочена «Дуниялалда бищунго гьаракь берцинаб мацI ккола авар мацI» абурал Саймон

Крипсил рагIабиги, гьес хъвараб «Авар адабияталъул мацIалъул история» абураб докторасулаб диссертацияги.

Гьале гьаб щалали лъалареб миллаталъул мисалалда:

ВукIаравила бергьун цIакъав къирал. Къоял рецц-бакъалда унел рукIанила гьесул. Гьесда ракIалде кканила, кингIагидай дунялалда жив нахъе хутIизе рес батилебан. Бокьун букIинчIила живго ракьалде индал, аниб течIого, ЦIарги Рецщги цадахъ букъизе… ЧIухIараб сурат бахъизабун телилан кканила, амма, цIа ккани, канада гIадин, рекIинагури элдагиян, инкар гьабизе бачIанила. Жиндирго хIакъалъулъ тIехь хъвазабун лъикIилан вукIанила, амма, сурат бухIараб цIаялъ тIехьги бухIилагуриян, танила. Мармаралъул куцало гьабизабилин гьеданила, гьебги жиндилъ ригъараз гъурун базе бегьулагуриян кканила. Гьединабго куц-сурат мазгарул тIун телагуриян ургъанила. Эбги, ханлъи щварас жиндирго куц тIезе биинабизе бегьулагуриян, гари къотIизабун, къватIибего бахъичIого, чIезе танила. Ургъанила, ургъанила.

Ахирги борхатаб кьуру балагьанила. Кьуруги цIвакизабун, цIаруе ккарабщинаб, щибго гьоркьоб течIого, гьениб килищгIан рицщатал, цурдалъелгIан гъваридал хIарпаз хъвазабун танила гьес.

Хванила гьев къиралги, къанщанила гьесул наслабиги, сверанила азарил соналги. Эпохаби хисанила, халкъал хисанила, мацIал хисанила. Доб кьуруги кьурда хъвараб жоги жагъаллъи лъачIого батанила.

Батаниги щибила, хIарпал лъаларила. ХIарпал лъадалги, рагIаби лъаларила. Лъил букIараб мацIалиги бичIчIуларила, лъил бицун хъвараб жо гьебалиги лъазе кIоларила, щал гIадамал гьенир рукIараланиги лъаларила…

Нилъер гьедин ккезе батиларо…

БолмацI букIиналъ цолъарал, цого диналда рукIиналъ гIагарал чагIилъун ккола магIарулал. Гьеб кIиялъго кьуна гьезие къуват, къваригIиндал щуявго имам кьезеги, кьалде индал, орден-медалазул курмулги цIун, бергьенлъигун руссинеги. Динги цIидасан цIилъун бачIана, болмацIги роцIцIун бачIина, магIарул миллатги цогояблъун хутIила.

Цолъарал Россиялъул Федерациялъул халкъалгун нилъер халкъги цебехун ина. Диналъ инсан куцаялъул квербакъи букIинги кIочене бегьиларо нилъеда, болмацI букIиналдаса роххулеб хасиятги тезе бегьуларо нилъеца.

Щибаб гьаракьалъе рахъарал сураталлъун ккезарила гIалимзабаз хIарпалги хIалалаблъун лъугьина киназего авар миллаталъул цого мацIги. Рикь-рикьиялде инаро нилъерго халкъги. Цо хIакимасе хIакимлъи бокьунилан, барщизесеб агитация гьес гьабунилан, гьесда хадур инегIан гIамал мекъал чагIи гуро магIарулал. Цоясе бокьунилан, кьибил-тухумго тIад рекъезе кколареблъи лъала гьезда. Мисалалъе, дие батIалъи букIинчIо магIарулазул болмацIлъун цIунтIадерил, гIандадерил, балъхъадерил, гIахьвалазул – кинаб росдал мацI босун батаниги. Босун батараб мацIалде гъорлъе лъугьинаан дунги. Киназго цIунизин миллаталъул мацIги мацIалъул ихтияралги.

МацIалъул ихтиярал цIуниялде рачIине ккани, роцIараб алфавитги букIине ккола, алфавиталъул хIарпазда цIаралги рукIине ккола. Лъил алфавиталъул кьучIчIалда авар алфавит гIуцIцIун батаниги, авар мацIалда хIарпал цIалулел магIарул цIаралги рукIине ккола гьезда. ГIараб хIарпазда рекъон нилъер алфавит бугеб мехалдаги «каф» яги «къаф» абун цIалулароан, «ки» яги «къи» абун цIалулаан. ХIарпалги цIаралги авар мацIалда рукIине ккола.

Гьале, комиссиялъ къабулги гьабуни, Лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъги гьабуни, нилъер букIинесеб алфавит ва эб цIалулеб къагIида:

А (а); Б (би); В (ви); Г (ги); Гъ (гъи); Гь (гьи); ГI (гIи); Д (ди); Ж (жи); З (зи); И (и); Й (йи); К (ки); К (кки); Къ (къи); Кь (кьи); КI (кIи); Кt (кIкIи); Л (ли); Лъ (лъи); Лl (лълъи); Лt (лълълъи); М (ми); Н (ни); О (о); П (пи); Р (ри); S (си); С (сси); Т (ти); ТI (тIи); У (у); Ф (фи); Х (хи); Х (ххи); Хъ (хъи); Хь (хьи); ХI (хIи); U (ци); Ц(цц); ЦI (цIи); Цt (цIцIи); Ч (чи); Ч (ччи); ЧI (чIи); Чt (чIчIи); Ш (ши); Щ (щи); Ъ (иъ); Э (э).

Гьалеха 50 гьаракьалъул суратлъун 50 хIарп кьураб авар алфавит. «ТIасан дефис цIараб палочка» хисизе босараб «t» хIарпги малъани, «ш-щ» лъугьунеб системаялда рукIине, «ц» «цц» гIадин хутIизеялъе бачине ккараб «u» хIарпги рикIкIани, гIурус «с» гIурус къагIидаялъ къвакIун цIалулеблъун хутIиялъе хIажалъараб «s» хIарпги бугони, лъабго латин хIарп гурони гъорлъе бачине ккечIеб алфавит. КIи-кIи хIарп хъвачIого, хIарпазда рачIчI гъун, тIубалеб алфавит. МагIарул къагIидаялъ цIалулеб алфавит. Нилъер хъвадариялъе хIажат гьечIел хIарпал нахъе росараб алфавит. Грамматикияб разбор гьабулелъул жинсиял формаби ричIчIизаризе рес кьолеб алфавит… Латинлъизабиялъе букIараб Ленинил васият хвезабуниги, гIуруслъизабиялъе бачIараб Сталинил амру хвезабичIеб алфавит…

Нахъе рехарал «ё, ю, я» гIадин, журарал хIарпаллъун гьаруни, «гьаркьилаллъун» тIаде росизе бегьула «ва, ви, ве» хIарпалги. КъосаричIого ругьунлъизе, тIасияб рахъ «В» хIарпалда релълъараб «р» хIарпги босун, гьабила: Р; Р; Р; - «ва; ви; ве» гIадин цIализе. Квералъ хъвалеб къагIидаялъеги гьаб лъабабго хIарп бигьаяб ккола, лабиллъи кьезе гурони, хIалтIизаричIого тезеги ккола…

Комиссиялъ гьаб къагIида нахъчIвани, кIирекIарал хIарпал толел ругони, нилъер алфавиталда жанир гьелги рихьизаризе ккола, нилъер къагIидаялъ цIализаризеги ккола, рагIулебщиналъур хъвазеги ккола. Дир хIисабалдаха!

Квералъ хъваялъул къагIидаялда, рагIабазда жаниб хъвалелъул, «э» хIарп «е» хIарп гIадин хъвазеги бегьула, амма гьеб кидаго «э» бугеблъун хутIула. Нахъе рехараб «ё» хIарпгун «е» хIарпги хIажалъуларебльи лъалеб жо кколелъулха.

Гьаб дагьа-макъабго хиса-баси босараб алфавиталъ, авар мацIалъул эркенлъи цIуни гуребги, цIиял къарнабазе авар мацI цIунизеги квербакъи гьабизе бегьула. Лабализация лъугьинелъун хъвалеб «в» хIарпалъ кIудияб зарар гьабулеб буго кагъат экономлъизабиялъе. «Квен, квине, квана» абизе гуребги, «хвана, чIвана, кIвана» гIадин, гIемер батIи-батIиял хIарпазда хадурги лъезе кколел руго гьел «в» хIарпал «а, и, э» хIарпазда цадахъ. Нилъеда цере руго гIурус гIалимзабаз ургъарал «е, ю, я» хIарпал. Гьезул мисалалда цо гIаламаталъ (цо хIарпалъ) «ва, ве, ви» гьаркьал кьолел хIарпал тIаде ургъани тIубалеб иш буго гьеб. Гьебмехалъ нилъер алфавит букIине буго 53 хIарпалдасан тIубалеблъун.

## БИТ1УНХЪВАЙ

БолмацI гIасрабаз цебе баккараб букIун батаниги, динал хисахъе, гьелъул хъвалеб куцги хисулеб букIаниги, ахирги гIараб хIарпазул кумекалдалъун гьабураб «гIажам» къагIида букIана налъер адабияталъул мацIалъеги босун. Гьелъул лъикIал рахъалги рукIана гIемер. ЛъикIлъабаздасан тIоцебесеб букIана – киназдаго хъвай-цIали лъалеб букIин. НекIо Къуръан цIалуларев

бусурманчи нагагьги вукIунароан. «ГIажамалъе» тIаде гьарурал хIарпазул кумекалдалъун кагъат рахьдалмацIалда хъвазе лъаларев чи къанагIатги ватулароан. «ГIажамалъул» 50 хIарпги лъазабизе гIемерго бигьаяб букIана, «басмаялъул бетIерабги мухъилабги, хъваялъул кIудиябги гьитIинабги» абун, ункъо нухалъ цIикIкIун хIарпал, гьанже гIадин, лъазаризе ккеялдасса. Каказул калимабиги битIун хъвазе рес букIана, «гIажам» хъвай тун букIараб ани. Аниялъ хур бекьиларила, рекьул оцалги пуруц-рукьги гьечIониян аби батана умумузул, анищалги тун, бугелъул бицин берцинаблъун букIинеблъи лъазе ккела нилъедаги.

ГIараб гIелмуялъул гIалимал гIемерлъанагIан, гIемерлъулел рукIарал мадрасабахъги, мажгиталъулал мактабаздаги гIараб мацI малъулаго, магIарул мацI хIалае ккечIого рес букIинчIо. ГIараб грамматика (нахIви-сарф) малъулаго, мугIалимасул пикрабалъ магIарул грамматикаялъул суалал рижичIогоги чара букIинчIо.

Гьедин авалалдасаго бижун бачIунеб букIана авар грамматика. П. К. Усларицаги Л. И. Жирковасги ишалъулаб кумек гьабун батани, батIиял мацIазул гIалимзабазги гIемерал гIелмиял хIалтIаби гьаруна авар мацI лъазабиялда тIад. Амма жалго аваразул гIалимзабаз гIадин, гIетIги тIун, гIадлуялде авар мацI бачанилан абизе кIоларо дида. МухIамад Хъандиев, ГIабдулатIип Шамхалов, МухIамадсайид Саидов, Шигьабудин Микаилов руго, рухIалда барахщичIого, авар мацIалъул «битIунхъвай» букIинабизе лъугьарал чагIи. Дагьал гьечIо гьездаса хадур рукIаралги магIарул мацI камил гьабулел рукIарал гIалимзабиги. ГIемерисел руго жакъа авар мацIалда тIад хIалтIулел ва хIалтIизе рес бугел магIарул гIалимзабиги. Ургъел ккарав дирги гьезде буго божилъи.

Математикаялъулаб мухIканлъи хIажатаб жо ккола грамматика. Гьеб мухIканлъи гьечIолъи батизеги бегьула магIарул цIалдохъабазе авар мацIалъул дарсал рокьунгутIиялъеги, гьел ричIчIунгутIиялъеги гIиллалъун.

Щибаб грамматикаялъе хIажалъула жиндирго терминология.

Авар грамматикаялда «подлежащее, сказуемое» абун гIурус терминология хIалтIизабулеб буго. Щай бегьиларев гьезул бакIалда «ишало, харбило» абун босизе. Яги «глагол» абичIого, «бицало» абизе. Кинаб рохелдай букIинаан цIалдохъабазул гIурус терминологиялда данде ккезе нилъерабгоги батараб мехалъ.

Бугогури нилъер «цIарубакI». Местоимениялъул бакIалда хIалтIизабулагури гьеб. БукIанагури нилъер «жумла». «Предложение» рагIилалдего букIараб гьеб нахъейищ рехизе кколеб? «Слог» абиялдаса квешищ рагIулеб «гьижа» абун тей?

ГIицIго мугIалимазеги хъвадарухъабазеги бугеб жойищ кколеб авар грамматика? Гуреб батани, киназго босилехъин щайха гьелъул къагIидаби хъвалареб?!.

Лъиениги болъголъи кколаро авар мацIалда «ударение» рухIдакъаб букIин. БакI-бакIалъул гIадамаз рагIул батIи-батIиял слогазде бачунебги батула гьеб. Гьеле гьеб бугеб бакI ургъизе кколеб «удареииеги» кьочIчIое босун, кьун буго «правило» кIиго слогалдасан гIуцIцIарал предметиял цIаразул ахиралда «о» хIарпищ хъвалеб, «у» хIарпищ хъвалебали бицине.

Гьебги бичIчIизе захIмалъун «рокьул» кечIалъул бакIалда «рокьол» кечI хъвалеб гIадаб жо кколеб буго цIалдохъабахъа. Мисалалъе, гьеб «правило»

букIарабани, лъабго слогалъул предметиял цIаралго гIадин, «чIороло, кIерело, могоро» гIадин, ахиралда «о» хъвалин абураб, бичIчIизеги бигьаяб букIинаан. Гьеб къагIидаялъ ургъани, гьадин хъвазе ккелаан: «КIиго слогалъул предметиял цIаразул цебесеб слогалда «о» бугони, хадуселдаги «о» хъвала: соно, гIоно, хоно. Цебеселда «а», «и», «у» бугони, ахиралдаги «у» хъвала: тIалу, хъиру, кьуру. Гьоркьоса бахъилъун ккола: росу, гьоцIу, моцIу гIадал байбихьул слогалде ачихъаб ударение кколел рагIаби.»

РагIаби битIун хъвани, ударение балагьизе бигьаяб кколелъулха…

Предметиял цIарал хъваялъулъго гIадин, глаголиял цIарал хъваялъулъги рукIуна кIвар гьечIого хутIарал бакIал. Хасго «ш» ва «щ» хъваялъулъ «рагIулебщинаб бакIалда, суалияб частицаялъулъ» абурал рагIабаз гIей гьабулеб гьечIо.

ГIараб мацIалдаса бачIараб рагIи бугониги, «ш»ялъул бакIалда «щ»ги бахъун хъвала магIарулаз гIищкъу. Гьелъул гIаксалда, гIурусазул «ящик» абураб рагIи, «яшикI» абунги босун буго нилъеца. Дица гIажаиблъи гьабулеб буго букваралдацин «шури» ва «щури» абун хъварал рагIаби, батIалъи щибилан, цо «ш» хIарпалъ хъван биччалел чагIазда. ХIапаро шурула, рагIи щурула – кIиялъулго батIалъи бихьулеб гьечIищ гьаниб?..

Дида кколеб буго гIадам абураб рагIи «адам» абуралдаса бачIараб гурилан. Абулагури нилъеца «гIаданиб, гIадалъ» абурал рагIаби. «ГIада» бетIер букIун батани, гIарабиял рачIиналдего, «гIадам» абун бихьинчиясдеги «гIадан» абун чIужугIаданалдеги абизе бегьуларищ?

Цого «м» хIарп лъечIого, ццимги, ццинги, ццинбахъиналъе «н» хъван кьезе бегьуларищ? КIиго батIияб магIнаялъул рагIаби ратIа рахъулехъин кьейги битIунхъваялъул ишлъун букIине ккеларищ?..

«Лъай, щвей, цуй» гIадал рагIабазул ахир цого бугониги, цин «лъадал» хъван, цин «лъайдал» хъван, цо ккураб къагIида цIунулеб гьечIо, хадубго цун, грамматикаялъул учебникалдацин батIа-батIайиса хъвалеб буго…

Бищунго квеш бихьулеб жо буго «цоросаролъ» абун хъван бати. КIиго гьижаялда цебеги цо гьижаялда хадубги, лъабго гьижа «о» гьаркьидалъун бугонигийищ «са» «со»-ялде сверулареб, сверизе ккеялъулги хъван бугин учебниказда. ЦIоросоролъ абун хъвазе кколеб рагIи щай, кисан нилъехъе бачIарабали бихьизабун, хъвалеб? «ХIежролъ» абулел бакIалги ругин элде, эзги «хIежалдаса-ролъ» абунищ хъвалеб. Кьибил лъанщинаб рагIи, жидедаго лъалеб букIин бихьизе, кьибил бичIчIизабун, хъваялъги буго битIунхъвай мекъи ккезабулеб…

ХIажатханалде ана абула, хIажатханаялде ана абуларо. Гьеб рагIи гIадин, нахъасан хIарп бортун росарал гIемерал рагIаби руго. Цо къагIида гьезиеги къваригIуна…

Падежиял формаби хъваялъулъ бищунго цIикIкIараб хIалтIи гьабун бугониги, камун буго «жинтIа падеж». Нилъеца абула: «Доскаялда мелалъ хъвала. Мел доскаялтIа буго. Саргъас къеда бан буго. КвартIаги хъалахъги къадатIа буго.»

Буго битIунхъваялда: «КIиго рагIи жубан лъугьунеб тIубараб цо магIна бугеб предметияб цIар жубан хъвала.» РагIиялде гъорлъе рагIул киналниги формабиги ине ккола. ЦIарлъун лъугьарабщинабги батарабщинабги рагIи ккола: КьилимегIер, ХIаригабурлъи. БатIаго хъвазе ккела батIияб цIаралда гъоркь батараб Сулахъ гIор, Терек гIор…

Кинабго хвезабулеб буго дефис лъезе бихьизабиялъ. КIиго батIияб рагIи цоцаде жубан лъугьараб хур-ххер, гIанкIу-хIелеко дефисалдалъун хъваниги, мада-гъадар, хинкI-минкI, чини-мини бегьилищ батIа тIезарун хъвазе? Гьаб бихьизабиялъул балагьалъ «гургур, мохмох, гьайгьай» абурал рагIабазда гьоркьобги дефис лъезе лъугьунел руго битIунхъвай «лъалел» чагIи. Дие абизе бокьун буго авар мацIалъе сундульго къваригIунарин дефис лъезейилан. «БагIабагIараб, цIакъацIакъаб, вачIавачIарав» гIадинал рагIабицин рекIунхъваялъул къварилъи гьечIо. Имам Шамил абуниги, Шамил имам абуниги, дида батIалъи бихьуларо, даци АхIмад бегьулеб, АхIмад дациги бегьула дефис лъечIого…

Предметиял цIарал, кьибил цIуничIого, «рукъ – рокъобе» гIадин, авар мацIалъул хаслъи цIунун хъвалел руго. Предметиял цIарал хисулел цIарубакIал, «ниж – нежер, нуж – ножор» букIунеб бакIалда, хIал гьабун бахъараб «ниж – нижер, нуж – нужер» абун хъвазе кьолеб буго. Гьеб къагIида бихьизабун букIана предметиял цIаразул формабазеги, амма бегьичIого гьеб хвезабуна, щаялиго, цIарубакIазулъ цIунулеб буго. Гьелдалъун гъалатIал ккей гуреб пайдаги гьечIо. ЧанцIул абуниги, битIунхъваялъе мацI хвезабичIого, мацIалъе битIунхъвай хисизабизе заман щун буго.

РикIкIен хъваялъулги «цо-цо, кIи-кIи, кIинус-нус» жубан хъвазе бихьизабун берцин букIинаан, магIна хисилароан: цоцо, лъаблъа, нуснус бугониги…

Глаголазул битIунхъваялдаги дагIба гьабизе ккун буго. Киналго журарал рагIаби бегьизабун руго, гьаб глаголгун цадахъ ругел рагIаби батIа тIун хъвазе бихьизабун буго. Гьелъиеги гьечIо рескъотIи, гьебги бегьилаан рекIун хъвазе, глаголал якъинлъизариялъулъ зарарги бихьуларо дида…

Союзалъул бицани,  гIадаб буго «киниги» абун хъвалеб бугеб союзги, гьединлъидал, гьебги ахиралда «н» рекIинабун хъвазе ккола, кинигин абун. ХъвачIони, «киниги рущенги» абулеб гIадин хутIулеб буго. Кинниги абураб инкарияб союз бакьулъ кIиго «нн» хъван, ахиралда «н» хъвачIого, букIине ккола…

«Гьабулеб буго, унеб буго, босулеб буго» ратIа тIун хъвалел журарал глаголазда гьоркьобе кколеб цебеселъул «б» бортизе ккола. Авар мацI бицунелъул гьаб бортизе биччала, бабадичIого букIине хъваялъульги бортизе бихьизабун бугони, лъикI букIинаан…

## ХУТ1АЛАБИ

ГIалимзабазул цIодораб бер кIутIичIого хутIарал, битIунхъваялде гъорлъе рачинчIого тарал, таманал суалал руго авар мацIалъул.

Гьединаздасан цояблъун ккола рагIабазул къокъал формаби, жалги болмацIалдаго рукIарал, литературияб мацIалдеги рачIарал, нилъер грамматика гIуцIулез кIвар буссинабичIел, рагIаби къокъ гьариялдалъун лъугьарал формаби.

Цебе дицаги гьабулароан, рагIул къокъал формабазул кин гурин, «болмацI» абураб рагIул магIнаялъулцин пикру. Дие гьеб букIана буго-гьечIогIанги гIагараб, гIиллаги магIнаги балагьизе кIолареб калималъун. Гьеб рагIиялде гIенеккизе дун тIамуна магIарул мацI жинда лъалев тумазул гIалимчи ГIиса ГIабдулаевас. Гьес абуна: «Аваразул литературияб мацI буго цIакъго бечедаб мацI. МагIарулазул талихI ккана гьезул болмацI цебего бижараб букIин.

БолмацI букIинчIебани, букIинароан гьелъул гьадигIан хехаб цебетIей. Балагье магIарул классиказул мацIалъухъ. ГIали-хIажияв, ЧIанкIа, МахIмуд, ХIамзат, щибав батIияб росулъа вугониги, гьезул мацIалъулъ буго хасаб гIаммлъи. БолмацIалдасан рахъана гьел классикал, гьезул мацIалдасан бачIана литературияб мацI. Гьезул мацIалда гIуна цойги авар хъвадарухъабиги»...

ХIакъикъаталдаги, мегIер-гIоралъ рикь-рикьиялъги кIкIал-щобалъ щущазариялъги цоцадаса тIурал магIарул росабалъ цоцазда релълъинчIого гIун рачIун ратизе ккола диалекталги мацIалъулал сверелалги. Гьеб нухлукълъиялъулги хурхен дагьлъиялъулги хIасиллъун батизе бегьула, кьибил цо букIаниги, бицалъ хисарал мацIалги гIемерлъун рукIарал магIаруллъиялда. Азарил соназ цебе баккараб аваразул пачалихъияб гIуцIц1иялъ, рихharал къавмал цолъизари гуребги, гьез цоцазде хурхен кколеб мацIги тIаса бищизе нухрагьи лъугьинабун букIине ккола. Гьединаб мацIги тахшагьаралъул мацIалъул кьучIчIалда лъугьине ккола. ГIурус литературияб мацI тахшагьар Москваялъул кIалъаялда сверун гIун бачIараб гIадин, Хузахъ тахшагьаралъул мацIалда тIад гIезе рес буго болмацIги. Хунзахъан манзил рикIкIалъанагIан мацIалъул свериги цIикIкIунеб букIин балъголъи гуро нилъее жакъа къоялдаги. Цо-цо миллаталда жанибги агьлучилъи хIалтIизабулел гIадамаз абулеб рагIана чанги: хунздерил мацIищила букIине кколебилан. Кколаро. МацIалде тIаде киналго диалектаздасан рагIабиги, рагIул формабиги, рагIаби хисиялъул къагIидабиги журан лъугьараблъун буго болмацI – авар улкаялъего гIахьалаб мацI. Гьеб мацI фолклоралъул аслуялдалъунги, ханлъи-тахлъиялъул тадбиразул кагъат-хъарщиялъул кьуч1чIалдасанги, шагIирзабазул кочIолаб лексиконалъул цебетIеялдасанги сверулеб буго литературияб мацIалде…

БитIараб буго, литературияб мацIалъул рукIуна жиндирго законалги. Гьел законаз цIалкIун, тIаса бищун, чIаран бачIуна мацI бацIцIалъиялде. Гьеб бацIцIалъи чIезабизе къеркьола грамматикаги. Грамматика кколаро мацI гьабулеб алат. МацIалъ гьабураб хIалтIи бихьизабизе ккола гьелъ. Гьединлъидал букIуна грамматикаялда чанго батIиял падежиял свераби кьун, рагIабазул формабиги тун, амма мацIалда зулму-хIалги гьабичIого.

Литературияб мацIалъ жинцаго рехун тун батула цIакъго бакIлъулеб, болмацIалъул рукъ кквезе кIвечIелаб, гIемеразе гIахьаллъи гьечIелаб. Мисалалъе бачинин некIсияб кочIол чанго мухъ:

**- Вега, вега, Вегитро.**
**- Вегиларо, Меседо,**
**ГIункIкIби гIадал дур кутби,**
**Кутби гIадал дур гIункIкIби,**
**Гьел тIаде ккун чIинтIани,**
**Щвела хабар Гурталде…**

Гьанже гьададинаб гIемерлъул форма хIалтIизабулеб гьечIо. Жакъасеб мацIалъе хутIун буго «гIункIкI – гIункIкIал», «кету – кутул» абураб форма. «Кутби», «гIункIкIби» абураб форма, фольклоралда бугониги, бачIун гьечIо литературияб мацIалъулъе – хIалтIизабун гьечIо цониги хъвадарухъанас.

Гьелдаго цадахъ литературияб мацIалъ къабул гьарун ратула цо предметияб цIаралъе кIиго батIияб гIемерлъул формаги: «гIанкIу – гIанкIуял – гIанкIаби»,

«гамачI – ганчIал – гамачIал», «туманкI – тункIал – туманкIал». Ратула гIемерлъул формаго гьечIелги. ГIечал абураб мехалъ, гIеч цIакъго дагь букIин гурони бихьизабуларо. Балагье гьадигIанги цоцазда куц релълъараб кIиго рагIи хаслъул падежалда хисун кколеб куцалъухъ: «хIан – хIанил кесек, гьан – гьанал кесек». Гьелдаго релълъун, «Сундул?» абураб суалалъе, цогояб ахирцин бугеб ункъо рагIиялъул лъугьунеб ункъо батIияб сураталъухъ балагье: «лага – логол, гага – гагаялъул, жага – жагадул, гурга – гургил». Цойги: цIва; цIа; цIад. ЦIвайихъ валагьана. Ц1адухъ хинлъана. ЦIадахъ гIенеккана…

Дие бокьун буго битIунхъваялъ хIалтIулъе цIачIого тараб цо рагIул формаялда тIадчIезе.

МацIалъул жиндирго гIадат букIуна. ГIелмуялъул балъазе гьеб къахIарлъуларо. МацIалъул гIадат ккурав чи ккола рагIул устар. РагIул устарзаби рукIана Инхоса ГIали-хIажиявги, БакьагьечIиса ЧIанкIаги, ХъахIабросулъа МахIмудги, ЦIадаса ХIамзатги.

ГIалихIажияс хъвана:

**Бакъул гIадат гьечIо, гIадилав Аллагь,**
**Дир гIищкъу ккунилан гIодоб рещтIунеб.**
**Дирги хIал кIоларо, хIалимав Бечед,**
**ХIасрат загьирлъунин зодой вахине.**

ЧIанкIаца хъвана:

**Гьанже элде щварай яс йижиларо,**
**ТIолго элъий буго, элдасан буго.**

МахIмудица хъвана:

**Дур бегьичIищ чанго, чехьалъул эбел,**
**Чанай яхъарай дун нахъ чIвалей йигей.**

Гьайгьай, ХIамзатицаги хъван буго:

**Гьаб жилла бихьулищ чурпадалъ бугеб,**
**Чоца гьекъеларо, къечон хваниги.**
**Чадида бан бугеб хIапаро балай,**
**ХIайваналъ квинаро, чIамун кьуниги.**

Зодой вахине – зодове вахине; элъий буго – элъие буго; чанай яхъарай – чанае яхъарай; хIапаро балай – хIапароялъухъ балагье. Гьаниб якьинго бихьула щиб букIунеб бакIалда кин хъван бугебали. ХIамзатил «хIапаро балай» бичIчIизе тIадехун бугеб «жилла бихьулищалъ» тIоритIелги гьабулеб буго. ХIамзатил юморалъин абуни, гьаб къанагIатаб къагIида щайдай хIалтIизабураб шагIирасан ракIалде ккезецин регIизе риччаларо, жилла гъорлъ гьечIоницин, чоца чурпа гьекъолареблъиги хIапара бараб чед чIамун кьезе гьечIолъиги лъалелъул, махсароялъ нилъ кверде росула.

Гьеб сверел, гьеб рагIул къокъаб форма магIарулазул сверухълъиялдаго хIалтIизабулеб буго, цо-цояз «хунздерил» абуниги.

**Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул кочIолъ батула:**
**Къукъадул цевехъан Хунзахъа нуцал,**
**Къолдаби ретIарал бодул цевехъан.**
**Гъесда хадур ругел гьал гIолохъаби,**
**ЦIадай кIанцIизеги нахъе къаларел…**

**Бахтикал кочIолъ батула:**
**Меседил гьаркьица гъалал ххалаго,**
**Хабар бачIанила Шушаялдаса.**
**ГIарцул саргъасалъуй дун черелаго,**
**Чапар нахъ гIунтIарав гъарабагъазул…**

**Халкъияб рокьул кочIолъ батула:**
**Берцинаб тIогьоде тIаде ккани щиб,**
**ТIун кодой босизе рес рекъолареб…**

**Яхъа, яхъа, Меседо,**
**Къаси дилълъуй рилълъинин…**

**ГIанхил Маринил кочIолъ батула:**
**Рокьи гьабунщинал чороклъанани,**
**Чурде лъим гIеларо гьаб дунялалда…**

**Ругъжаса Эльдариласул кочIолъ батула:**
**Аюбий букIанадай**
**Дий гIадинаб гIакъуба…**

**ТIелекьа Этил ГIалил батула:**
**ЦIогьорас бахъизе гьанни букIинчIо,**
**Гьирал къазе гIарщий тIом бегьилаан…**
**ЧIикIаса ГIеласул МухIамадил батула:**
**МахIачил гуч бихьидал,**
**БетIер гIодой далана…**

**Хъаргабиса МухIамадбегица хъван батула:**
**ЦIахIилаб дир шарбал буссулеб мехалъ,**
**Хирияй гьудулалъ гьарундай дуда,**
**Дий ханжу цIалкIизе цIалкIу гьабеян…**

**Къохъа МухIамадил батула:**
**Берзуй канлъи щвана, кин бицаниги,**
**Кинавго чиясе эркенлъи щведал…**

**Инхелоса Къурбанил батула:**
**ТIаде балагьидал, зобал рихьула,**
**ГIодой балагьидал, ракь цебе буго…**

**Чу тун, хIама рекIин рекIей гIеларо,**
**РакI гьечIеб бакIалда гьабуге даран…**

**Каранда жаниб ракI чанай ун буго,**
**Чи хадув витIани тIалаб гьабизе,**
**ТIурун аралъуса буссинародай?...**

Жакъа? Жакъаги гьеб сверел хIалтIизабичIев поэт цониги ватуларо. Мисал нусгоги бачине рес буго. Амма дица КIаратIаса поэтесса Бахумеседо Расуловалъул «Лъималазул рокъоса васасул кечIалдасан» цо ункъго мухъ босун тела:

**Гъавилалдего дун рихарав дада,**
**Рехун къотIной дунгун тIурарай баба,**
**Дун хьихьичIониги, дица хьихьизе,**
**Унго, херлъарал нуж ратулел анищ!..**

Бихьулеб букIахъе «й» хIарпалъул гьаркьица гIицIго жинсияб гIаламат бихьизабулеб гьечIо. Гьелъ рагIул къокъал формаби лъугьинарулел руго. «Й» чIужугIаданалъул жинсалъе гурони хIалтIизабизе бегьулареб букIарабани, магIарухъ цIакъго машгьураб Базалай абураб бихьинчиясул цIарги букIинароан. Гьеб гуребги, гIодов къулуларо, гIодов чIола; гIодове къулула, гьелъул къокъаб формалъун лъугьун буго гIодой. Гьединго кIудияв Расулица хъван буго: «ГIодой къулун къочула руччабазул кверазда» абун…

«Кодой, гIодой, щватай, хвалчай» абуралги ва гьезда релълъаралги къокъал формаби хIалтIизари поэзиялъул мацIалда гъорлъе цебего бачIараб жо буго… Гьелги къваригIун руго законлъизаризе.

Гьединалги, гьединал гурелги, гIемерал суалал руго грамматикаялъ жанире рачине ккарал.

Гьел щайилан абулелги камиларо. Хасго «ГIодоб батараб мугь кодоб босана» абун хъвалел чагIазулъ камиларо. «Кодоб» квен босула сапаралъ унез. ГIодоб батараб мугь «кодобе» босула, яги «кодой» босула. Гьеб «кодобе» абураб падежияб рагIиялъул къокъаб формалъун бихьизабизе ккола…

БитIунхъвай мукIурлъараб, рекIун хъвазеги бихьизабураб «гурищ», «анищ» абураб суалальги предметияб цIаралъулги къокъаб форма ккола нилъер «гуру» ва «ани». КигIан нилъеца цебесеб рагIигун рекIун хъваниги, гьелги батIаго ругел гIадин рагIула. Гьелда тIадги ургъизе бегьула…

## ХАДУРАГ1И

БакIал хисиялъул, хIасил хисуларилан рукIуна. Амма авар мацIалъул магIна хисула. Чода щун батана гулла. Чода гулла щун батана. Гьаниб цин «гулла» кколеб буго подлежащеелъун, цин «чода» кколеб буго. ГьедигIанги жиндирго хасият бугеб мацIалъе, гIурус грамматика, калька бахъун, хIалтIизабизе бегьуларо. «Казнить нельзя помиловать» абураб гIурус калимаялъе гIадин, запятая лъураб бакIалъухъ балагьун, гIумруги гIажалги ахIизе авар калимаялъ тIамуларо. Бокаревасго бихьизабун букIана, авар мацIалъул синтаксисалъ гIурус

мацIалда ругелщинал лъалхъул ишараби росизе тIамуларилан. ТIамичIониги, гьелги киса-кирего такрар гьарулел руго. ГIараб мацIалда, цохIо бакIалда гурони, запятая лъезе кколеб гьечIо. Гьаб авар мацIалда шай гьел гIурусалда рекъон лъезарулел?!

ГIарабги гIурусги мацIалъул гIуцIцIи буго, ахиралдасан байбихьун гурони, авар мацIалде буссинабун лъугьунареб. ГIалимазин абуни, гIараб мацI авалалдаса лъугьун буссинабулеб буго, гьелдалъун бичIчIулареблъунги лъугьунеб буго…

Нилъер мацIалъулалда гIагсалда гIуцIцIи бугеб мацI кьочIчIое босиго битIун бугодай?

ГIурусалде ругьунлъун, яги гIурусалъ ургъун, хьвазе-бицине бегьилищ авар мацI?! «Дие бицана» абун батулеб буго «дида бицана» абизе кколеб бакIалда!...

Гьанибго баян гьабун тезе бокьун буго, магIарул мацIалда «мацIихъан» абураб рагIи рецц щолареб рагIул магIнаялда букIуна. Бугониги, языковедаз, махсароде гIадин, гьеб рагIи жидедего абула. Амма магIарул мацIалда руго «богогьан, гьабигьан» абурал, «хъан» суфиксалъул бакIалда «гьан» жубан лъугьинарулел рагIаби. Гьелда рекъон «языковед» буссинабизе бегьула «мацIигьан» абун. Киндай гьеб ккела?..

КIвахIаллъиялъги, бугелда божиялъги, батахъин теялъги хвезабула кинабго.

РачIа щаклъиялде босизин лъабабгоги нилъер хасият.

Хвезе теларин цIар араб болмацI, авар мацI, мугIрул улкаялъулго мацI.

МацIалъул ихтияралги цIунун, цIунизин авар мацI.

***ГIАБАСИЛ МахIамад***



**Манарша ГIИСАЕВА**



## МУХТАРИЛ МАГIИЛ АХИР

*(поэма)*

**Яс гьаюн йигилан рагIараб къоялъ,**
**Инсул рекIелъ чIола цIакъ гъваридаб хIор.**
**Роол къоялъ зоблъун, роцIцIенги лъараб,**
**Зампарияб кьинлъун, цIоролъги къараб.**
**ЦIализе захIматаб, магIна гъваридаб,**
**Пикраби щущала гьесул гьурмада,**
**Гьаюрай ясалъул ургъалил гъуни,**
**МегIергIан борхатаб, тIухьигIан бакIаб;**
**«КIудияй гIеладай, гIодой ккеладай,**
**Дадал бурутIалда берцин ккеладай.**
**Бахьинаб гьурмаде бакъ щвараб гIужалъ,**
**ГIабдалас кверги хьван, басралъиладай…»**
**Азарго пикраби, рахIат толарел,**
**РахIму-цIоб гьечIого керен кваналел.**
**Кодое ячуна, квер ккун ячуна,**
**Ккани, гIинги кьурун, кьунсрул рукIкIула.**

* * *

**Роол ращалъуда, бакъанил гIужалъ**
**Мухтар авлахъалда, гIетIульги тIерхьун,**
**Кьерхаде къачIараб бецIлъун униб зоб,**
**БоцIуе рагIи-хер хIадурулев гьав.**
**БоцIулги бетIергьан гIаммаб совхозха,**
**ГIаммлъи мискинасда макьилъ бихьичIеб.**
**Сонисел умумал малакьан риччан,**

Миркалъе гІуцІараб цурдузул цагъур.
Рагъ лъугІун исана ичІабилеб сон,
Улка камиллъараб къо жеги щвечІо.

Кидаго бицунеб коммунизмаги,
Мухтар чІаго вукІун бихьизе гьечІеб.
ХІаракатчийилан медаль кьуниги,
Майилан гъурщаца киса хинлъичІев.
Колхоз-совхозалъул хІалтІул цевехъан,
Мукъсанабго харжихъ хъизан хьихьулев.
Харил ричІчІи гІадин, бичІчІун унеб ракІ,
Рукъалъул къварилъи тІад бегун чІараб.
Къинай лъадиялъул ургъалилъе ккун,
Пириялъ бухІараб гъветІ гІадин Мухтар.
МагІил цебехъанищ, хІурул ричІчІийиш,
ХІалигъараб накІкІалъ рахчана берал.
Бахьинаб гьурмаде чІегІер бералъан
ТІинкІун унеб магІу бацІцІана заралъ.
РакІалде рачІана ращалъи гьечІеб
Рагъул авлахъалда рогьарал сардал.
Ракьалде, цІад гуреб, гулла чапулеб,
Чодрокь кьераниги, цІаялъ рухІулеб.
Цо доба гІадинаб цІа гьечІониги,
ЩІакъаб хІалго гьечІо колхозчагІазул.
Концлагерахъ гІадаб гІазабги гьечІо,
Амма гІадлу гьечІо ращалъи ккураб.
Рагъали букІана, тушман вукІана,
ВатІанин ахІи бан, холел рукІана.
Жакъа щибха бугеб, щив кколев тушман,
Щайха дун лагъ гІадин, гІумруялъ вугев.
Ханилан таж лъурав хІакимги гьечІо,
ХІарамзада вуго исполкомилан.
Лагъ вичун кваналев купецги гьечІо,
Кепалда сверулел советал руго.
Сон дица тІураб би, тІун рехараб бох,
РахІат бокьулезда бихьулеб гьечІо.
Дица тІураб гІетІухъ, гьабураб хІалтІухъ
ХІалалаб мухьги щун, вохулев гьечІо.
ГьечІо талихІалда загІипав солдат,
Совет кодоб буго дизертиразухъ.
Дол атеистазухъ, гІарзачагІазухъ,
ГІодосан рукІарал лагъзал – хъузхъузухъ.
РухІ тамах гьабизе гьоболлъухъ швараб,
Пикру бачахъине бачана зикру.
Зодил малаикал хІалайги ахІун,

**Аллагь-Аллагьилан щурана кIутбуз.**
**КIутIи хIалакараб рекIеда квер лъун,**
**Комбайин хъудизе тIамуна ццидалъ.**
**Рагъул байданалда тушбаби гIадин,**

**ГIодор тIиритIана харил тюкалги.**
**Хиялги анищги кодоса арал,**
**КарантIе шинел цIан, ракьулъ рукъарал**
**Ракьцоял васазул рухIалда цеве,**
**Зигарди загьирлъун, гIодой къулана.**
**Заман согIабилан сородулев щай**
**Щущан дунял балел сонал нахъ тарав,**
**ХъантIарал васазул сияхI дие щай,**
**ХъамалчагIаз гурищ дир вацал чIварал?!**
**«Щукру Аллагьасе, альхIамдуллилагь,**
**Жакъа ВатIаналъул гъасда вуго дун.**
**Гьабулеб дугIаги гьариги буго**
**Дунялалъул питна биччагегиян.**
**ДугIа-гьариялда пикру букIаго,**
**ВачIун цеве чIана росулъа гьудул.**
**Гьурмада щущазе гьимиги биччан,**
**Баркана инсуда яс гьаюнилан.**
**Гьеб рохеллъун ккечIо, виххун тархъана,**
**ТалихI гьанжесаги къалъичIо гьасий.**
**Гьоло гIадал гIетIул гаралги рацIцIун,**
**Мухтар чIун хутIана, хаган, балагьун.**
**– Огь, хирияв гьудул, дур хIалчIахъаяв,**
**Хабар лъикIаб гьечIо дуца бицараб.**
**БетIер борхизецин ресго гьечIев дун,**
**БетIергьанас кьечIо гьанжесаги вас.**
**Инсул цIар ахIизе рукIарал хьулал**
**Хьухьикье рахчана, ракI пашманлъана.**
**Шущан ана анищ, тIубачIо мурад,**
**Рохалий бакI течIо, щуго гIуна яс.**
**ЯхI хварав Мухтарил мугъзада кIутIун,**
**КIалгьикъун, гьудулас цо кIовокIана,**
**– Мун лъан кIалъалевищ, яги макьилъищ,**
**Гьеб дуца бицунеб рагIул сурукълъи.**
**ЙикIине йиччан те щуабилей яс,**
**Щуго вас кьуниги, цо рас кьоларей.**
**Кьолбол намус ккурай, росу чIухIарай,**
**Яс гъасда йигони, гьеб гурищ талихI.**
**Бегьилищ пашманлъун, гIодовчIван, чIезе,**
**ГIадра тIирщун буго жакъа дур ахикь.**
**ГIедегIе рокъове, рехун те хIалтIи,**

**Лайлада баркизе, каранде къазе.**
**Къан босун ккуна квер, кьуна баркала,**
**Кьижарав, вигьарав гIадин лъугьана,**
**БукIана гьурмада пашманаб рохел,**
**ПартIана ратIлида кIутIун бугеб хIур,**
**ХIалакун рехана харилаб авлахъ,**
**Хивалазулъ руго лъадиги ясги.**
**Лъалареб асаралъ ахIулев гIадин,**
**ГIедегIана Мухтар гьудул йихьизе.**
**РатичIо, дандчIвачIо росдал гIадамал.**
**Сардил гIуж букIиналъ батилин ккана.**
**Амма кавул кIалтIе гIагарлъанагIан,**
**ГIадамазул гури биццалъун ана.**
**БичIчIулареб ахIи, хIинкъараб гьаракь,**
**Гьав аскIой щванагIан рекIелъ багъана.**
**Азарго пашманаб берзул балагьи,**
**Балагь бачIун бугин хIакъикъат хъварал.**
**Хъатиниб хIинчI гIадин, сородулеб ракI,**
**Салам босулев чи гьазда гъорлъ гьечIо,**
**Гьаниб лъураб магIил магIна бичIчIичIев,**
**КIанцIана рокъове… рокъоб жаназа.**
**Жавгьарул каранда квералги сукIун,**
**Сун йиго йокьулей, кьер буго босун,**
**Бидул къатIра гьечIеб чIобогояб черх,**
**Чапун буго гIодоб мегIер кинигин.**
**Ккана накабазда лъадуда цеве,**
**Лъимер гIадин, ячун, каранде къана.**
**Къанцарал беразукь жеги бакъвачIеб**
**МагIил горо кIутIбуз нахъе бацIцIана.**
**Берцинай, хирияй, йокьун ячарай,**
**Рокьул тIугьдул гIадал, тIанчIи дий кьурай.**
**ЧIарал бусеналда ахир батарай,**
**Ахират лъикIаб кьун йохизаеяй.**
**Зобгин-ракь соролеб ахIдолеб гьаракь,**
**Гьинал ракI борлъулеб, маххул магI гIадаб.**
**Бабал гьумер лъачIеб гьитIинаб лъимер,**
**Дадал магIуялъул магIна лъалареб.**

*** * ***

**БитIккечIеб икъбалалъ талихIги гъанкъун,**
**ГъагъусакI кинигин, хутIана Мухтар.**
**Макьил низам хварал сардалги рорчIун,**
**Сверун нахъа тана таманал сонал.**
**Сипат кIочонарей рокьул цеехъан,**
**Ракьулъ юкъаниги, макьилъ яккула.**

**Ясазул аманат, гьудулин, абун,**
**Гьуинаб щуригун, щинкIун тIагIуна.**
**Щакал гIузрабаца гIазаб кьуниги,**
**ГIищкъул ятим вуго цIакъ щулаго чIун.**
**ЧIегIерал беразде ракь хъвараб къоялъ**
**Къанида цеве чIун бараб гьа буго:**
**«Гьудул, мун кIочараб къо букIинаро,**
**Къороллъиги рехун, рохел кквеларо.**
**Керен дуца кьечIеб лъимада цее,**
**Цойги гIадан дица ячине гьечIо…»**
**Гьедин, къороллъуда херлъана Мухтар,**
**ГIумру лъималазе къурбанги гьабун,**
**Къана талихIалъул кIиябго нуцIа,**
**Бичасул хIукмуян щукруги гьабун.**
**Эбелалъул борчги инсул тIалабги,**
**ТIолабго борхана гъарималгъуждуз.**
**Гъасда хьаг цIорочIо, цIам-чед камичIо,**
**Чиядаса бахъун ретIел ретIинчIо.**
**Рокьуца рехараб цIорораб бусен**
**ЩIияй бахIаралда бихьизабичIо.**
**Бесдал эбелалъул кьогIаб гьогьеналъ**
**Гьумер лъималазул кьерхине течIо.**
**ХIалимаб рекIелъа хIилмуги чвахун,**
**Чи бахилаб хIалалъ хьихьана хъизан.**
**Ана гьедин къоял, къана хабал ракь,**
**Ракьалде черх цIараб къо тIаде щвана.**
**ТIанчIи гIедегIана бусен хисизе,**
**Хассаб жиде-жидер гъансито кквезе.**
**Ана гьел росасе. Гьаруна лъимал,**
**Лъадулгун цIар гIахьал Лайла хутIана.**
**РекIел канлъи свараб сапаралъул нух**
**Мухтарий гвангъана Лайлал гьурмада.**
**Гьелъул гьими чIвалеб чIегIераб балагь**
**БачIине гурилан хIинкъун вукIуна:**
**«КIудияй гIуниги, гьитIичан тарай,**
**Дадал рекIел рохел, берцинай Лайла.**
**Бералъ йосугеги, сихIру хъвагеги,**
**Санал, бабай гIадин, къокъал кьогеги».**

*** * ***

**Унел руго сонал, гIолей йиго яс,**
**Йихьа-йихьаразул бералъ йосарай.**
**ЛъалкI гIедераб чанил рилълъин куцарай,**
**Булбул хIанчIил гIадин гьаракь гьуинай.**
**ГьитIинай йигилан гогьлъизаюрай,**

**Бесдалай йигилан кьеризайичIей,**
**КьегIерин дадаца каранде къалей,**
**Катил тIинчI кинигин недегьго йигей,**
**РекIкI жеги бихьичIей, хIилла лъаларей,**
**ХIикматаб рукъалъул ракълица ккурай;**
**Яцазул расанкIо, дадал рекIел нур,**
**Надалда убачаз еэдун толей.**
**ГIедал кьерилазулъ тIокIлъи халлъарай,**
**ТIогьол тIанчал гIадал кIутIби багIарай,**
**Бигун-рахь жубараб кьер хъвараб гьумер,**
**Гьурмал сси борхулел тIелхазул симсал.**
**Хиял тIаде цIалеб, цIвакараб нодо,**
**Сурма хъварал гIадал чIегIерал кьунсрул!**
**Хабар баккун буго мун гIун йигилан,**
**ГIищкъу рещтIунеб ах лъил рекIелъ бугеб?**
**РачIун руго васал кьейилан гьарун,**
**Гьудуллъун вищарав вугищ гъозда гъорлъ?**
**Мухтарил кавудал кверкъел рехичIел**
**ГIащикъзаби руго разилъи гьарун.**
**Магьари хIалалаб хIасил батеян,**
**ХIасрат ккарал руго рагьтIа гIемерлъун.**
**Лъимал хиралъиялъ живго кIочарав**
**Мухтар рази гьечIо гьаб хабаралда.**
**РихьахIлъун хьихьараб хIанчIил тIанчIиллъун**
**ХIеренго лъухьула ясалъул бетIер,**
**Лъалаго бахIарай рокъой гIуниги,**
**РакIалъ ахIи бала Лайла гIун гьечIин.**
**Гьелъ жеги ясикIо хъорщода лъечIин,**
**Гьелъул рогьалил цIва жеги баккичIин.**

***(Хадусеб букIине буго)***









Индекс годовой - 63333
Индекс полугодовой - ПМ962

# Гьудуллъи

*БацІцІадаб магІарул мацІ,*
*МагІнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гІадат, гІамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

